ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ИЛИМЛЕР
АКАДЕМИЯСЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР
ИЛИМ-ИЗЕРТЛЕЎ ИНСТИТУТЫ

**Х.УТЕМУРАТОВА**

# ЖАЗЫЎШЫ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ РОМАН

*(Монография)*

НӨКИС
«AVANGARD BASPA»
2026

УОК: 821.512
КБК: 83.3(5)

**Х.Утемуратова. Жазыўшы ҳәм тарийхый роман.** *(Монография)*. НӨКИС, «AVANGARD BASPA», 2026. 116-бет.

Романларда жанрлық өзгешелик, образ, прототип, көркем қыял қолланыў өзгешелиги, композиция, конфликт, автор образы, шеберлик ҳәм сюжет мәселелери бойынша пикир жүргизиледи. Тарийхый прозада А.Дюманың «Марго королева», Альфред де Виньидиң «Сен Мар ямаса Людовик XV дәўириндеги қозғалаң», Ш.Лоранның «Наполеонның тыңшысы», «Наполеонның баласы», Айбектиң «Наўайы», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер», Мухаммед Әлийдиң «Уллы салтанат», «Сәрбәдарлар», Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара»), Толқын Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд», Б.Абдугафаровтың «Султан Жалаладдин Мангуберди», Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты», К.Султановтың «Әжинияз», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны», К.Мәмбетовтың «Посқан ел», А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил», А.Султановтың «Дөҳмет», «Елим деген ер еди», Қ.Мәтмуратовтың «Лепес бай», «Болыслар» ҳәм К.Каримовлардың «Уллы дашт бөрилери», «Зардушт», «Дәрүиш», «Аға бий», «Ақ қапшық», «Бердақ» ҳәм А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» тарийхый романлары халқымызға белгили. Китап университет, институт талабалары, магистрантлар ҳәм докторантлар, әдебият мәселелери менен қызығатуғын оқыўшылар ушын оқыў қолланба сыпатында да баҳалы.

**ИЛИМИЙ РЕДАКТОР :**

**А.Утамбетова** – *филология илимлери кандидаты.*

**Пикир билдириўшилер:**

**П. Утениязов** – *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD).*
**Ш.О.Сайымбетов** – *филология илимлери бойынша философия докторы (PhD).*

Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Илимий Кеңесиниң 2026-жыл 27-март 3-сан қарары менен тастыйықланды.

**ISBN 978-9910-09-895-6**

**© УТЕМУРАТОВА Ҳ,, 2026.**
**© «AVANGARD BASPA» баспасы, 2026.**

## КИРИСИЎ

Ғәрезсизлик дәўири көркем әдебияттың раўажланыўына кең жол ашып берди. Әдебияттаныў илиминиң де ҳәр қыйлы бағдарда раўажланыўына мүмкиншилик жаратылды. Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде илим-пән, билимлендириў, мәденият ҳәм басқа да турмыс  тараўларын раўажландырыў бойынша енгизилип атырған реформалардың бағдарында қарақалпақ тарийхый романы, композициясы, сюжети, конфликти, тарийхый искерлер образының жасалыўы жазыўшылардың стиллери, жәмийетте ҳәм сиясий турмысымызда тутқан орны ҳәм әҳмийетине үлкен итибар қаратылып, оларды үйрениў бизиң алдымызда турған ўазыйпа болып саналады. Жаңа Өзбекстанда жеке адамның жәмийеттеги орны, мәҳәлле ҳәм шаңарақтағы мәселелер, инсанлардың ҳадал, дөретиўшилик мийнетлер етиўи туўралы романларда сөз етиледи.

Ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып атырған демокра-тиялық реформалар философиялық - эстетикалық ойлаў ҳәм әдебий өлшемлерде жаңалықларды жүзеге келтирди. Көркем сөзде үстемлигин орнатқан социалистлик реализм методына тийкарланған  ойлаў ҳәм пикирлеў тәризинен ўаз кешилди. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 17-февраль айындағы ПҚ-27-28-санлы «Илимлер Академиясы искерлиги, илимий-изертлеў жумысларын шөлкемлестириў, басқарыў  ҳәм қаржыландырыўды және де жақсылаў илажлары» ҳаққындағы, 2020-жыл 28-октябрьдеги ПФ-60-

97-санлы «Илим-пәнди 2030-жылға шекем раўажландырыў концепциясын жәриялаў ҳаққындағы» қарарлары ҳәм әдебият тараўына тийисли басқа да ҳүжжетлерде ҳуқықый, мәдений, руўхый-ағартыўшылықты раўажландырыўда инновациялық идеялар системасын қәлиплестириў ҳәм оларды әмелге асырыў жоллары баслы бағдары талапларына муўапық орынланды. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятында тарийхый романлар көплеп дөретилип атырғаны мәлим болады. Қарақалпақ ҳәм өзбек романларының раўажланыў бағдарлары, нызамлары, тенденциялары, формалық, идеялық-көркем өзгешеликлери, еркин дөретиўшилик шараят тәсиринде еки әдебият жазыўшыларының стиллик-услублық өзине тәнлиги ҳәм дөретиўшилигиндеги инсан машқаласының көркем анализи, талқысы ҳәм рәнбәрең образлар системасының қәлиплесиўи жәнe де улыўма миллий уйғынлықты, бирдемликти беккемлеўдеги орны ҳаққында илимий пикирлер ҳәм жуўмақлар көрсетиў талап етиледи.

XX әсир 1960-жыллардан баслап қарақалпақ әдебиятында жазыўшылар А.Бегимовтың «Балықшының қызы», Ж.Аймурзаевтың «Әмиўдәрья бойында», Ө.Айжановтың «Арал қушағында», Т.Қайыпбергеновтың «Соңғы ҳүжим», «Қарақалпақ қызы», «Маман бий әпсанасы», К.Султановтың «Ақдәрья», «Әжинияз» ҳәм А.Бекимбетовтың «Гүрес» сыяқлы бирнеше романлар избе-из дөретиле баслаған. 1967-жылы «Әжинияз» тарийхый романы баспадан китап болып оқыўшыларға усынылды. Соның ишинде К.Султановтың «Әжинияз» биографиялық шығармасы ҳәм «Маман бий әпсанасы» тарийхый темада биринщилерден жазылған туўындылар болып есапланады. Өзбек ҳәм қарақалпақ жазыўшыларының бир-биринен тәжирийбе үйренгенлиги,

А.Қәдирий сыяқлы көркем сөз зергериниң мийрасы бәримиз ушын үлги сыпатында орны айрықша екенлиги, образлар жасалыўда, сюжет дүзиўде, композиция ҳәм конфликт мәселелеринде изленислер, аўдарма тараўындағы табыслар мәлим болады. Өзбек ҳәм қарақалпақ илимпазлары А.Қаюмов, Қ.Йулдаш, И.Ёқубов, Н.Азизов, Н.Нурматов, Қ.Оразымбетов, Қ.Юсупов, М.Бекбергенова, П.Нуржанов, А.Алламбергенов, Г.Бегмуратова, Ж.Қаниязова ҳәм З.Бекбергеновалар бул дәўирде дөреген тарийхый романларды әдеўир изертледи. «Қарақалпақ филологиясының мәселелери» атлы илимий семинар топламында әдебиятшы З.Бекбергенованың «Роман ҳәм тәлим-тәрбия мәселеси» атлы илимий мақаласында тарийхый романлар туўралы айтады. Шынында да, әдебияттың барлық жанрлары, соның ишинде роман жанры жаңа мүмкиншиликлерди кеңнен пайдаланды. Жәҳән әдебияттаныў илиминде тарийхый романларды үйрениў бойынша алып барылған монографиялық изертлеўлерде образларына, сюжетине, композициясына, конфликтине, көркем стильлерге, дереклерге тийисли көзқараслар ҳәм илимий пикирлер билдирилген. Тарийхый романларда прототиплер тийкарында образлар жасалыўы ҳәм миллий характер мәселеси бойынша дүнья жүзилик әдебият көлеминде пикирлер билдирилгенлиги мәлим. Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларының раўажланыўында миллий характер жасалыўына да пикирлер көрсетиў талап етиледи. Миллий өзгешелик бойынша илимпазлар бир қатар пикирлер көрсеткенлиги мәлим. Көркем прозада образлар дөретиў мәселелери айрықша қызықтырады. Образ, сюжет, композиция, конфликт жасаўда көркем сөз зергерлериниң поэтикалық шеберлиги мәселесин үйрениў талап етиледи.

Қарақалпақ ҳәм өзбек романларының раўажланыўтенденциялары, формалық, идеялық-көркем өзгешеликлери, еркин дөретиўшилик шараят тәсиринде еки әдебият жазыўшыларының услублық өзине тәнлиги ҳәм дөретиўшилигиндеги инсан машқаласының көркем талқысы ҳәм рәнбәрең образлар системасының қәлиплесиўи жәнеде улыўма миллий бирдемликти беккемлеўдеги орны ҳаққында илимий пикирлер ҳәм жуўмақлар көрсетиў талап етиледи. Өзбек ҳәм қарақалпақ жазыўшыларының бир-биринен тәжирийбе үйренгенлиги, А.Қәдирий сыяқлы көркем сөз зергериниң мийрасы бәримиз ушын үлги сыпатында орны айрықша екенлиги, образлар жасалыўда, сюжет дүзиўде, композиция ҳәм конфликт мәселелеринде изленислер, аўдарма тараўындағы табыслар мәлим болады.

Дүнья жүзилик әдебиятта тарийхый романлар дөретилиўи узақ тарийхқа ийе. Әсиресе, инглис, француз тарийхый прозасында көп ғана шығармалар жәҳәнге белгили. Ҳәзирги заман сырт ел тарийхый романларын изертлеген алым А.Г.Баканов дөретпелерде сюжетлердиң фантастикалық сыпатқа ийе болатуғынлығын, демек, фантастиканың орнын айрықша қубылыс ретинде белгилейди[1]. Чех прозаиги В.Неффтиң «Корольлардың аяғы болмайды», «Борджианың жүзиги» ҳәм «Гөззал сыйқыршы» деп аталыўшы үш китаптан ибарат трилогиясында XVII әсир тарийхы фантастикалық сюжетке айландырылғанын атап өтеди. А.Г.Баканов норвег жазыўшысы К.Альнестиң «Океан ийеси ҳәм теңиз қулы», «Қашқан корольлар кейнинен», америкалы жазыўшы М.Жаардың «Periштелер-

[1] **Баканов А.Г.** Современный зарубежный исторический роман.- Киев:Выща школа, 1989.-384 с.

жəллатлар», французлар П.Гомердиң «Жетпис еки қуяшлы күн», Р.Мерльдиң «Франция тəғдири», инглис тарийхый прозасы ўəкили Д.Стюарттың «Дөңгелек мозаика», немец əдебиятында Р.Хоххуттаның «Германия муҳаббаты» тарийхый романларының сюжетлеринде қосымша бағдарлар раўажланыўы нызамын белгилеп өтеди.

Жаңа Өзбекстанды қурыў ҳəр биримиздиң ўазыйпамыз саналады. Əсиресе, жаслардың мийнети айрықша есапланады. Ғəрезсизлик жылларында əмелге асырылып атырған демократиялық реформалар философиялық-эстетикалық ойлаў ҳəм əдебий өлшемлерде жаңалықларды жүзеге келтирди. Дүнья жүзилик əдебиятта тарийхый романлар дөретилиўи узақ тарийхқа ийе. Əсиресе, француз тарийхый прозасында көп ғана шығармалар жəҳəнге белгили. Ҳəзирги заман сырт ел тарийхый романларын изертлеген А.Г.Баканов тарийхый дөретпелерде сюжетлердиң фантастикалық сыпатқа ийе болатуғынлығын айрықша қубылыс ретинде белгилейди[2]. Өзбек ҳəм қарақалпақ тарийхый романларында тийкарғы сюжет пенен бирге қосымша сюжетлик бағдарлар да ушырасады[3]. Өзбек ҳəм қарақалпақ тарийхый романлары сюжетинде фантастикалық сюжетлер раўажландырылыўы келешектиң иси саналады. Француз əдебиятында А.Дюманың «Марго королева», Альфред де Виньидиң «Сен Мар ямаса Людовик XIII дəўириндеги қозғалаң» ҳəм Ш.Лоранның «Наполеонның тыңшысы» ҳəм «Наполеонның баласы» тарийхый романларында тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айландырыўда ҳүжжетли дереклердиң орны, образлар жасалыўы, сюжет қурылыўы, композиция, көркем

---

[2] **Баканов А.Г.** Современный зарубежный исторический роман.-Киев:Выща школа, 1989.-384 с.

[3] **Қайыпбергенов Т.** Маман бий əпсанасы. –Қарақалпақ дəстаны.-Нөкис:Қарақалпақстан,1979.1 том, 498 бет. Бахытсызлар.2-том, 372 бет. Түсиниксизлер.-3-том,456 бет.

қыялдың пайдаланылыў шегарасы, көркемлеў қуралларының қолланылыўы ҳәм конфликт мәселелери, италиялы көркем сөз устасы Д.Рафаэллоның «Спартак» атлы романында поэтикалық шеберлик мәселеси туўралы сөз етиўимиз керек болады[4]. Тарийхый қаҳарманлар хызметлери ҳәм олардың қарама-қарсылықлы образлары ҳаққында илимий мийнетлер де көпшиликти қурайды. Шынында да, бул тарийхый темада дөретилген туўындыларда прототиплер тийкарында образлар көркем жасалды.

Бизиң жумысымызда төмендеги ўазыйпаларды шешиў талап етиледи:

-Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында жазыўшылардың көркемлик изленислерин, поэтикасын ашып бериў; образ, сюжет, конфликт ҳәм композиция қурыў мәселелерин анализлеў;

-Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый прозасының тенденция - бағдарларын анықлаў; раўажланыў нызамларын үйрениў; ҳүжжетли дереклердиң романларында қолланылыў өзгешеликлерин белгилеў;

-Портретлер, пейзажлар, сатира, ирония, гротеск ҳәм көркем детальлардың тарийхый романларда тутқан орны ҳәм әҳмийетин айқынластырыў талап етиледи;

- Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында жазыўшылардың дөретиўшилик хызметлерин анықлаў;

-Жазыўшылардың жеке услублық өзгешеликлерин үйрениў.

[4] **Баканов А.Г.** Современный зарубежный исторический роман.- Киев:Выща школа,1989-184 с.

## РОМАНЛАРДЫ КЛАССИФИКАЦИЯЛАЎ

Классификация мәселесинде илимпазларымыз да бир қанша пикирлер көрсетилгени белгили. Жанрлық-стильлик жақтан раўажланыўлар роман жанрында айрықша көзге түсти. Тарийхый романлар, тарийхый-биографиялық, ҳүжжетли, психологиялық романлар, роман-эсселер, мистико-фантастикалық романлар, роман-мемуарлар ҳ.т.б.дөретилди. Өзбек илимпазы И.Ёқубов романларды изертлеў бойынша мийнетлеринде романның жанрлық өзгешелиги мәселесине дыққат аўдарып, роман-диалоглар, мини-романлар, роман-мемуарлар дөретилгенлигин атап өтеди[5]. Ҳақыйқатында да, илимпаз атап өткен романның жанрлық түрлери пайда болғанлығы сөзсиз.

Филология илимлериниң докторы З.У.Бекбергенова 2009-жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими «Хабаршы» журналының 4-санында 109-111-бетлерде жәриялаған «Қарақалпақ әдебиятында повесть жанры ҳәм оны изертлеўдиң айырым мәселелери ҳаққында» илимий мақаласында повесть жанры ҳаққында теориялық пикирлерин айтады, повестьлердиң тарийхый, өмирбаянлық, ҳүжжетли, мемуарлық, сатиралық, фантастикалық, автобиографиялық түрлери бар екенлигин билдиреди (110-бетте). Қарақалпақ прозасында атап өтилген повестьлер үлгилери ушырасады. Повесть жанрына илимпаз бул илимий мийнетинде анықлама береди. Қарақалпақ прозасында да роман-диалог, мини-роман, фантастикалық, мистикалық, психологиялық, ҳүжжетли ҳәм тарийхый кинороманлар жаратылды. Өзбек жазыўшысы Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара»), Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты», Толқын

[5] Умр ва ижод мактаби- Тошкент, 2021.- 21 –бет.

Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд», К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери», «Зардушт», «Аға бий», «Аққапшық. Аға бий», «Дәрўиш», «Бердақ», А.Султановтың «Елим деген ер еди» ҳәм А.Әбдиевтиң «Өмир, өлим ҳәм өмир» атлы дилогиясының «Әййемги қарақалпақлар» атлы биринши китаплары жарық көрди. Буларда прототиплер тийкарында образлар жасалыўы, сюжет раўажландырылыўы, көркем ўақыт, мәкан, конфликт, көркем қыялдың қолланылыўы ҳәм композиция дүзилиўи сыяқлы мәселелерди үйрениў талап етиледи.

## Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында прототип ҳәм образ жасаў мәселелери

Жаңа Өзбекстанды қурыў ҳәр биримиздиң ўазыйпамыз саналады. Әсиресе, жаслардың миннети айрықша есапланады. Ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып атырған демократиялық реформалар философиялық-эстетикалық ойлаў ҳәм әдебий өлшемлерде жаңалықларды жүзеге келтирди. Образ, сюжет, композиция, конфликт жасаўда көркем сөз зергерлериниң поэтикалық шеберлиги мәселесин үйрениў талап етиледи. Әлбетте, романлардың көркем текстлерин оқып шығыў, бир неше мәртелеп қайталап оқыў, таллаў, басқа көлемли шығармалар менен салыстырыў, бул мәселелердиң барлығы изертлеўшилерден үлкен жуўапкершиликти талап етеди. Тилекке қарсы, айырым теориялық мәселелер еле өз шешимин таўа алмады. Өзбек әдебиятында бул жыллар романлардың раўажланыўы менен белгили болды. Белгили көркем сөз усталары менен бирликте жаңа бууын ўәкиллериниң де көлемли шығармалары жарық көрди. Өзбек

ҳәм қарақалпақ тарийхый романларының сюжет қурыўда, образлар жасаўда, конфликтти дүзиўде, композицияны раўажландырыўда байланыслары туўралы илимий пикирлер талап етиледи. Прозаик Музаффар Мырзаның романында бас қаҳарман сыпатында өзбек әдебиятының классиги Әлийшер Наўайының образы жаратылады. Шайыр образын жасаў бойынша тарийхый романларда тәжирийбелер қәлиплескен. Айбектиң «Наўайы» романында, М.Әўезовтың «Абай жолы» ҳәм П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» атлы тарийхый темаларда жазылған романларында уллы шайырлардың өмирине ҳәм дөретиўшилигине байланыслы дереклер көркем сәўлеленеди.

Уллы көркем сөз зергерлериниң мийраслары ҳәр бир жазыўшы ушын образ дөретиўде ҳәм романлардың сюжетлерин раўажландырыўда хызмет етеди. Дүнья жүзилик әдебиятта тарийхый романлар дөретилиўи узақ тарийхқа ийе. Әсиресе, француз тарийхый прозасында көп ғана шығармалар жәҳәнге белгили. Француз әдебиятында А.Дюманың «Марго королева», Альфред де Виньидиң «Сен Мар ямаса Людовик XIII дәўириндеги қозғалаң» ҳәм Ш.Лоранның «Наполеонның тыңшысы» ҳәм «Наполеонның баласы» тарийхый романларында тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда ҳүжжетли дереклердиң орны, образлар жасалыўы, сюжет қурылыўы, композиция, көркем қыялдың пайдаланылыў шегарасы, көркемлеў қуралларының қолланылыўы ҳәм конфликт мәселелери, италиялы көркем сөз устасы Д.Рафаэллоның «Спартак» атлы романында поэтикалық шеберлик мәселеси туўралы сөз етиўимиз керек болады. Тарийхый қаҳарманлар хызметлери ҳәм олардың қарама-қарсылықлы образлары ҳаққында илимий мийнетлер

де көпшиликти қурайды. Шынында да, бул тарийхый темада дөретилген туўындыларда прототиплер тийкарында образлар көркем жасалды. Әсиресе, Спартак образы шебер жаратылды. Наполеон туўралы да көп санлы көркем дөретпелер мәлим. К.Мәмбетовтың «Посқан ел» эпопеясында Едиге батырдың алтыншы әўладларынан бири Сүйинбийке Юсуп қызының образы бул романда «Сүйинбийке сулыў» деп аталған бапта сөз етиледи. Сүйинбийкениң портрети шебер жасалады, ол жуўабый қыз болғаны да белгиленеди. Сүйинбийке сулыўды узатыў ўақыялары романларда сәўлеленеди.«Өтемис герей», «Халық қозғалаңы» бапларында да бул персонаж ҳаққында сөз етиледи. Сүйинбийкениң портрети жасалыўы ҳаққында алым З.Бекбергенова илимий мийнетлеринде сөз етти.[6] Сүйинбийке сулыў менен Жумамурат батыр арасындағы ўақыялар да көркем қыял көмегинде сүўретленеди. Сүйинбийкениң Қазан патшасы болыўы, оның күйеўин - Жанәлийди Юсуптиң өлтириўи, Сүйинбийкениң улы Өтемис пенен Москваға жиберилиўи, Шахәлийдиң Сүйинбийкени жазалыўы сыяқлы ўақыялар романда сүўретленген.[7] Демек, жазыўшы фантазиясынан дөреген ҳәм көркем қыялдан жасалған образлар да романларда айрықша хызметке ийе болып келеди.

Образлардың жаратылыўында жазыўшының көркем қыялы табыслы ислетилгенлиги белгили болады. Бул К.Мәмбетовтың поэтикалық шеберлигинен дерек береди. К.Мәмбетовтың «Посқан ел» эпопеясында Ысмайыл, Юсуп, Сүйинбийке, Тынахмет, Орысбек, Орманбет сыяқлы тарийхый тулғалар образлары жаратылды. Соның менен

---

[6] **Бекбергенова З.** Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы.- Нөкис:Илим,2015.205 бет.

[7] **Мәмбетов К.** Посқан ел.- Нөкис:Қарақалпақстан,1988.-564 бет.

бирге, Елмурат шешен, Тағаймурат, Ҳәким, Аманлық ҳәм Жийенбек образлары дөретилиўинде бул тарийхый искерлер образлары берилиўинде жазыўшы басқаша жол тутқаны мәлим болады. Елмурат шешен образы жаратылыўында фольклордағы Жийренше шешен образы тәсир еткенлигин белгилеўге болады. Профессор С.Баҳадырова қарақалпақ тарийхый романының мәселелери бойынша кең түрде сөз етеди. К.Султанов-тың «Әжинияз», К.Мәмбетовтың «Посқан ел», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» («Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер»), О.Бекбаўловтың «Беруний»[8], «Владимир Қарақалпақов», А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил», А.Султановтың «Дөҳмет», «Ел перзенти», «Наҳақтан төгилген қан», Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай», К.Каримовтың «Аға бий», «Уллы дашт бөрилери», «Ақ қапшық»[9] ҳәм «Дәрўиш» атлы тарийхый темадағы романлары белгили. С.Баҳадырова К.Мәмбетовтың «Посқан ел» ҳәм А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романлары ҳаққында пикирлерин анық билдиреди. Тарийхый романлардағы сюжет, конфликт, композиция ҳәм образлар жасалыўы мәселелери бойынша өз пикирлерин көрсетеди. Илимпаз С.Баҳадырова К.Мәмбетовтың «Посқан ел»

---

[8] **Бекбаўлов О.**Беруний.-Нөкис:Қарақалпақстан,1977.-240 бет. Мәмбетов К.Посқан ел.-Нөкис: Қарақалпақстан,1988.-бет. Мәмбетов К.Түркстан.-Нөкис:Қарақалпақстан,1992.-212- бет.Султанов К.Әжинияз.-Нөкис,Қарақалпақстан,1967,267 бет. Мәмбетов К. Посқан ел.-Нөкис,Қарақалпақстан,1988,368 бет. Қайыпбергенов Т.Қарақалпақ дәстаны.-Нөкис, Қарақалпақстан,1979.496 бет. Бекбаўлов О. Владимир Қарақалпақов. Нөкис,Қарақалпақстан,1987.178 бет. Султанов А.Дөҳмет.- Нөкис,Билим,2008, 160 бет.

[9] **Бекбаўлов О.** Беруний.- Нөкис: Қарақалпақстан,1977,240 бет.4. Бекбаўлов О. Владимир Қарақалпақов.-Нөкис: Қарақалпақстан,1987.178 бет. Каримов К. Уллы дашт бөрилери.-Нөкис,Билим,2014,280 бет.

тарийхый эпопеясында сюжет қурыў мәселелери ҳаққында пикирлерин билдиреди: «Романда тарийхый факт, ўақыя, тарийхый адамлар жүдә көп бериледи.XV-XVI әсирлердеги, ҳәтте оннан да үш-төрт әсир илгерилеги қарақалпақ халқының тарийхына байланыслы айтылатуғын тарийхый адамлардың атлары барлығы бар.Улыўма роман тарийхый фактқа бай, бирақ усы бай материал автордың тийкарғы идеясын алып жүриўши жазыўшы сыпатында тарийхқа жәмийетлик-сиясий, философиялық көзқарастан анализ ислеўге (таллаўға-У.Х.) жол бермей, қысып турған сыяқлы».

Қарақалпақ тарийхый романларында кейинги жыллары сюжет ўақыялары дәстүрий усылда избе-из баянланбастан, еске түсириўлер ямаса қаҳарманның ишки кеширмелери, көз алдына келтириўлери, ядқа алыўлары, толғаныслары ҳәм руўҳый ҳалатлары арқалы әмелге асырылады. Тарийхый романларда ҳүжжетлер болыўы, ҳақыйқый қаҳарманлар ҳәрекет етиўи, тарийхыйлық, сюжет тарийх шынлығы тийкарында урылы тәризли өлшемлер негизги орында турады. Романларда тарийхый тийкарларының ҳүжжетлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе саналады. Қарақалпақ тарийхый романының изертлениўи мәселелери әдеўир қурамалы есапланады. Себеби, тарийхый проза өз раўажланыўы жолына, дәстүрине, нызамлылықларына ийе саналады, тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда,романлар композициясын,сюжетлерин раўажландырыўда, образлар жасаўда ҳәр бир жазыўшы өзинше жол тутады. Жазыўшының фантазиясы тарийхый шығармада баслы орында турады. Солайынша,тарийхый прозада образлар жаратылыўы мәселеси қурамалы есапланады. Абдулла Қәдирийдиң «Өткен күнлер» тарийхый романынан баслап Айбектиң «Наўайы»,

Ә.Яқубовтың «Улуғбек ғәзийнеси», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер», «Хумаюн ҳәм Акбар» («Әўладлар даўаны»), Я.Илёсовтың «Соғдиана», М.Қариевтиң «Спитамен», Мухаммед Әлийдиң «Сәрбәдарлар», Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты», Толқын Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд» ҳәм де Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара»), К.Каримовтың «Бердақ», «Уллы дашт бөрилери», «Зардушт», «Аға бий», Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес.Лепес бай», «Болыслар», А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» дилогиясы ҳәм де Ҳ.Өтемуратованың «Шырағым», «Тумарис», «Патша Тумарис» атлы тарийхый темаларда жазылған көлемли шығармалары жәрияланды.[10] «Тумарис ҳәр күни азанда жақсы тилеклер тилейди. Елим-журтым-улысымыз аман-саў болғай? Жыйнаған-тергенлери удайы тойларға жумсалғай? Тапқан-тутқанлары шадлықларға буйырғай? Татыўлық-тынышлық, аўызбиршилик, тоқшылық, молшылық, абаданшылық болғай? Ҳәмманиң кеўлине түйген нийетлери иске аса бергей? Ең баслысы, бәршениң дени саў болғай? Ол төсек тартып жатырған наўқасларды аяп кетти. Ол адамның кеўли қупыялығын, мәргиялы екенлигин туйып қойды. Кеўил мүлки кийели екен. Анаў-мынаў қақаңлағанларды оған жолатыўға болмас. Жеңилтек-ушқалақларды да жақынластырмағайлы. Тек нәзик сезимлерге шайдаларға қулақ салайық. Ол ҳәр бир

[10] **Қодирий А.**Ўткан кунлар.- Тошкент: Ғафур номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1994.- 656 бет. Айбек . Наўайы.- Тошкент:Ўздавнашр,1948. Якубов Я. Улуғбек ғәзийнеси. – Нөкис:Қарақалпақстан, 1983.- 346 бет. Қодиров П. Юлдузли тунлар.- Тошкент:Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, 1988.- 448 бет. Музаффар Мирзо. Шам ва шамшир.- Тошкент:Знак, 2019, - 381 бет..Каримов К. Бердақ.- Ташкент:Адабиёт, 2025.- 320 бет. Уллы дашт бөрилери.- Нөкис:Билим, 2014.-280 бет. Аға бий.- Нөкис:Билим, 2017.-436 бет.Әбдиев А.Әййемги қарақалпақлар.- Ташкент:Елнурпринт, 2025.-248 бет.

заманласының тойлардың төрлеринде жүриўин тилер, адамлар аманшылықта, тынышлықта, баўыры пүтин, йошланып, ықласланып жүриўин қәлер. Келешек жас жеткиншиклерим, сизлердиң той-тамашаларыңызда биргеликте болғаймыз деп тилек етер, сонда өзи де болашақ үрим-путақлары менен күлип-ойнап, жайнап жүргенин ойлар еди. Қыялпаразлық еткенине күлкиси қыстар. Бул өзиниң нәрестедей - сағыйрадай ой-қыяллар жетегинде ғарқ боларын билер. Өтмишке де ойларында қайтар, бир тыма өспирим қызалаққа айланар, жайдақ тай минип, ала-қуйын шаўып жүрер. Түйелер тодасын, сыйырларды айдап, қуўып жүргенлери есинде. Қыялларым, ушқыр қаназатларым, ойларым, сизлер әсирлер – заманлар үстинен ушып өтип, мени келешектеги әўладларым менен дийдарластырарсызлар. Айқумар ақлығының басып-көклеп келиси оның шийрин ойларын пыт-шыт бузып жиберди». «Тумарис адамлардың майда-шүйде есап-китаплары уллы сезим-туйғылардың өлтириўшиси екенлигин анық биледи. Бул өмиринде бундай ўақыяларды көп көрген. Талай-талай еки аяқлылар менен ислес болды, қаншадан-қанша оған өтиниш-тилек, илтимас пенен келди, бәрин билген. Ол нешше нәмәртлердиң айтқан сөзи басқа, иси екинши түрли екенлигин көрген. Жүзегөйлердиң өз мәпин ойлап, өзгелерди қан қақсатқанының гүўасы болған, бул турмыста нелер болмайды дейсең? Жан алып, жан берген урысларда - саўашларда қаншама мәртлер менен жолдас болған. Толыбай батырдың қаҳарманлығы, ерлиги елеге дейин ядынан түспес. Көкиреги арбадай ғошшақ алыспақларда рахийплерди қазық қылып қағып жиберер айбарлы еди. Бақберген батыр ше? Оның айтқан сөзлери де ядында турыпты. Нуратдин көз қуртын аларлық сымбатлы жигит еди. Жетимликтен жетилген

Сәрсенбай не? Гүрес тутқанда жигитлерди, Ермагамбет, Парахатларды телпек қурлым көрмей шыңғытар Нурбийке нәзелим ше? Мудамы күлип жүрер Шолпан, Манар, Бийбажар,Әзийза буның менен заманлас емес пе еди? Ол аўыр, жетимсиреген ойларға берилди. Ҳәзир ел-журт-улыс тәғдири сынға түскен пайытта ҳеш нәрсеге алаңламай, бар ой-дыққатын қанкусқыр душпан-жаўларды ныпқыртлаўға қаратпақ керек болады. Бул алыс саўашлардан –урыслардан адамларыңды тири алып шықсаң – сол сениң үлкен жеңисиң саналады. Сениң адамсымақлардың арзымас есапларына қарап отырыўға ҳақың жоқ, сен ел – пуқара – журт – халық – улыс келешегин ойла! Сен болашақ әўладлар алдында жуўапкерсең! Ертеңгисин аман қалғанлар сеннен сорайды, талап етеди. Бул иплас-нәкаслардың аты-жөнлери тарийх шаңғытына көмилип, аты-ҳаўазасы тухымқурт болып кетер. Саўашларда есап-сансыз жаўларды тоқтатыў жөнинде ойлан. Қәйткенде аз санлы жаўынгерлери менен соншалық қара думан қанишер ғәниймлерге тойтарым берер? Урыс-керис-жулысларда өзгеше ҳийле қолланбақ дәркар. Ол алтын тажлы басын ийип қалды. Айқумарға бәрибир, ол рухсат күтпей, есик ағасын ҳай-ҳайлатып қышқыртып, жуўырысы менен секелеклеп кирип киятыр». «Тумарис» тарийхый - фантастикалық романнан үзинди: «Тумарис айнадан соғылған зәўлим жайларға ҳайран болып турар еди. Қызыллы-жасыл, көк -көмбек, сарғыш, ақшыл, ҳәр қыйлы реңлер таўланып, адамның көзин қамастырады. Бийиклигине көз жетпес. Қуслардың мәканы болған зәңгир аспанда қабат-қабат имаратлар пайда болған ба? Турқы тутқыштай әсбаплар адамлардың алдында. Ашық айнадан зуўлап ушқан көликлер көзге тасланады. Адамлардың тиллери сәл түсиниксизлеў ме?

Ҳәзирги әўладларының тиллеринде уғымсыз гәплер оғыры көп ушырасады. «Компьютер», «гаджет», «ушар такси», «самолёт», «телевизор», «телефон» деген сөзлер түсиниксиз бе? Тумарис төменде – көшелерде жүрген адамларға ҳайран болып тигилди. Олардың ҳәр қайсысының қолларында турқы тарақтай темир әсбаплар, күлисип, өзли-өзи сөйленип баратырғанлары да сол буйымды қулақларына тутар, бул болса аң -таң. Кийген кийимлери де өрескил, еркек пенен нашардың кийимлери уқсап кетеме-аў, бәршеси келте ыштан менен жеңи жоқ жуқа көйлек пе, бир бәле кийген. Шашларын ийинлерине жайып жиберген. Бунық жүреги суў ете қалды. Массагетлердиң төмен етеклиси азаларда – қайғыларда қос өримлерин тарқатар, сол азап-уқыбетли күнлер есине түсип кетти. Бул да күйеўи өлгенде бурымларын жаздырып, шашын жайып жиберген еди. Тәўбе, Тәңриталалар сақлағай? Ол жағасына түпиринди. Қолында беккем алтын қылышын услап, ол айнабәнт жайдың ишинде өрли-ғурлы гезе баслады. Барлық затлар бийтаныс сыяқлы. Келешекте шийше ыдыслар үрп бола ма дедим? Шәйнеклери де, кесасы да, услап-тутқанларының бәриси жылтырап турыпты. Астақтадан үлкенлеў нәрсе – қаралар да көзге тасланады. Ылғый жансыз нәрсе – қаралар ма? Бирден қапталдан жарық пайда болып, аныға қапы ашылып, изли-изинен адамлар кирип келди. Олар Тумариске қарап онша таңланбады. Бул тыйығы қолында, оларды душпан пәмлеп, таярланып еди, олардың бийпәрўалығы көринип турыпты.- Киноға алып атырсызлар ма?-деди жиңишке ҳаўазлысы, оның нашарзатына дерек екени даўсынан мәлим. Екиншиси жуўан лапызда екен. – Урыс туўралы фильм бе дедим, саўыт, қурал-жарақлар саз!-деп күлимсиреп қойды». Жазыўшы көркем қыялынан дөретилген қаҳарманлар белгили көркем-эстетикалық, поэтикалық хызмет атқарады.

Жазыўшы ҳәр бир ҳүжжетли дерекке дыққат пенен қатнас жасайды. Солай етип, көркем сөз шеберлери өз тарийхый темадағы туўындыларында дөретиўшилик пенен қатнас жасап, шығармаларының атамаларын сайлағанлығына гүўа боламыз. Т.Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы» трилогиясында екинши китабының атамасы «Бахытсызлар» деп бериледи. Бунда жазыўшының Абдулла Қәдирийдиң «Өткен күнлер» романынан атамалар қойыў тәжирийбелеринен үйренгенлиги мәлим болады. К.Мәмбетовтың «Посқан ел» романында да усы тәжирийбениң излерин байқаўға болады. Роман сюжетиндеги Асқардың бир гүзе алтын таўып алыўы ҳәдийсеси ертеклердеги сыяқлы қызықлы. Қарақалпақ халық ертеклеринде де қаҳарманның алтын таўып алыўы ўақыясы көп бериледи.Роман сюжетинде бул ўакыя әҳмийетли, себеби Асқар байлығын халық ушын сарплайды. Халмурат бай бул романда өз мәпин ойлайды. Асқардың дәслеп жоңышқа тукым сатып алыўы, Қулымбет болыстан пул қарыз алыўы, Қулымбет пенен Дәрьябайдың қыянеткерлиги, Еркинбай образлары оқыўшыларды жалықтырмайды. Биринен-бири қызық ўақыялар изли-изинен бериледи.Асқардың характериниң қәлиплесиўи көрсетиледи. Беркинбай образы да нағыз дийқан сыпатында берилген.Оның узақ ўақыт айдаўда болыўы оқыўшыларда аяныш сезимлерин пайда етеди. Дәўлетияр образы да өзгеше жасалған. Қарақалпақ халқының турмысында арық ақсақаллардың орны әҳмийетли болған. Ҳәр бир қаҳарманның жеке өзгешелигин жазыўшы дурыс белгилейди. Қыз-жигитлер отырыспасы да қызықлы эпизодларға айналдырылған. Жазыўшы көркем қыялы көмегинде сол дәўир келбетин сызады.Қаҳарманлардың портретлери де көрсетилген. Бирақ, соны айтып өтиў керек,

гейде қаҳарманлардың портретлери дым созылып кетеди, бул оқыўшыны жалықтырып жибереди. Ҳәр бир персонажға портрет берилиўи шәрт емес. «Уллы дашт бөрилери» атлы тарийхый роман бул «Аққапшық» романынан өзгеше жазылған.Бул роман майда темаларға бөлинген. Мысалы, «Зыярат ҳәм қурбанлық» К.Мәмбетовтың романлары сыяқлы темаларға бөлингени унамлы қубылыс. Күлтегин, Мугылян, Билге, Жоллытегин, Будынлы, Тоныкөк образлары оқыўшылардың есинде қалады. Ески түркий жазыўлар, Орхон-Енисей жазыўлары, жазба естеликлери туўралы илимпазлар көптен берли илимий мийнетлер дөретип келмекте. К.Мәмбетов, Ж.Хошниязовтың китапларында да бул естеликлер ҳаққында көп айтылады. Қазақ илимпазларының мийнетлери де белгили. Романда Қытай халқы менен қарым-қатнасықлар тарийхына да тоқталады.Билге қаған образы да дараластырылып берилген. Әсиресе, Тоныкөк образы айрықша дыққатқа миясар. Күлтегин образы да жанлы инсан сыпатында жасалған. Мэй ханым образы да қызығыўшылық пайда етеди. Образлардың ҳәр бириниң жеке белгилерин көрсетиўге жазыўшы күш салады. Бул жазыўшының шеберлигинен дерек береди. Тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда жазыўшының көркем қыялы белсенди ислетилген. Әййемги бабаларымыз - Күлтегин,Тоныкөк, Елтерис образлары қайталдан оқыўшыларға қайтты, ХХ1 әсирдеги әўлады менен китап бетлеринен сырласпақта. Уллы түрк қағанатлығы деген түсиник бар еди, тарийхшы илимпазлардың мийнетлеринен ғана мағлыўматлар алар едик, енди көркем шығармаларда олардың образлары дөретилди. Уллы бабаларымыз өзлериниң мәртлик ислери менен бүгинги әўладларын руўхландырады. Бунда әдебияттың тәрбиялық хызмети үлкен.

Тарийх ҳәм әдебият өз-ара тығыз байланыслы. Тарийхый прозадағы көркем шынлық жазыўшының көркем қыялы менен тарийхый шынлықтың бирикпесинен ибарат екенлигин тарийхый романды изертлеўшилер көп қайталаған. Қарақалпақ ҳәм өзбек тарийхый романларының жанрлық өзгешелигине дыққат қаратыў керек болады. Жазыўшы Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» атлы трилогиясында фольклорлық дәстүрлер менен бирге дүнья жүзилик әдебияттағы тарийхый шығармалар жазыў дәстүрлеринен жаңашыллық пенен пайдаланды. Трилогияның биринши китабы «Маман бий әпсанасы» романын жазғанда, аңызлардан ҳәм шешенлик сөзлерден, рәўиятлардан пайдаланады. Прозаик К.Мәмбетов «Посқан ел» эпопеясында сол дәўир тарийхый шынлығы тийкарында сюжетти раўажландырады. Әййемги сак-массагетлер шыққан Тумарис ҳәм Шырақ – Орайлық Азияда жасаўшы халықлардың қаҳарманлық көрсеткен образлары есапланады. Өзбек жазыўшысы Миркәрим Асимниң «Тумарис» атлы қыссасы да қарақалпақ оқыўшыларына кеңнен мәлим[11]. Бул қыссада Тумаристиң келин түсириў тойы - Зарринаның Тумаристиң улына турмысқа шығыў тойы сәўлеленеди, демек бас қаҳарманның егеделик дәўирлери қәлемге алынады, Кир менен урыс – саўашлар сәўлеленеди. Өзбек көркем сөз шебери Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты» атлы тарийхый роман-эссесинде Тумаристиң туўылыўынан баслап сүўретленеди. С.Баҳадырованың повести де көркем жазылған. Тумаристиң ана сыпатындағы келбети шебер ашылған. Ә.Абдиев та «Өмир, өлим ҳәм өмир» атлы дилогиясында оның ата-аналары тәғдирин, Тумаристиң дүньяға келиўи тарийхын көркем қыял жәрдеминде көрсетеди. Көркем қыялдан қаҳарманлар жасалады ҳәм олардың

[11] **Осим М.** Широқ.–Тошкент: Ёзувчи, 1995.-208 бет.

исм-жөнлерин белгилеўде Өзбекстан Халық шайыры Б.Генжемуратовтың «Қар Алп Ақ» поэмасының орны гиреўли болғанлығын айтып өтиў орынлы. Тарийхта жасап өткен Тумарис, Спарганиз ҳәм Кир – Қайруш образлары менен биргеликте персонажлар сыпатында Қаратас – Қайрақ, Ай Алпын, Урхан баба, Қуяш аналық, Қаракөз, Пиржан, Буўрахан, Айшолпан ҳ.т.б. бул «Өмир, өлим ҳәм өмир» деп аталған дилогияда қатнасады. Қаратас – Қайрақ ҳәм Қаракөз арыў образлары, Тумаристиң өмирлик жолдасы Пиржан образларын фантазия көмегинде жасайды. Демек, өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый прозасында Тумарис ҳәм Шырақ образлары көркем дөретилди. Тарийхый темадағы роман ҳәм повестьлерде әййемги дәўирлердеги қаҳарманлар да өз сәўлелениўин тапқанлығы мәлим. Тумаристиң мәртлиги қыссада анық сүўретленеди. Шырақ пенен Тумарис образларының ең баслы өзгешелиги – олардың ел-журт – улыс ушын хызмет етиўи, парахатшылықты сақлаўдағы пидайылығы болып есапланады. Миркарим Асим образларда усы белгини көрсете алған.

Өзбек жазыўшысының қыссасында жасалған образлардан илҳамланып, қарақалпақ жазыўшылары да олар ҳаққында романлар, повестьлер дөретип баслады. С.Баҳадырованың «Тумарис ҳәм Кир» атлы повести, Ҳ.Өтемуратованың «Тумарис», «Шырағым» ҳәм «Патша Тумарис» романлары ҳәм А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» атлы дилогиясы усылардан саналады. Сак-массагетлер дәўиринен алып жазылған «Әййемги қарақалпақлар» атлы А.Әбдиевтиң тарийхый дилогиясы дәслеп «Әмиўдәрья» журналының 2023-жылғы санларында басылды, кейин өз алдына

китап сыпатында оқыўшыларға усынылды[12]. Жазыўшы ҳәм илимпаз С.Баҳадырова грек изертлеўшилериниң илимий мийнетлерин үйренип, олардың Тумарис, оның улы Спарганиз туўралы ҳәм Кир патшалар ҳаққында мағлыўматларын пайдаланып, көркем сөз шебери тарийхый қаҳарманлар образларын раўажландырады. Бас қаҳарман Тумарис ана сыпатында көрсетиледи. Оның ана ретиндеги қайғырыўларын, қыйналыўларын жазыўшы тереӊ ашып береди. Бул тарийхый темада дөретилген повесть ҳаққында әдебиятшы З.Бекбергенованың көрсеткен пикирлери баҳалы. Ҳақыйқатында да, тарийхый ҳүжжетли дереклерден пайдаланып, С.Баҳадырова көркемлиги жоқары шығарма дөреткен.

Көркем сөз устасы А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» атамасындағы китабы 2025-жылы баспадан жарық көрди. Негизи бул роман «Әмиўдәрья» журналында 2023-жылы жәрияланып баслаған еди. Тарийхый роман эпиграфлардан соң пролог пенен басланады. «Барлық зат туўылады, дөреледи, яки соғылады, сол сыяқлы умытылады, тозады ямаса өледи». «Нур» көркем деталь сыпатында шығармада кеӊ пайдаланыўға ийе болады. Прологта «Тәӊри Әлемде еӊ дәслеп Нурды жаратты» деп келтириледи (4-бет). Өзбек жазыўшысы Улуғбек Ҳамдам «Исён ва итоат» («Қозғалаӊ ҳәм бағыныў») деп аталыўшы романында кирисиў бөлиминде дүньяның жаратылыўы туўралы сөз етеди. А.Әбдиев бул романды оқыған ҳәм өз тарийхый дөретпесинде сол кирисиў бөлиминдеги тәризли прологта әпсаналарды келтиреди. Демек, жазыўшы романында Тәӊри – Аллатала образын бериўге ҳәрекет етеди. Прологта оның образы жаратылады. Әлемди жаратыўшы ҳәм оның периштелери ҳаққында қарақалпақ прозасында Т.Қайыпбергенов ҳәм С.Исмайлов

[12] **Әбдиев А.** Әййемги қарақалпақлар.- Ташкент:Елнурпринт, 2025.-258 бет.

дөретпелеринде сөз етилген еди. Көркем сөз шебери С.Исмайлов «Пайғамбар ҳәм шайтанлар» атлы повестинде де «нур» көркем деталын пайдаланғанлығы мақсетке муўапық есапланады. Көркем сөз устасы «Пайғамбар ҳәм шайтанлар» атлы повестьлик шығармасын фантастикалық дөретпе сыпатында оқыўшыларға усынады. Себеби, әпсаналарда мифологиялық сүўретлеўлер бериледи. Солардан көркем сөз усталары сюжетлик раўажланыўда келтиреди. Сөз шебери А.Әбдиев бул қәлем ийелериниң дәстүрлерин даўам еттирген ҳалда, тарийхый темадағы шығарманың кирисиў бөлимин дөреткенлиги белгили. Қуран ҳәм Ҳәдислер бул пролог дөреўинде әҳмийетли болғанлығы сөзсиз. Бул ҳүжжетли дереклердиң өзин арнаўлы изертлеў жүргизиў талап қылынады. Қуран китабы ҳаққында да халық арасында түрли мазмундағы әпсаналар сақлаўлы. Қарақалпақ алымлары Ҳ.Ҳәмидий менен К.Мәмбетов Қуранды қарақалпақшалағанлығы белгили. Халық арасындағы сақланып келген аңызлардың да ҳәр тәреплеме үйренилгенлиги, дөретиўшилик пенен дилогияда пайдаланғанлығы белгили. Көркем сөз шебери Аман Мухтардың «Мың бир келбет», «Афлатун», «Айна алдындағы адам», «Төбеликтеги қарабахана» сияқлы романлары да оқыўшыларға кеңнен таныс. Бул романларда көркем ўақыт ҳәм мәкан шебер пайдаланылды. Аман Мухтар романларында көркемлик изленислер изертлеўшилер тәрепинен ҳәр тәреплеме үйренилип атыр. Илимпазлар Н.Әзийзов, Н.Нурматовлардың авторефератларында оның романларындағы реалистлик сүўретлеўлер, фантастикалық элементлер, хронотоп, көркем ўақыт ҳәм мәканның сәўлелениў өзгешелиги мәселелери туўралы пикирлер әҳмийетли. «Айна» көркем деталының қолланылыўы

өзгешелиги бойынша пикирлер қызықтырады. Ҳақыйқатында да, орыс жазыўшысы М.Булгаковтың «Уста ҳәм Маргарита» романында айна көркем деталь сыпатында хызмет атқарады. «Афлатун» туўындысында Сократ ҳәм Платон сыяқлы илимпазлардың образлары менен бирликте, яғный әййемги Грециядағы тарийхый шараят пенен бирге он тоғызыншы әсир басларындағы Түркстандағы ўақыялар бериледи, Рауф образы раўажландырылады. Көркем сөз устасы Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» ( Наўайы ҳәм Байқара) трилогиясы 2019-жылы баспадан шығарылды[13]. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы академиги, филология илимлери докторы, профессор, Өзбекстанда хызмет көрсеткен илим ғайраткери Азиз Қаюмов бул тарийхый темада шығарылған романға сөз басы жазды. Көркем шығармада уллы шайыр Әлийшер Наўайының Самарқандта өмир кеширген жыллары сүўретленеди. Наўайының өмир баяны, уллы шайырдың заманласларының өмири ҳәм турмысы тарийхый ҳүжжетлер тийкарында сәўлеленеди. Бул китап Наўайытаныўға қосылған үлкен үлес сыпатында баҳаланады. Көркем дөретпеде шайырдың жаслық жыллары ҳаққында сөз етиледи. Әлийшер Наўайы жас ҳәм бийтап болыўына қарамастан, тәғдирдиң соққыларына, қыйыншылықларына шыдам береди. Музаффар Мырза характерлерди шебер сүўретлейди, шайыр образын жаратыўда әдеўир табысларға ериседи. Илим ҳәм марифатқа умтылған жас Әлийшердиң устазлары да қаҳарманлар сыпатында қатнасады, оның устазларының уллы хызметлери көрсетиледи. Оған ата орнында ата болған Сайд Ҳасан Ардашерге қосық пенен жазылған хат тарийхый туўындының тийкарғы идеясы

[13] **Музаффар Мирзо.** Шам ва шамшир (Навоий ва Бойқаро).- Тошкент:Знак, 2019. -381 бет.

болып хызмет еткен. Бул тарийхый темада дөретилген роман дыққатлы үйренилген тарийхый ўақыялар тийкарында жазылғанлығы айрықша әҳмийетке ийе есапланады. Яғный, көркем қыял қолланылыўында жазыўшының өзгешелиги пайда болады. Романның биринши китабы «Шынжырланған арыслан» («Занжирбанд шер») деген атамаға ийе. Эпиграф сыпатында Әлийшер Наўайының «Ҳазойин ул-маоний» шығармасынан үзинди келтириледи.

Тарийхый романлардың жанрлық өзгешелиги мәселесине де дыққат аўдарыў талап етиледи. Тарийхый темадағы романлардың дөретилиў басқышына да дыққат қаратыў керек болады. Қандай жағдайда, қалай көлемли туўындылар жазылады, кимлер тәрепинен, оларда көтерилген мәселелердиң бүгинги жәмийет ушын әҳмийети қандай? деген саўалларға да жуўап қайтарыўымыз керeклиги мәлим. Конфликттиң босаң қурылғанлығы романлардың баслы кемшилиги сыпатында көринеди. Дәстүрий талас-тартыслар, ағалы-инилердиң ҳәмел-мансап, тахт, дүнья-мүлк, мийрас ушын гүресиўлери фольклорлық шығармалардың конфликтине айналғанын көремиз. Мысалы: «Жартыбас батыр» атлы қарақалпақ халық ертегинде усы конфликт көркем шығарманың негизин қурайды. Бундай конфликтлер Т.Қайыпбергенов, К.Мәмбетов, К.Каримов, А.Әбдиев сыяқлы көркем сөз зергерлериниң дөретпелеринде де раўажландырылды. Жер жүзилик прозада бул конфликтке қурылған шығармалар аз санлы емес.

Қарақалпақ романларында жазыўшының поэтикалық шеберлиги, оның образларды жасаўдағы жаңалығы, прототип ҳәм образ, көркем қыял, сюжетти қурыўдағы, композицияны раўажландырыўы мәселелерин ҳәр тәреплеме үйрениў талап етиледи. Әсиресе, өзиниң тарийхый темадағы романлары менен көзге түскен көркем сөз зергери К.Каримов

дөретиўшилиги мысалында бул мәселелерди изертлеў бүгинги күн талабы есапланады. К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» атлы тарийхый темада дөретилген романы «Билим» баспасынан 2014-жылы шығарылды. Бул китаптың ҳүжжетлик тийкарларын, тарийхый шынлықты үйренгенде, Орхон – Енисей жазба естеликлери негизги орында турғанлығы мәлим болады. Тарийхта жасап өткен Күлтегин, Муғылиян, Тоныкөк, Қутлыбек, Елтерис, Билге қаған, Қапаған ҳақанлардың прототиплери негизинде образлары жасалады, жазыўшының фантазия көмегинде Будынлы қарыя, Қабақлы ядашы, Шийрин, Бахрам, Мэй ханым, Тулынбек сыяқлы қаҳарманлар тарийхый дөретпеде ҳәрекет етеди. Китап прологтан, үш бөлимнен ҳәм эпилогтан турады. «Умтылыс» деп аталған биринши бөлим жигирма төрт баптан ибарат етип дүзилген. «Жолда», «Зыярат ҳәм қурбанлық», «Қапаған хан», «Кәнизек Жу – Тан патшасы» сыяқлы атамалар бапларға қойылады. «Ҳақанлық» деп аталыўшы екинши бөлимде «Ҳәлекет» деп аталған үшинши бөлим «Уйғыр, қарлуқ ҳәм басмаллардың бирлесиўи» бапларынан турады. Композициялық жақтан әдеўир сын пикирлер көрсетиў итимал. Жазыўшы-илимпаз К.Мәмбетовтың «Посқан ел» эпопеясы отыз үш баптан ибарат етип дүзилген. «Посқан ел» атамасының таңланыўы Жийен Аманлық улының усы аттағы толғаўы менен сабақласады, яғный реминисенция қубылысының қолланылыўына гүўа боламыз. Реминисенция қубылысы – әдебиятта тайын темалардан, образлардан, сюжетлерден пайдаланыў есапланады. К.Каримовтың «Бердақ» атлы тарийхый-биографиялық романында да еки бөлимге бөлингени, бириншиси «Улғайыў», екиншиси «Заман гәрдиши» деп аталғанлығы белгили. Бул тарийхый

темадағы шығарма 2021 – 2023-жыллары жазылғаны кейнинде анық көрсетиледи. Бердақтың өзиниң қосығынан атама таңланады. П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» атлы романында да екинши бөлим «Пәлек гәрдиши» деп бериледи. Т.Алланазаровтың усы атамадағы («Заман гәрдиши») роман-мемуары да дөретилгенлиги мәлим. «Дәслепки сапар», «Балықшы аўылында», «Қаратүптиң қырманында», «Теңиз балығын бермеди», «Ҳүрлиман», «Дәслепки қуўаныш», «Ақымбет», «Күнхожаның тәрийпи», «Бозатаў дәртлери», «Ҳәзиреттиң ҳүзиринде» сыяқлы темаларға еки бөлимде орын ажыратылады. Бердақ шайыр менен бирге Күнхожа, Әжинияз, Өтеш, Қарқара, Ғарғабай, Ақымбет. Еденбай, Муўса, Ҳүрлиман, Қабыл, Бийбитхан, Қарақум ийшан ҳ.т.б. образлары прототиплер негизинде жасалғанлығы белгили. Бердақ шайырдың өгизге байланыслы қосығының дөретилиў тарийхын, «Бүлбил», «Қаратүптиң қырманында», «Мүйтен», «Алты қыз», «Излер едим», «Теңиз балығын бермеди», «Айдос баба» ҳәм «Шежире» атлы шығармаларының дөретилиў тарийхын көркем сөз шебери өзгеше жаратады. К.Каримов өзи де шайыр болғанлықтан, тарийхый туўындыда көркем сөз зергери Бердақтың қосықларының ҳәм дәстанларының дөретилиў тарийхын шебер сәўлелендиргенлиги анық. Күнхожа ҳәм Әжинияз шайырлардың туўындыларының дөретилиў тарийхы бойынша да жаңаша пикирлер көркем түрде бериледи. Күнхожаның «Түйе екенсең», «Ел менен» дөретпелериниң тарийхы айтылады. Әжинияздың «Бозатаў» шығармасының тарийхы туўралы да сөз етиледи. Бердақ пенен Әжинияздың ушырасыўы ҳаққында жазылады. Бердақтың бақсылық искерлигине тийкарғы дыққат қаратылады. Тасқырман ҳаққындағы әпсана дийханның

тилинен айтылады, яғный гүрриңши тәрепинен баян етиледи. Бердақ шайырға байланыслы халық аўзындағы сөзлер де роман сюжетине киргизиледи.Ғарғабайдың аты ҳаққында бираз ойланып көриў керек болады. Тарийхый туўындыда ол Қарғабай түринде қолланылған. Бул ҳаққында академик Ж.Базарбаев, әдебиятшылар Ә.Пахратдиновлар өз илимий мийнетлеринде жазған еди. А.Садықов Бердақ ҳаққында романында шайырдың өмирлик жолдасының атын Бәйитхан түринде пайдаланады. Бердақ шайырдың өмиринен жазылған бул тарийхый шығарма қызықлы оқылады. Әсиресе, қосық-дәстанларының дөретилиў тарийхы туўралы эпизодлар көркемлиги мәлим. Күнхожа образы көркем дөретиледи. Оның устазлық етиўи ҳаққында роман сюжетинде ўақыялар бериледи. Әжинияздың «Бозатаў» шығармасына байланыслы өз ойларын келтиреди. Бердақ образы уллы шайыр ретинде толық ашып берилмегенлиги белгили.Ол турмыс тәшўиш-лериниң қысқысы астында қалып қойған сыяқлы. Тасымбет образы анағурлым тәсирли шыққан. К.Каримов көркем қыялы көмегинде Тасымбет атлы жигиттиң образын жаратады. Ол Бердақтың өгизине аталған қосығына ийелик етеди, Ақымбет бақсыға шәкирт болады, урлық етеди. Айжан, Гүлжан, бәдбешер урының образлары жасалады. Қарақалпақ тарийхый прозасында жазыўшы К.Каримовтың «Аға бий» атлы романында тарийхый тулға Айдос бийдиң де образы жасалады.«Айдос бий қонақ үйде жалғыз қалды. Ойлары өтмишке, қызған ҳәм өкинишли мәўритлерге орала берди,-» деп сүўретленеди[14]. Айдостың портрети Қулшы бийдиң қабыл етиўи арқалы бериледи: «Қулшы бий атын көп мәрте еситкен, Айдос бийге көз астынан қарап, бет-әлпетин, сын-сымбатын

[14] **Каримов К.** Аға бий.-Нөкис:Билим, 2017.-436 бет.

бақлар еди. Орта бойлыдан бийигирек, аяқ-қолы жуўан, мығым денеси оның зор күш-қарыўдың ийеси екенинен дәрек берер еди. Үлкен басы, кең маңлайы ақыллылықтың белгиси, қалың қаслар жаўып турған, тикке қарағанда өңмениңнен өтип кететуғын, тереңде жайласқан қара көзлер батырлықтың, ҳеш нәрседен қорқыўды билмейтуғын ержүрек тәўекел-шиликтиң нышаны шығар[15]». Тарийхый романда ҳәрекет етиўши бас қаҳарманлардың бири - Қулшының қабыллаўы арқалы Айдостың портрети тарийхый романда жасалады. Қулшы бий менен Айдостың қатнаслары бериледи. Өзбек жазыўшысы Я.Ильясовтың «Соғдиана» романында да Александр Македониялықтың портрети көркем қыялдан жасалған Феагенниң қабыллаўы арқалы бериледи[16]. Булар жазыўшылардың образлар жасаўдағы поэтикалық шеберлигин көрсетеди.

Жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Бахытсызлар» романында Орынбай бий образы да жасалды[17]. К.Каримов Маңғыт бийи Орынбай бий образын да шебер жасайды: «Орынбай бий бир пурсат ойланып қалды.-Айдос бий үйимде қонақ болған еди,-деди араға шөккен азырақ үнсизликтен кейин Орынбай.-Мейли, бул сапары Айдос сениң қонағың бола қойсын[18]». Солай етип, жазыўшы тарийхта жасаған ҳәм искерлик көрсеткен Айдос, Төремурат суўпы, Орынбай бий, Бегис, Мыржық, Сырым бий, Балтақ жүзбасы, Қарашай батыр, Жантай батырларды да романға киргизеди. К.Каримовтың «Бердақ» атлы 2021 – 2023-жыллары жазылған тарийхый

[15] Сонда, 232-бет.

[16] **Илёсов Я.** Согдиана.-Ташкент:Шарк,1994.236-бет.

[17] **Қайыпбергенов Т.** Бахытсызлар. Қарақалпақ дәстаны.-Нөкис:Қарақалпақстан, 1979,2-том.458-бет.

[18] **Каримов К.** Аға бий.-Нөкис:Билим,2017.-229-бет.

романында еки бөлимге бөлинеди, биринши бөлими «Улғайыў» деп аталады, екинши бөлими «Заман гәрдиши» атамасына ийе. Бердақтың жас өспиримлик ўақтынан баслап романда сүўретленеди. Музаффар Мырза «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы романында да Әлийшердиң жаслық пайытларын, Самарқанд қаласында өткен жылларын сәўлелендиреди.

«Бердақ» тарийхый-биографиялық романы «Дәслепки сапар» деп аталыўшы бап пенен көркем шығарма басланады. Бердақтың жолдасы Тасымбет пенен анасының, Қарқараның төркинине, мүйтен аўылына қонаққа барыўын сүўретлеў менен дөретпе басланыўға ийе болады. Жазыўшының көркем қыялынан Тасымбет атлы қаҳарман да көркем туўындыға киргизиледи. Бул ойдан дөретилген қаҳарман арқалы жазыўшының Бердақтың заманында шайырды түсинбеў-шилик, қәдирин билмеў, қызғаншақлық, көре алмаўшылық сыяқлы қәсийетлерге ийе гейпара адамлардың да болғанлығы сүўретленген. Тасымбет образы прозаик көркем қыялынан шебер жаратылған. Бул образға жүклетилген ўазыйпа анағурлым қыйын болып келеди. Ол урлық пенен де шуғылланады. Аўылынан бир пада малды ууры – қарақшыға шериклик етип, айдап кетеди. «Суў тасқыны» деп аталған бапта оның басынан кеширгенлери сюжетке киргизиледи. Ол бақсышылық пенен де азы-кем шуғылланады. Фантазиядан жаратылған Тасымбет образын жазыўшы көркем дөретеди. Негизинде, Бердақтың дәўиринде де нәментай, лекин сол жыллары абыройы күшли шайырлар аз болмаған болса керек. Усындай турмыс қарама-қарсылықларын Тасымбет образында сәўлелендиреди. Бул образ арқалы жазыўшы өмирдеги қурамалылықлар, әўметке ерисетуғын сондай адамлардың қәбилетли, дарынлы инсанларға қысыўмет етиўши, зыян-зәҳметке толған қызғаншақлық ҳәрекетлери менен унамсыз тәсир көрсетиўши адамды сүўретлейди. «Алты

қыз» қосығының тарийхын келтиреди. Жазыўшы К.Каримов «Уллы дашт бөрилери» атлы шығармасын тарийхый темада жазады. Ҳүжжетли дереклерден, әсиресе Орхон – Енисей жазба естеликлеринен пайдаланады. Роман пролог, тийкарғы үш бөлимнен ҳәм эпилогтан турады.

Қарақалпақ ҳәм өзбек тарийхый романларының жанрлық өзгешелигине дыққат қаратыў керек болады. Жазыўшы Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны» атлы трилогиясында фольклорлық дәстүрлер менен бирге дүнья жүзилик әдебияттағы тарийхый шығармалар жазыў дәстүрлеринен жаңашыллық пенен пайдаланды. Трилогияның биринши китабы «Маман бий әпсанасы» романын жазғанда, аңызлардан ҳәм шешенлик сөзлерден, рәўиятлардан пайдаланады. Жазыўшы, шайыр ҳәм илимпаз Мухаммед Әлийдиң «Уллы салтанат» ҳәм «Сәрбәдарлар» тарийхый романлары халқымызға кеңнен белгили. Профессор Қ.Йўлдашевтиң «Миллий ядлаўдың көркем сәўлелениўи» («Миллий хотиранинг бадиий ифодасы») атлы соңғы сөзинде бул шығармаларды жоқары баҳалайды. …«Уллы салтанат» романында тарийхый ўақыялар көлеми емес, бәлки автордың белгили ҳәдийсе ҳәм адамлар ҳаққындағы көзқараслары салмағы шешиўши әҳмийетке ийе»,- деп жазады.[19] Шынында да, көркем сөз устасы тарийхый романларында Әмир Темур образын өзгеше жасайды. «Романның сюжет сызығы, ўақыялар баянында көбинесе тарийхый хронологияға емес, бәлким образ логикасына әмел қылынған. Сол ушын да жазыўшы қыялый сәўбет, түс мотиви сыяқлы көркем қураллардан өнимли пайдаланған»,-

[19] **Йўлдашев Қ.** Миллий хотиранинг бадиий ифодаси.- Мухаммад Али. Сарбадорлар.- Тошкент: 2023.-616- бет.

деп жазады илимпаз.[20] Бул тарийхый романын жазыў ушын көркем сөз зергери «Темур түзиклери», Қуран, ҳәдислер, сахыпқыранның өмири ҳәм искерлигине тийисли илимий, философиялық, тарийхый ҳәм биографиялық дереклерди терең, қунт пенен үйренгенлиги мәлим. Бул жазыўшының «Сәрбәдарлар» атлы тарийхый темадағы шығармасы көлемли болып, еки китаптан, төрт бөлимнен ибарат етип дөретилген. Ҳәр бир бөлим бапларға бөлинген, төртинши бөлимниң жуўмақлаўшы, отыз жетинши бабы «Конигилда» атамасына ийе. Отыз алтыншы бап «Бир қызға еки жаўшы», отыз бесинши бап «Астын-үстин», отыз төртинши бап «Сәрбәдарлық көшесинде» деп аталғанлығын көремиз. Үшинши бөлим жигирмаланшы баптан басланады ҳәм «Дәрья бойындағы қуралтай» атамасына ийе. Жигирма биринши бап «Сырлы әрўақлар», жигирма төртинши бап «Алым-салым жәнжели», жуўмақлаўшы отызыншы бап «Өлим пәклейди» деп аталған. «..тоқыма образлардың тәсиршең ҳәм исенимли сүўретленгенлиги…тарийхый шахслар сәўлелениўине еркин қатнас жасаўдан тартыныўы нәтийжеси еди,»- деп алым бул шығарманың образларын баҳалайды (614-бет). «Жазыўшы узақ тарийхта жүз берген бир факт болған сәрбәдарлар ҳәрекетин атап өтиў менен шекленбейди, бәлки әпиўайы талабы ҳәм пахта тозғытыўшысы мәмлекет қурып, журт сорап, әдалат орнатыўға қүдирети жететуғын миллеттиң тарийхый кейпиятын сәўлелендириўди нийет еткен,»- деп жазады илимпаз (614-бет). Шеруғлан, Ширинбийке, Жалайырбек, Жәҳәнбийке ҳәм Ахый Жаббар образлары жаратылыўы бойынша да изертлеўши өз пикирлерин билдиреди. Айрықша Әмир Темур образының сәтли жасалғанлығын белгилеп өтеди. Оның образында тек ҳүкимдар патша ғана емес,

[20] **Йўлдашев Қ.** Миллий хотиранинг бадиий ифодаси.- Мухаммад Али. Сарбадорлар.- Тошкент: 2023.-616- бет.

жанлы адам, әпиўайы инсан келбети бериледи. Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында прототип ҳәм образ жасаў мәселелери бойынша пикирлер келтириледи. Көркем сөз устасы Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» ( «Наўайы ҳәм Байқара») трилогиясы 2019-жылы баспадан шығарылды. Жазыўшы Музаффар Мырза өзиниң тарийхый романына Әлийшер Наўайының «Ҳазоний-ул-маоний» атлы мәснаўийинен, Саид Ҳасан Ардашер атына жазылған хаттан үзиндилер келтиреди[21]. Эпиграф сыпатында таңланған қатарлардың мазмуны терең.

*« - Сано ҳаққаким, кошифи ҳол эрур,*
*Ҳирад мушкулотиға ҳалол эрур…*
*Ҳазар ичра бечоралар ёвари,*
*Сафар ичра оворалар раҳбари…»*[22].

Қураннан, Ясын сүресинен 1 – 4- аятлардан, шайх Әбдулазиз Мансур аўдармасында екинши эпиграф та тарийхый романда келтириледи. «Меҳрийбан ҳәм мәрҳаматы кең Алла аты менен (баслайман). Эй, Инсан! Қуран ҳаққы, әлбетте, сиз елшисиз ҳәм ҳақ жолындасыз». Бул көркем сөз устасының тарийхый романы ушын таңланған эпиграфлардың ҳәр бириниң мәниси терең. Пүткил романның мазмунын өзинде жәмлегенлиги мәлим болады. Ҳақыйқатында да, шайырдың өзин түсиндириў ушын оның мәңгилик мийрасларына, қосық қатарларына мүрәжәт етемиз. Әлийшер Наўайы образы жасалған тарийхый темада дөретилген романда оның қосықларынан пайдаланады. Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы академиги, филология илимлери докторы, профессор, Өзбекстанда хызмет көрсеткен илим ғайраткери Азиз Қаюмовтың бул тарийхый темада шығарылған романға сөз басы жазды.

[21] **Мырза Музаффар.** Шам ва шамшир (Навоий ва Бойқаро).- Шарқ юлдузи, 1- сан, 2020, 19 – 68-бетлер.

[22] Сонда, 19-бет.

Көркем шығармада Әлийшер Наўайының Самарқандта өмир кеширген жыллары сүўретленеди. Наўайының өмир баяны, уллы шайырдың заманласларының өмири ҳәм турмысы тарийхый ҳүжжетлер тийкарында сәўлеленеди. Бул көркем дөретпеде шайырдың жаслық жыллары ҳаққында сөз етиледи. Әлийшер Наўайы жас болыўына қарамастан, тәғдирдиң соққыларына, қыйыншылықларына, аўырыўларға ҳәм жетпесинликке шыдам береди. Көркем сөз шебери Музаффар Мырза миллий характерлерди шебер сүўретлейди. Илим ҳәм марифатқа умтылған жас Әлийшердиң устазлары да қаҳарманлар сыпатында қатнасады. Оған ата орнында ата болған Сайд Ҳасан Ардашерге қосық пенен жазылған хат тарийхый туўындының тийкарғы идеясы болып хызмет еткен. Көркем сөз зергери Айбектиң «Наўайы» романында жасалған Әлийшер Наўайы образын бул Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» (Наўайы ҳәм Байқара) тарийхый темада дөретилген романында жаратқан образ толықтырады. Еки жазыўшы да уллы шайырдың көркем образын жаратады. Бул тарийхый темада дөретилген роман дыққатлы үйренилген тарийхый ўақыялар тийкарында жазылғанлығы айрықша әҳмийетке ийе есапланады. Романның биринши китабы «Шынжырланған арыслан» («Занжирбанд шер») деген атамаға ийе. Әлийшер Наўайының «Ҳазойин ул-маоний» шығармасынан үзинди келтириледи.

Тарийхый темада жазылған романның жанрлық өзгешелиги мәселесине де дыққат аўдарыў талап етиледи. Романлардың дөретилиў басқышына да дыққат қаратыў керек болады. Айбектиң «Наўайы» романы 1944-жылы дөретилген еди. Ғәрезсизлик дәўиринде көркем әдебияттың раўажланыўына мүмкиншиликлер, кең жоллар ашып берди. Әдебияттаныў илиминиң де ҳәр қыйлы бағдарларда раўажланыўына

мүмкиншилик жаратылды. Көркем әдебиятты көбирек көркемлиги, жанрлық-стильлик өзгешеликлери, шайырлар, драматурглер, жазыўшылардың көркем-эстетикалық көзқараслары тийкарында изертлеўлер жолға қойылды. Қандай жағдайда көлемли туўындылар жазылады, кимлер тәрепинен, оларда көтерилген мәселелердиң бүгинги жәмийетимиз ушын әҳмийети, орны қандай деген саўалларға да жуўап қайтарыўымыз кереклиги мәлим.

Тарийхый романларға таярлық жүргизиў басқышы оғада көп ўақытты, мийнетти талап ететуғын жуўапкер-шиликли жумыс есапланады. Буған көбирек тәжирийбели, жасы үлкен жазыўшылардың ғана жүрек етиўи мүмкин. Тарийхый романлар жазыў қәлемкешлерден үлкен жуўапкершилик, изленислер, оғада көп ўақыт, жеке пикирлерин, жаңалыққа умтылыўды талап етери, тынбай мийнет етиўи сөзсиз. Қәлем ийелериниң дөретиўшилик нийетлери де, фантазиясы да әҳмийетли болады. Бул тарийхый роман менен ҳәзирги оқыўшыларға не айтажақ, қандай машқалалар көтерилежақ, конфликт сыпатында нелер келтириледи, образлардың өзгешелиги неде, олардың жаңа Өзбекстан жасларына тәрбиялық әҳмийети қандай, сюжетте қандай жаңалықлар бар, композицияда не өзгерислер жүз берди? Буған жуўаплар излеў керек болады. Тарийхый темаларда романлар жазыў жазыўшылар ушын оғада машақатлы жумыслардан бири саналады, себеби бүгинги күн менен тарийхтағы ўақыялардың байланысын анықлаў керек болады, заманагөйлик ҳәм тарийхый ядта сақлаўдың өз-ара қатнасына итибар қаратыўға туўра келеди. Буған көпшилик қәлемкешлер гүрриңлерди ҳәм повестьлерди дөретип болып ғана қол урады. Өзбек ҳәм қарақалпақ гүрриңлеринде жазыўшылардың сюжет,

композиция, образ жасаўдағы поэтикалық шеберлиги мәселесин айрықша үйрениў талап етиледи.

Өзбек прозасында Ў.Ҳашимовтың ҳәм Н.Жалаладдинниң көркемлиги жоқары гүрриңлери оқыўшылар жәмийетшилигине кеңнен танысболды. Ў.Ҳашимовтың «Қуяш тәрезиси», «Өмир саўдасы», «Өзбек иси», «Жеңге», «Дийханның бир күни», «Муҳаббат», «Дийханның бир түни», Н.Жалолиддинниң «Сени жақсы көремен, өмир», «Жүрек», «Байрақ», «Топпы», «Жаўын қурт жаўған күн», «Әптап ийисли бала», «Топырақ», «Аўырыў», Б.Мырзақабуловтың «Бүлбил сайрамаған таң», З.Қуралбай қызының «Жаўынлы тротуар», «Бай баласы», И.Исмайловтың «Қырмызы қан», А.Йулдаштың «Базар» ҳәм Р.Қадрдың «Бала көзи» атлы гүрриңлери белгили. У.Ҳашимов пенен Н.Жалолиддин-ниң миллий характер жасаў шеберлиги ҳаққында илимпаз А.Қаюмов изертлеўинде сөз етиледи. Буларда миллий характер жасалыўы мәселеси бойынша илимпаз А.Қаюмовтың илимий мийнетинде сөз етилди. Илимпаз Марҳабо Қўчқарованинг «Ўзбек ҳикоячилигининг келажагига умид бор» илимий мақаласы, атынан көринип турғанындай, гүрриңлерди анализлеўге арналған. Алым А.Султановтың «Қарақалпақ прзасының жемисли қәдемлери» («Қарақалпақ әдебияты» газетасы мысалында) атлы мақаласында С.Ембергеновтың «Қара кемпир», Г.Отарованың «Әрман», Ж.Шамуратовтың «Тапқыр қәйнене», «Ҳүжжет керек», Ә.Қурбаниязовтың «Адасқанлар» гүрриңлери туўралы пикирлер көрсетиледи. «Әрман» ( Г.Отарова) шығармасы элегиялық гүрриң сыпатында газетада басылған еди. «Ҳәзир әдебий жанрды шығармасына усылай өзинше белгилеўшилер ҳәўескерлер арасында оғада көбейип кетти,-» деп илимпаз сын пикирин билдиреди. Филология

илимлериниң кандидаты А.Әбдиевтиң «Әмиўдәрья – 2019 прозасы» атлы мақаласы орын алды. М.Атажановтың «Ағамның ийтлери», «Сизлерге рахмет», «Қолайлы адам жоқ», Н.Жаңабаеваның «Периште», Ф.Шержанованың «Қақпан» гүрриңлери анализленеди. Прозаик Н.Жаңабаеваның «Периште» гүрриңинде бас қаҳарман Гүлийпа образы жасалыўы мәселесине сын пикирлерин көрсетеди. Бул илимий мийнетте Азат Мүлик Хожаның «Болды, болды, болды!» ҳәм «Жүрек - баўыры пүтин» илимий-фантастикалық гүрриңлери, Хуршид Досмухаммедтиң «Үмит гүли» ҳәм Қурбанбай Жуманиёзовтың «Нажмиддин Кубро» тарихый шығармалары туўралы кеңнен сөз етиледи.

Қарақалпақ әдебиятында Г.Есемуратованың, Ә.Атажановтың, Д.Шерниязованың, А.Әбдиевтиң, Ж.Өтениязовтың, Я.Әжимовтың, Н.Жаңабаева, Ҳ.Өтемуратованың, А.Турекеева ҳәм О.Сапаровалардың гүрриңлик дөретпелерин оқып қараганымызда, олар гүрриң жазыўдың шеберлери сыпатында белгили болды. Әсиресе, Г.Есемуратованың «Аўырмайтуғын келин, үндемейтуғын күйеў», «Аймереке», «Шүтик шыраның шарапаты», «Жаралы жаўынгер», «Алма», «Урыста турыс жоқ», Ә.Әтажановтың «Оңбаған бала», «Ай сығалайды», Я.Әжимовтың «Шопан қыздың дәптери», «Мекемеден бир адам», «Лақап», А.Әбдиевтиң «Несийбе», Ҳ.Өтемуратованың «Қызлар кийели», «Қорқыныш», «Олжа», «Мута» ҳәм «Мәскүнемниң бир күни» гүрриңлери көркемлик изленислери, сюжет қурыўда жетискенликлери ҳәм образ жаратыўдағы шеберликлери менен дыққат аўдарады. Көркем сөз устасы А.Әбдиевтиң гүрриңлик шығармаларында күтилмеген мәселелер қойылады, шешимлер бериледи. Жасы уллы адамды сыйлаў ҳәр кимниң

ўазыйпасы екенлиги, халқымыздың әсирлер бойы сақланып киятырған дәстүрлери жазыўшының «Несийбе» атлы гүррińинде сәўлеленеди. Қартайған ғаррының, Атамураттың психологиялық сезим-туйғылары шебер сүўретленеди. Шаңарақтың қәдир-қымбатын ҳәм миллий дәстүрлердиң адамзат тарийхында орнын жаслар уғыныўы керек болады. Сөз устасы Н.Жаңабаева да шаңарақ ҳәм жаслар темаларында шығармалар дөретеди. «Бендеге қәнәәт берсин» атамасындағы туўындысы да әдеп-икрамлылық, шаңарақ жаслар тәрбиясы, адамлар арасындағы қарым-қатнаслар мәселесин сөз етеди. Гүлфия атлы қаҳарман қаншелли турмыстан сүрниксе де, ол турмыста гүресшеңлигинше қалады, ең ақырында мақсетине жетеди. Шайыр, прозаик Ж.Өтениязовтың «Соңғы сөз» гүррińинде жаслар ҳәм жынаят темасы бериледи, образлар жаратылады, сюжет бериледи.

Қарақалпақ ҳәм өзбек прозасында гүррińлерди соңғы жыллары А.Қаюмов, Марҳабо Қўчқарованың, С.Баҳадырова¸ З.Бекбергенова, И.Өтеўлиев, П.Алламбергенова ҳәм З.Қытайбекова сыяқлы илимпазлар изертлегени мәлим. З.Бекбергенованың «Жазыўшы ҳәм шеберлик» китабында көркем сөз зергери Г.Есемуратованың гүррińлери ҳәр тәреплеме анализ етиледи. Илимпазлар И.Өтеўлиевтиң «Жан даўысы» китабында ҳәм З.Қытайбекованың «Ғәрезсизлик дәўири гүррińлеринде шеберлик мәселеси» илимий мийнетлеринде гүррiń жанры бойынша пикирлер көрсетиледи. Илимпаз И.Өтеўлиевтиң «Жан даўысы» китабында гүррiń жанрының мәселелери,нызамлары, жетискенликлер ҳәм кемшиликлер сөз етиледи. Алым А.Султановтың «Қарақалпақ прозасының жемисли қәдемлери» («Қарақалпақ әдебияты» газетасы мысалында) атлы мақаласында С.Ембергеновтың

«Қара кемпир», Г.Отарованың «Әрман», Ж.Шамуратовтың «Тапқыр қәйнене», «Ҳүжжет керек», Ә.Қурбаниязовтың «Адасқанлар» гүрриңлери туўралы пикирлер көрсетиледи. «Әрман» шығармасы элегиялық гүрриң сыпатында газетада басылған еди. «Ҳәзир әдебий жанрды шығармасына усылай өзинше белгилеўшилер ҳәўескерлер арасында оғада көбейип кетти,-» деп илимпаз сын пикирин билдиреди. Филология илимлериниң кандидаты А.Әбдиевтиң «Әмиўдәрья – 2019 прозасы» атлы мақаласы орын алды. М.Атажановтың «Ағамның ийтлери», «Сизлерге рахмет», «Қолайлы адам жоқ», Н.Жаңабаеваның «Периште», Ф.Шержанованың «Қақпан» гүрриңлери анализленеди. Н.Жаңабаеваның гүрриңинде бас қаҳарман Гүлийпа образы жасалыўы мәселесине сын пикирлерин, кемшиликлерин көрсетеди. Илимпаз З.Қтайбекова илимий мақаласында Г.Есемуратованың «Мен жаман баламан», «Бахытлы бола алар ма екенмен?», «Нан услап ант ишпең», Ҳ.Өтемуратованың «ХХ әсирдиң рыцары», «Диийўана», «Адамның зәҳәри», «Ҳаялдың кийеси», А.Әбдиевтиң «Сақаў – гереӊ» ҳәм «Аянышлы өмир» гүрриңлери анализленди, жазыўшылардың сюжет дүзиў ҳәм образ жасаўдағы шеберликлери туўралы пикирлер билдирилди. Диалоглардан көркем пайдаланылғаны ҳаққында пикирлерин көрсетеди. Модернизм, сюрреализм ҳәм плюрализм бағдарларының тәсири туўралы да айтылады.

**«Аўырық» (гүррин).** Кемпир күн узақ әкелген қамысларынан ший тоқыў менен бәнт болды. Ол арасында саз кесектен исленген аўырықларды услап көрер еди. Тәғдир деген, базарда буның ший – шыпталарына қарыйдар көбейди. Напақа пулы насыбай ақшасы болмайды, ийй, садағасы кетейин, әйтеўир жоқтан тәўир, ҳүкиўмет аштан өлтирмейди.

Турмыс деген аўыр жүк екен, мынаў аўырықлар яңлы зил - қаратас. Ғаррысы да өлип кетти. Ийманын бергей? Еплеп-сеплеп хожалық болыпты, қудайдың берген ул-қызлары бар, шүкир. Соларға қосент болар деп, бул пақыр узақ күн тырбанады. Гүлзийра кемпир қурысқан белин жазды, тағы ойланды. Адам бендениң ойы ада болар емес түўе. Кеше ғана шашы желкилдеп, жалаң аяқ жүгирген қызалақ еди, бүгинлиги аттай кемпирге айланды қалды. Тәўбе, бул өмир – турмыс ғалмағалы деген зуўламай екен, көзди ашып-жумғанша тусыңнан зырлап, жүйткип өтер тоба. Баласы қурғыр да сол бәлени ишкиш, билмеймен, сол бәле-метерге үйир. Келини болса жулпысланып, шарбаяланып урысқаны-урысқан, жулысқан, әйй. Бул қартайған ҳалына қарамай, бир-еки манат шай пулы болсын деп урынады. Уўҳ, белим-ай, аўырып турғаны. Қой, үйге кирип, бир кеса ыссы суў жутып қайтайын. Төт, төт, бул мақаўлар да егинге бара береди. Ол майда кесек қыйқымларын қанатлыларға ылақтырды. Ҳәй, баллар, бермаған саяда ойнаң? Ол үрпе-шүрпе ақлықларына даўыслады. Ылай менен паңгөдек ойнап отырған шыпырласқан гөдеклер қыймылдасты. – Апа, аш болып кеттик? - деп ең кишкенеси апыл-тапыл жүрип киятыр. – Айнанайын, ҳәзир сизлерди тойдыраман, -деп сөйлениўи менен ишкериге кирди. Газ ошақты жағып, шәйнек қойды, екинши киши қазанға суў қуйды, аўызқабағынан бес-алты жумыртқаны жуўып, салды».

«**Ерназарлар» (гүррин**). Көшеде ярым ақшамда үйинен шыққан гүдибузарлар, қуяңқылар әйнеклерге тасларды ылақтырып өтти. Жалғыз өзи жасайтуғын кемпир гүбирленди. «Қудайдан ғана тапқыр, ҳәә көшеде тентене, сарсаңкесек болғыр, ҳарамылар, өлтәзийнә, тәжжаллар!». Көликлер

бәдайбат дырылдап, көшедегилердиң мазалы уйқысы бузылды. Ҳеш ким шығып, «Ҳәй, жора, қолың қышыса бар анаў қамақханаға, ол жерде сениң менен төбелесетуғын зорməмбетлер бар, бийшара мәпилик кемпирдиң әйнегин урып, саған не бәле көринди?» - деп бир аўыз дәкки бериўге жарамады. Ерназар болса мәс, қайда жатып турғанын да билмейди. Ата-анасы Ерназар алакөздей адамларға ғамхор, пәрмана, қәўендер болсын деп нийет етип атын қойған еди, әттең, ол мәскүнем болып ержетти. Әттегене-ай, кемпир налынды. Бир күн жасайман ба, мен ҳеш гәп, өлип кетермен, бирақ анаў қызлардың ҳалы не кешеди? Көшедеги бойжеткенлерди, мейли шашлары ийнин жаўса да, қолынан сүйреп, түн зорлықшылары басқыншылық етсе, мына өли жанлар биреўи шығып қой демесе, оннан артық азап бар ма? Қартайған ҳаял гүрсинди. Ҳә, кийген телпегиңиздиң садағасы кетейин, анаў мияўлап сөйлеген Бекмырза қорқақ па мынаў урыға-ғарға да мәмле айтар? Қашшан ыштанын ҳөллеген шығар? Анаў қатынпараз Әфлен бе? Мына қарның қампайған Айбек пе? Әйй, биймезгил өлип кеттиң, Камал? Сен барда көшемизден бундай бузақылар жүрмек түўе, адамлар бийўарық гәп шашпас еди? Сәрбиназдың үйинен ўай-ўай салған сес шығады, Улбосын бақырып жылайды. Елтайдың қызы қышқыра ма? Тәўбе?». Көркем сөз шебери Баҳрам Мырзақабуловтың «Бүлбил сайрамаған таң» гүрриңинде образлар көркем жасалды. Гүрриңниң бас қаҳарманы қой шопан Тастемир ата болып табылады. Ол кемпири қайтыс болған соң жалғыз өзи қалады. Оның улы Дәстанбек әкесинен алыста, қалада бөлек жасайды. Тастемир ата өмир бойы қойлар падасын бағады, қартайғанда бир өзи жасайды. Ол үйине Эгамберди муғаллим келип жайласқанда

қуўанады, себеби жалғыз жасаў оның жанына тийген еди. Эгамберди балалар менен ислескенде, оларға сабақ өткенде, Тастемир ата оның оқыўшыларды сүйетуғынлығына, пидәкерлигине қайыл қалады. Эгамберди муғаллим менен жасаған күнлери ол өзин бахытлы, шадлы сезеди. Дем алыс басланып, Эгамберди өз үйине қайтады. Дәстанбек жоралары менен әкесиниң жайлаўына келеди. Тастемир ата қошқар сойып баласын күтеди. Атасының жалғыз өзи кекселик дәўиринде қалғанын Дәстанбек ойламайды, баласын тек басқа мәселелер, абырай, пул қызықтырады. Тастемир ата улынан қапа болады. Ол пүткил турмысы, кемпири аўырыўдан қайтыс болғаннан кейинги басынан кеширгенлери туўралы ойланады. Гүрриңниң темасы сәтли таңланған. Символлық мәни аңлатыўшы «Бүлбил сайрамаған таң» гәпи терең мазмунға ийе деталь есапланады. Тастемир ата образында парасат, сабыр, шыдам, мийнеткешлик, мийримлилик, миймандослық қәсийетлери көрсетиледи. Ол қартайса да қой шопанлықтан қол үзбейди, бир өзи шетте, алыс жайлаўларда жүреди. Эгамберди образында бүгинги жасларымызға тән умтылыўшылық, талпыныслар, изленислер, билимлилик, тарийхқа ҳүрмет, басқалардың тәғдирине бийпәрўа болмаў, ой-пикирлер сыяқлы белгилер бериледи. Дәстанбек образы оқыўшыны әдеўир ойларға салады. Ол ержеткенше ата-анасының тапқанларын жеп, тайын жайға ийелик етеди. Әкесиниң қолынан таяғын алып, мал бағыў туўралы бас қатырмайды. Оның мийримсизлиги айтқан сөзлеринде көринеди. Жазыўшы бул гүрриңинде әҳмийетли мәселелерди көтергенлиги мәлим болады. Образлардың ҳәр бириниң оқыўшыларға тәрбиялық тәрепи күшли саналады. Көркем сөз устасы Я.Әжимовтың «Шопан қыздың дәптери» гүрриңи «Әмиўдәрья» журналында 2022-жылы жәрияланды. Бунда

Ықлыйманың, шопанның үлкен қызының образы жасалады. Узақ жайлаўларда қой падаларын бағыў менен шуғылланған Ықлыйманың күнделик дәптериндеги ўақыялар сөз етиледи, сюжет бериледи. Атасы Юсиптиң тек еки қызы болады, анасы Зийнеп ерте қайтыс болады. Қундызбай атлы шопан Ықлыймаға жаўшылыққа келеди. Бирақ, оның баласын Ықлыйма қәлемейди. Ықлыйма Дәўлетмурат атлы жигитти жақсы көреди. Дәўлетмурат пенен екеўиниң тойы белгиленеди. Ықлыйма образында мийнет сүйгишлик, мийирманлық тәризли белгилер көринеди. Ол анасының өлиминен соң үйдиң барлық тәшўиши өз мойнына жүкленеди, сиңлиси Әмийнаға ғамхорлық етеди, қартайған әкесиниң қойларын бағысады. Гүрриңде шопанлар турмысы хәр тәреплеме қызықлы сәўлеленеди. Күнделик формасының қолланылыўы қаҳарман образын ашыўға хызмет етеди. Жазыўшы Б.Аймухаммедованың «Шофер қыздың дәптери» атлы повестинде де күнделик формасы қолланылған. Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновтың «Қара дәптер» повестлик дөретпесинде де баянлаўдың күнделик формасы пайдаланылған еди. Усы көркем сөз зергерлериниң дәстүрлерин даўам етип, Я.Әжимов гүрриңде Юсип, Ықлыйма образларын көркем дөретеди. Деген менен, миллийлик мәселесинде бираз сын көрсетиўге туўра келеди. Бул қыздың миллий характерин жазыўшы толық ашып бере алмаған сыяқлы. Бул жайлаўда қонақ күтиўде, жаўшылар келиў эпизодында мәлим болады. Ықлыйма тик минез көрсетип, жасы уллы адамлардың үстине кирип барыўы ерси түйиледи. Қарақалпақ қызларының уялшақлық, тартыныў, жасы кишини иззетлеў, жасы үлкенди сыйлаў, сабыр-парасатлы тәризли миллий белгилери болады. Басқаша усылда жазыўшы сүўретлеўи талап етиледи. Автор өзи ер адам болғанлықтан, Ықлыйма образына еркеклерге тән қәсийетлерди сиңдирип жибергени белгили болады. Бундай

нуқсанлар айырым жазыўшылардың шығармаларында да ушырасады.

Жуўмақлап айтқанда, өзбек ҳәм қарақалпақ прозасында гүрриңлер көплеп дөретилип атырғаны мәлим болады. Гүрриң жанры жас қәлемкешлердиң еншисине тийген жанр ретинде белгили болған еди. Бирақ, айырым жазыўшылардың өмир бойы бул жанрда қәлем тербетиўи унамлы қубылыс саналады. Көркем сөз усталары сюжет дүзиўде, композицияны раўажландырыўда ҳәм образлар дөретиўде жаңалықлар менен көзге түсти. Г.Есемуратованың «Алма», «Жаралы жаўынгер» ҳәм «Ҳаял қартайғанша ис үйренеди» гүрриңлеринде миллий өзгешелик пазыйлетлери шебер бериледи. Ҳәзирги гүрриңлерде детальлар көркем пайдаланылды, сюжеттиң тәсиршеңлиги артты, композициялық изленислер көринеди, диалог, монологлар қолланылады, қаҳарманлардың психологиялық кеширмелери ашып бериледи. Көркем ўақыт ҳәм эпикалық мәканның туўындыларда пайдаланылыўы бойынша да жазыўшылардың изленис, утыслары көзге тасланады. Идея – тематикалық ҳәм көркемлик жақтан қәлем ийелериниң изленислери белгили болады. Көбинесе, шайыршылық ҳәм драматурглик пенен шуғылланғанлар да тәжирийбелер топлап, көбирек қырық, елиў, алпыс, жетпис жасларында тарийхый романларын жазып баслайды. Бул турмыста тастыйықланған факт сыпатында көринеди.

Тарийхый романларды дөретиў оғада қыйын, себеби сол жыллар тарийхый шынлығын үйрениў, фактларды қайта-қайта тексериў, оларға дөретиўшилик қатнас жасаў, фактта сақланған ҳәдийселердиң мәнис-мазмунына дыққат аўдарыў талап етиледи, образларды, персонажларды таңлаў, сайлап алыў, жаратыў, бас бағдардағы сюжетти ҳәм де қосымша бағдарлардағы ўақыялар ағымын раўажландырыў, конфликтлерди көркем қурыў, композициялық умтылыслар, ертеклердиң, мифлердиң сюжетинен пайдаланыў, көшпели

сюжетлердиң орны, шешенлик сөзлердиң, той баслаў қосықларының, беташарлардың, терме – толғаўлардың, шешенлик сөзлердиң ҳәм пәтиялардың романлардың көркем текстине киргизилиўи, жазыўшының фантазиясының орны – қулласы, тарийхый романды дөретиў ушын оғыры көп ўақыт талап етиледи. Тарийхый ҳүжжетли дереклерде фактлар сақланып қалған болады. Бул бир ғана факттың өзин қәлемкешлер түрлише пайдаланыўы итимал. Мәселен, Күнхожа Ибрайым улының Бердақ шайырдың устазы екенлиги тарийхый факт саналады. Буны көркем сөз усталары – К.Каримов пенен А.Садықовлар өз тарийхый темаларда дөретилген дөретпелеринде ҳәр қыйлы етип пайдаланады. Фактларға «жан ендирип» сүўретлеў керек болады. Айырым қәлем ийелериниң тарийхый романларының кемшиликлери ҳәм де сәтсизлиги усындай таярлық жумысларының кемлиги менен түсиндириледи.

Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында сюжетлик - композициялық излениcлер, сүўретлеў қуралларының қолланылыўы, көркем ўақыт сәўлелениўи өзгешелиги, эпиграфлар, ҳүжжетли дереклердиң пайдаланылыўы мәселелерин арнаўлы түрде үйрениў керек болады. Көркем сөз зергери А.Қәдирийдиң «Өткен күнлер», Айбектиң «Наўайы», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер», Т.Ҳайыттың «Баҳаўиддин Нақшбанд», Ш.Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты», Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара»), К.Султановтың «Әжинияз», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» («Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер»), К.Мәмбетовтың «Посқан ел», «Түркстан», «Бозатаў», К.Каримовтың «Бердақ», «Аға бий», «Зардушт», «Уллы дашт бөрилери» ҳәм А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» тарийхый романлары жәрияланды. Жазыўшы, шайыр

ҳәм илимпаз Мухаммед Әлийдиң «Уллы салтанат» ҳәм «Сәрбәдарлар» тарийхый романлары халқымызға кеңнен белгили. Профессор Қ.Йўлдашевтың «Миллий ядлаўдың көркем сәўлелениўи» («Миллий хотиранинг бадиий ифодаси») атлы соңғы сөзинде бул шығармаларды жоқары баҳалайды[23]. Әдебиятшы алым З.Бекбергенова «Қарақалпақ әдебиятында көркем сөз поэтикасы» атлы монографиясында, «Роман ҳәм тәлим-тәрбия мәселеси» атлы илимий мақалаларында тарийхый романның әҳмийетли мәселелери туўралы сөз етеди[24]. Әдебиятшы алым П.Нуржанов «Әдебият ҳаққында ойлар» китабында тарийхый роман мәселелерин әдеўир үйренгенлиги мәлим болады[25]. Әдебиятшы илимпаз П.Нуржанов «Әдебият ҳаққында ойлар» китабында ҳәзирги дәўир тарийхый романлары туўралы илимий пикирлерин жүзеге шығарды[26]. Әдебиятшы илимпаз П.Нуржанов «Әдебият ҳаққында ойлар» китабында ҳәзирги дәўир тарийхый романлары туўралы илимий пикирлерин жүзеге шығарды[27]. «Көркем прозаның баянлаў усылы ҳәм оны изертлеўдиң айырым теориялық мәселелери» атлы мақаласында «Қарақалпақ дәстаны», «Посқан ел» тарийхый туўындылары туўралы сөз етеди (3 – 13-бетлер). «Тарийхый романда ўақыт ҳәм кеңислик» атамасындағы мақаласы да теориялық мәселеге арналыўы менен баҳалы (13 – 23- бетлер). «XXI әсир қарақалпақ романшылығы ҳаққында» мақаласында

---

[23] **Йўлдашев Қ.** Миллий хотиранинг бадиий ифодаси.- Мухаммад Али. Сарбадарлар.- Тошкент:

[24] **Бекбергенова З.** Қарақалпақ әдебиятында көркем сөз поэтикасы.- Нөкис:Илим, 2016.-205 бет. Роман ҳәм тәлим – тәрбия мәселеси.- Қарақалпақ филологиясының мәселелери. Илимий семинар топламы. – Нөкис: Илим, 2023.- 44 – 49- бетлер.

[25] **Нуржанов П.** Әдебият ҳаққында ойлар.- Нөкис: Билим, 2023, 336 бет.

[26] **Нуржанов П.** Әдебият ҳаққында ойлар.- Нөкис:Билим, 2023.-336 бет.

[27] **Нуржанов П**. Әдебият ҳаққында ойлар.- Нөкис:Билим, 2023.-336 бет.

да тарийхый романның изертлениўи мәселелерине дыққат қаратады(43 – 52-бетлер). «А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романында Бердақ образы дәреклери ҳәм раўажланыў эволюциясы» мақаласы да әҳмийетли (52 – 57 –бетлер). «Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес» романы ҳаққында», «К.Каримовтың «Аға бий романы ҳаққында гейпара ойлар» атлы илимий мақалаларында көтерилген мәселелер оғада әҳмийетли есапланады ( 57 – 81-бетлер).

Ҳәзирги тарийхый романларда ықшамласыў, қысқалыққа умтылыў сезиледи. Жазыўшы К.Каримовтың кейинги жыллары роман жанрында табыслы ислеп атырғанлығы белгили. Оның қәлеминен дөреген тарийхый темадағы романлары оқыўшылар жәмийетшилигине түрли ойлар салды. Әсиресе, қарақалпақ халқы тарийхында өз орнына ийе  Ережеп бий жөнинде жазылған «Аға бий» романы илимпазлар дыққатын аўдарды. Роман композициялық жақтан өзгеше қурылған. Прологта қаҳарманның табытын әкетип баратырған ўақыясы сүўретленеди. Бул арқалы өмир ҳәм өлимниң мәңгилиги ҳаққында философиялық ой жуўмағы шығарылады. Үш мүйешли композицияның қолланылыўы романды оқыўшыға тәсирли еткен. Көркем сөз зергери К.Каримовтың «Аққапшық» атлы дөретпеси ертеклер сыяқлы қызықлы оқылады. Бул жазыўшының усылы менен байланыслы қубылыс есапланады.

2013 – 2023-жыллары өзбек ҳәм қарақалпақ романларының раўажланыў бағдарларын, тенденцияларын ҳәм нызамлылықларын үйренип, изертлеп қарағанда, жанрлық жақтан алға илгериўлер, өзгешеликлер белгили болады. Дүнья жүзилик прозада қәлиплескен дәстүрлерди көркем сөз усталары дөретиўшилик пенен раўажландырғанлығы мәлим.

Өзбек жазыўшысы Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы тарийхый темада жазылған романында Әлийшер Наўайының қосықлары, поэзиясынан үзиндилер келтириледи:

*« -Эмас ул паҳлавонки, ўз қадрин –*
*Ки, боши узра элтибон нигун қилгай.*
*Паҳлавон они билки, етса ғазаб,*
*Нафси аммoрани забун қилгай».*[28]

Әлийшердиң бийтап болса да ҳәзилкешлиги, шайырлыққа ықласы бәлент екенлиги көрсетиледи. Мырзабек оны кеўли ашық, пәкизе, өкпе-гийнени билмейтуғын инсан сыпатында қабыл етеди, оның менен аға-ини тутыныўды ойлайды. Мухаммед палўан сырқас Әлийшер менен көрисип, оның Гератта оның дәслепки атқа мингенин, өзинен үлкен Хусайын Байқара менен гүреске түскенин, қылышпазлық қылғаны, жеңиске ерискенлерин еслейди. Бул тарийхый темада жазылған роман уллы шайыр образында жаңа белгилерди, пазыйлетлерди, оның жаслық гезлерин, күш-ғайратқа толып турған ўақытларын, шайыр сыпатында қәлиплесиўин сүўретлейди. Көркем сөз устасы Аман Мухтардың «Афлатун» тарийхый романында эпикалық мәкан, кеңислик - орын мәселесин үйренип қарағанымызда, тарийхый дәуирдиң еки ноқаты – Сукрат ҳәм Афлатун образлары арқалы қәдимги Юнонystan (Греция), Рауф образы арқалы XX әсир басларындағы Түркистан турмысы сәўлеленгенлиги, қәлемге алынғанлығы мәлим болады. Сәўлелендириў объекти сыпатында алынған дәўир адамларынан болған – Усман ҳәм

[28] **Музаффар Мырза.** Шам ва шамшир ( Навои ва Байқаро).- Шарқ юлдузи, 2020, 1 – сан, 40 – бет.

оның улы ортасындағы сәўбетлер, олардың ой-қыяллары көмегинде түрли заман ўақыялары, қаҳарманлар тәғдири бир орынға жәмленеди. Жәҳән прозасында романлар көплеп дөретилгени белгили. Француз әдебиятында Кристоф Ламбердиң «Судья» атлы полиция триллери жанрында жазылған (антиутопиялық элементлер менен) романы дыққат қаратады. Израиль ҳүкиметиниң бурынғы агенти Кристофер Келлер Парижде жасайды. Романда оның өмиринен бир неше күн сәўлеленеди. Ол Париж жынаятшыларының абырайлы баскесери Мбосси менен қарама-қарсылыққа келип қалады. Мбосси өзиниң баскесерлери менен Париж қаласында өз тәсирин күшейтиўге урынады. Моссадо лақаплы агент Келлер урланған жас қызды излеп табыўы ҳәм қутқарыўы керек болады, бунда оған полиция комиссары Люк Меринье жәрдем береди. Сюжет кескин шийелениседи. Қурал-жарақ сатыўшылар, буйыртпа тийкарында адам өлтириўшилер, наркотик пенен саўда ислеўшилер, балаларды сатыўшылар, урлаўшылар да романда қатнасады. Демек, сырт ел романларында көбирек детективлик шығармалар басым екенлиги мәлим. Фантастикалық дөретпелер де көплеп жазылды.

Тарийхый романлардан алдын қарақалпақ тарийхый прозасында повестьлер жазылғаны белгили болады. Тарийхый темада повестьлер бир қанша дөретилди. Жазыўшы – илимпазлар Ә.Пахратдиновтың «Айдос бий ҳаққында әпсана», С.Баҳадырованың «Тумарис ҳәм Кир», қәлемкеш Ж.Мояновтың «Палўанлар сәрдары» ҳәм Е.Үсеновтың «Ханмақсым» атлы тарийхый темада жазылған дөретпелери белгили. Солай етип, өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларынан алдын тарийхты сөз етиўши гүрриңлер

менен повестьлик шығармалар жазылғаны мәлим болады. Қарақалпақ ҳәм өзбек илимпазлары романлар ҳәм повестьлер бойынша бир қатар илимий пикирлерин жүзеге шығарады. Академик М.К.Нурмухамедовтың «Проза ҳаққында» мийнети 1964-жылы, «Қарақалпақ совет прозасы» атлы көлемли илимий мийнети 1968-жылы, 1997-жылы китап болып басылып шықты. Бул илимий мийнетлердиң қарақалпақ прозасында тарийхый романның жәнe повестьлердиң теориялық мәселелерин үйрениўде орны әҳмийетли. Бүгинги күнде романлар менен повестьлердиң изертлениўи тийис мәселелери бойынша бир қатар жаңа пикирлер пайда болып атырғанлығы мәлим. Академик М.Нурмуҳаммедовтың «Урысқа шекемги қарақалпақ прозасы» атлы 1959-жылы шыққан китабында да романлар ҳәм повестьлердиң пайда болыўы, қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы мәселелери де сөз етиледи.

Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятларының бүгинги күнде жаңа, ғәрезсизлик дәўири талапларына сәйкес үйренилиўи оның жанрларының – прозаның, поэзияның ҳәм драматургияның, әдебият илиминиң жаңаша, теориялық тийкарларда үйренилиўин нәзерде тутады. Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятындағы прозалық шығармалар ҳәзирге дейин илимпазлар тәрепинен бир қанша үйренилгенлиги белгили болады, бирақ айырым илимий мийнетлерде бир-бирине уқсас пикирлер, бир-бирин қайталаўлар, улыўма көркем шығарманың мазмунына итибар қаратыўлар, образларды сол жыллар талапларына сәйкес қарастырыўлар басым болып келеди. Бирақ та, ҳәзирги дәўир көзқарасынан өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романлары поэтикасын қайтадан үйрениў, жәҳән әдебияты үлгилери менен салыстырып

изертлеўлер талап етиледи. Прозалық туўындылар – гүрриңлер, повестьлер ҳәм романлар дөретилиўи оғада машақатлы жумыс саналады. Қәлемкешлер дәслеп киши көлемдеги шығармалар жазады. Өзбек жазыўшыларынан У.Ҳашимов, Н.Жалоладдинниң гүрриңлери оқыўшылар итибарын қазанды. У.Ҳашимовтың «Дийханның бир күни», Н.Жалаладдинниң «Жүрек», «Аўырыў», «Байрақ», Б.Мырзақабыловтың «Бүлбил сайрамаған таң», Абдуқаюм Йолдаштың «Базар», З.Қуралбай қызының «Жамғырлы тротуар», Р.Қадрдың «Бала көзи», И.Исмайловтың «Қырмызы қан» гүрриңлери, қарақалпақ қәлем ийелери Г.Есемуратованың «Үндемейтуғын күйеў, аўырмайтуғын қәйнене», Ә.Атажановтың «Оңбаған бала», Д.Шерниязованың «Садықлық», А.Әбдиевтиң «Несийбе», Я.Әжимовтың «Шопан қыздың дәптери», «Лақап», «Мәкемеден бир адам», Н.Жаңабаеваның ҳәм Ҳ.Өтемуратоваларрдың «Мута», «Мәскүнемниң бир күни», «Қыз кийели», «Гүрриңниң қаҳарманлары», «Сен жасаўың керек, Дәўлет», «Ҳәр бәҳәрде қарлығашлар қайтады», «Ергенек», «Қурқылтайдың уясы», «Душпан» детективлик туўындысы, «Дуўа» мистикалық гүрриңлери мәлим болды[29]. Н.Жалоладдин ҳәм У.Ҳашимов гүрриңлеринде миллий характер жаратылыўы мәселелери бойынша илимпазлардың изертлеўлери белгили. Қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында И.Өтеўлиев «Жан даўысы» китабында, З.Қтайбекованың изертлеў жумысларында ҳәм П.Алламбергенованың илимий мақалаларында сөз

[29] **Мирзоқобилов Б.** Булбул сайрамаган тонг.- Шарк юлдузи, 2017, 10-сан, 120 – 126- бетлер. Йўлдош. А. Бозор.- Шарк юлдузи, 2017, 6 – сан, 41 – 56- бетлер. Куролбой қизи Зулфия. Ёмғирли йўлка.- Шарк юлдузи, 3 – сан, 20 – 26- бетлер. Әбдиев А. Несийбе.- Әмиўдәрья, 2005, 2 – сан, 23 – 26- бетлер. Өтемуратова Ҳ. Тумарис. – Нөкис: Авангард, 2025.-36- бет. Патша Тумарис.- Нөкис:Авангард, 2026.- 56- бет.

етилди. Гүрриңлердиң ҳәр бириниң дөретилиў тарийхы бар. Жазыўшылар болған ўақыялар ҳәм қаҳарманлар туўралы жазыўы итимал, көркем қыялдан ҳәдийселерди сюжетке айналдырыўы мүмкин. Гүрриң ҳәм повестьлерди дөретип, тәжирийбе топлап, поэтикалық шеберлигин арттырып, кейин қәлемкешлер көлемли шығармаларға – романларға қол урады. Бул басқыштан жазыўшылардың көпшилиги өтеди.

## Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларының сюжетлик дүзилиси ҳәм композициялық раўажланыўы

Қарақалпақ ҳәм өзбек романларының раўажланыў тенденциялары, формалық, идеялық-көркем өзгешеликлери, еркин дөретиўшилик шараят тәсиринде еки әдебият жазыўшыларының услублық өзине тәнлиги ҳәм дөретиўшилигиндеги инсан машқаласының көркем талқысы ҳәм рәнбәрең образлар системасының қәлиплесиўи және де улыўма миллий бирдемликти беккемлеўдеги орны ҳаққында пикирлер көрсетиў талап етиледи.

Өзбек ҳәм қарақалпақ романларының сюжетлик - композициялық дүзилислери айрықша қызықтырады. Алым Ҳ.Умуров «Әдебият теориясы» атлы китабында композиция ҳаққында пикирлерин кеңирек түсиндиреди: «Композиция ҳәдийсеси – шығарманың денеси (пүтин қәлби) десек, шығарманың қалған бөлекшелериниң ҳәммеси де оның ишинде жасайды, усы тәрептен сюжеттиң бөleклери де, сюжеттен сырттағы бөлимлер (шығарма атамасы, эпиграф, лирикалық, философиялық, публицистикалық шегиниўлер, қосымша түсиндирмелер, пейзаж, портрет, руўхый таллаў) де

композицияның ишинде өз орынларында ҳәрекет етиўи менен сол пайытта композицияның беккемлигин тәмийинлеўи тийис»-деп жазады (139-бет). Көркем сөз зергери А.Қәдирийдиң романынан қарақалпақ көркем сөз усталары үйренгенлиги мәлим болады. А.Қәдирийдиң «Өткен күнлер» романы үш бөлимнен ибарат етип дүзилген еди. «Атабек Юсупбек ҳажы улы», «Хан қызына ылайық күйеў», «Бек ашық», «Марғилан ҳаўасы жақпады», «Бахыт ҳәм бахытсызлық», «Наўа сазы», «Гүмистиң сөз ойыны», «Зийнеп ҳәм Хоширейбийби», «Ташкент үстиндеги қанлы бултлар», «Бизде ким көп жылайды?», «Қуўылыў», «Шағымшылық», «Қабақ дийўананың белбеўи», «Ҳасаналының ҳийлеси» ҳ.т.б. атлы баплардың ҳәр бирине тема қойылады. Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы тарийхый темада жазылған романында Әлийшер Наўайының қосықлары, поэзиясы келтириледи:

*«Эмас ул паҳлавонки, ўз қадрин –*
*Ки, боши узра элтибон нигун қилгай.*
*Паҳлавон они билки, етса ғазаб,*
*Нафси амморани забун қилгай».*

Әлийшердиң биймар болса да ҳәзилкешлиги, шайырлыққа ықласы бәлент екенлиги көрсетиледи. Мырзабек оны кеўли ашық, пәкизе, өкпе-гийнени билмейтуғын инсан сыпатында қабыл етеди, оның менен аға-ини тутыныўды ойлайды. Мухаммед палўан сырқас Әлийшер менен көрисип, Гератта оның дәслепки атқа мингенин, өзинен үлкен Хусайын Байқара менен гүреске түскенин, қылышпазлық қылғаны, жеңиске ерискенлерин еслейди. Шавкат Нызамның «Тоғыз ҳақан салтанаты» атлы тарийхый роман-эссеси де үш

бөлимнен ибарат етип дүзиледи. Роман баслама менен бериледи. Биринши бөлим «Қуяш тамғасы» деген атамаға ийе. Биринши бап «Қәдимги түркийлер ҳәм…» деген атамаға қурылады. Екинши бап « Олар қуяшқа сыйынады», романның үшинши бабы «Мара ҳәм Тамора», төртинши бап «Қудайдың еркетайларын Иблис өлтире алмайды», бесинши бап «Шакьямуни Шаклы данышпан дегени», алтыншы бап «Тәрбияшысы бөри», жетинши бап «Қоңыраўлы көзмоншақлар», сегизинши бап «Бөрижар», оныншы бап «Жалайыр кемпир» ҳ.т.б. атамаларға ийе етип дүзилген. К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» атлы тарийхый темада дөретилген шығармасы менен салыстырып қарасақ, бул баплар бир-бирине уқсас, жақын екенлиги байқалады. Екеўинде де әййемги түркийлердиң бөриден тарағанлығы ҳаққында әпсаналар келтириледи. Әпсаналар негизинде романлардың сюжетлик-композициялық өзгешеликлери белгили болады. Екинши бөлим «Мәлийка ҳәм шаханшах» деп аталады. Бул екинши бөлим он екинши баптан басланады ҳәм ол «Уллы Кир 11 ахаманый» деген атамаға ийе етип бериледи. Он төртинши бап «Оның аты Тумарис», он жетинши бап «Дәниял пайғамбар», жигирма биринши бап «Сипархан» деп аталғанлығын көремиз. Бул романда Тумаристиң туўылыўынан баслап сүўретленеди. Бул он төртинши баптың сюжетинен мәлим. А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» романында да Тумарис ҳәм Кир – Қайруш образлары жаратылады. Тарийхый роман-эссениң үшинши бөлими «Қарақус» деп аталған. Ол жигирма жетинши баптан басланады. Ҳәм бул бап «Тәғдир есиги» атамасына ийе. Жигирма тоғызыншы бап «Қушан империясы», отыз үшинши бап «Ант», отыз бесинши бап «Ғарға», қырқыншы бап «Разия

хан», қырық алтыншы бап «Тамға» атамалары менен аталады. Жуўмақлаў бериледи. Бул тарийхый роман-эссениң атамасы «Тоғыз ҳақан салтанаты» деп қойылады. Әпсанаўий Ерлик ҳақан, Ўғузҳақан ҳәм Тарғытай, Ишпагай, Алп Ер тонке, Аттила, Истеми ҳәм Әмир Темурлар ҳаққында сөз етилгенлиги мәлим. Толқын Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд» романы жигирма алты жыл даўамында жазылады. Бул романның екинши атамасы «Яки бурақ ойпаты қыссасы» деп бериледи. Уллы бабамыз Баҳаўатдин Нақшбанд образы жаратылады. Диний уламалар образлары тарийхый прозада да жасалып баслады. Қарақалпақ жазыўшылары да олардың илим-ҳикмет жолындағы умтылысларын сүўретледи. К.Каримов та «Бердақ» атлы романында Қарақум ҳәзирет – Қутлы хожа ийшан образын көркем жаратады. Биринши бап «Қорқыныш ойпаты» деп аталған. Романның үшинши бабы «Сүйискенлер ойпаты» деп аталады ҳәм «Қызым не десе сол», «Пышықта бир сыр бар», «Суўық хабар» ҳ.т.б. майда темаларға бөлинген. Алтыншы бап «Сәйир ойпаты» деген атамаға ийе. Бунда «Тартысыў», «Келте шайық», «Темурбек пенен ушырасыў», «Еки дана қаўын» деген атамаларда ўақыялар раўажланады. Жетинши бап «Бурақ ойпаты» деген атамаға ийе есапланады. Романда сюжетлик-композициялық раўажланыўлар өзгеше. Сол дәўир сәўлеленеди. Сол заманлардағы тарийхый шараят, адамлардың сезимлери сюжетке киргизилген.

Ҳәзирги әсиримизде инсан тәрбиясы мәселеси баслы орында турады. Бул туўралы тарийхый туўындыда кең сөз етиледи. Роман бәҳәр паслын сүўретлеў менен басланады. Бул пейзаж қолланылыўы туўралы автордың өзи соңғы сөзде пикир билдиреди. «Дилдарбегимниң тәшўиши» атлы бапта ўақыялар раўажландырылады. «Бектиң саўғасы» атлы бап та

қызықлы жазылған. «Баҳаўатдин исимли ер жигит» атлы бап тийкарғы қаҳарман менен таныстырады. «Шөлден табылған қыз», «Қызым не десе, сол болады», «Ғарры ҳәм кемпир қыссасы», «Ынтық кеўиллер», «Суўық хабар», «Пышықта бир сыр бар» атлы бапларда тарийхый дөретпениң сюжети раўажланады. Автордың өзи бул тарийхый шығармасын жигирма алты жыл даўамында жазғанлығын айтады. Жазыўшы ҳәр бир ҳүжжетли дерекке дыққат пенен қатнас жасайды.

Солай етип, көркем сөз шеберлери өз тарийхый темадағы туўындыларында дөретиўшилик пенен қатнас жасап, шығармаларының атамаларын сайлағанлығына гүўа боламыз. Т.Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы» трилогиясында екинши китабының атамасы «Бахытсызлар» деп бериледи. Бунда жазыўшының Абдулла Қәдирийдиң «Өткен күнлер» романынан атамалар қойыў тәжирийбелеринен үйренгенлиги мәлим болады. К.Мәмбетовтың «Посқан ел» романында да усы тәжирийбениң излерин байқаўға болады. «Сарайшық сапары», «Аразласқан ағайин», «Орда әмири Орманбет», «Жуман жылқыманның аўылы», «Тынахмет султан», «Аласапыран заман», «Жылан жылында», «Өткен өмир елеси», «Жүреги жаралы жыраўлар», «Шикәрде», «Болар бала бес жасынан белгили», «Минарасы бийик Мәскеў», «Мүптилла муптының мәслаҳаты», «Досым өзине дос излейди» ҳ.т.б. баплардан қурылған. К.Каримовтың «Бердақ» атлы тарийхый-биографиялық романы да еки бөлимге бөлингени, биринշиси «Улғайыў», екиншиси «Заман гәрдиши» деп аталғанлығы белгили . Бул тарийхый темадағы шығарма 2021 – 2023-жыллары жазылғаны кейнинде анық көрсетиледи. Бердақтың өзиниң қосығынан

атама таңланады. П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» атлы романында да екинши бөлим «Пәлек гәрдиши» деп бериледи. Т.Алланазаровтың усы атамадағы роман - мемуары да дөретилгенлиги мәлим. Жазыўшы К.Каримовтың кейинги жыллары табыслы ислеп атырғанлығы белгили. Оның қәлеминен дөреген тарийхый темадағы романлары оқыўшылар жәмийетшилигине түрли ойлар салды. Әсиресе, қарақалпақ халқы тарийхында өз орнына ийе Ережеп бий жөнинде жазылған «Аға бий» романы илимпазлар дыққатын аўдарды. Роман композициялық жақтан өзгеше қурылған. Прологта қаҳарманның табытын әкетип баратырған ўақыясы сүўретленеди. Бул арқалы өмир ҳәм өлимниң мәңгилиги ҳаққында философиялық ой жуўмағы шығарылады. Үш мүйешли композицияның қолланылыўы романды оқыўшыға тәсирли еткен. К.Каримовтың «Бердақ» атлы 2021 – 2023-жыллары жазылған тарийхый романы да еки бөлимге бөлинеди, бириншн бөлими «Улғайыў» деп аталады, екинши бөлими «Заман гәрдиши» атамасына ийе. Бердақтың жас өспиримлик ўақтынан баслап романда сүўретленеди. Музаффар Мырза «Шам ҳәм шәмшир»( «Наўайы ҳәм Байқара») атлы романында да Әлийшердиң жаслық пайытларын, Самарқанд қаласында өткен жылларын сәўлелендиреди. «Дәслепки сапар» деп аталыўшы бап пенен көркем шығарма басланады. Бердақтың анасының Қарқараның төркинине, мүйтен аўылына қонаққа барыўын сүўретлеў менен дөретпе басланыўға ийе болады. «Дәслепки сапар», «Дәслепки қуўаныш», «Балықшы аўылында», «Қайғылы хабар», «Ушырасыў нийети», «Тәғдир язмышлары», «Қаратүптиң қырманында», «Теңиз балығын бермеди», «Ҳүрлиман», «Дәслепки қуўаныш», «Ақымбет», «Күнхожаның тәрийпи», «Бозатаў дәртлери», «Ҳәзиреттиң ҳүзиринде», «Ақымбеттиң қапа болыўы» сыяқлы темаларға еки бөлимде орын ажыратылады. Бердақ шайыр менен бирге Күнхожа, Әжинияз, Өтеш, Қарқара, Ғарғабай, Ақымбет,

Еденбай, Муўса, Ҳүрлиман, Қабыл, Бийбитхан, Қарақум ийшан, Қулен болыс, Өтемурат ҳ.т.б. образлары прототиплер негизинде жасалғанлығы белгили. Бердақ шайырдың өгизге байланыслы қосығының дөретилиў тарийхын, «Бүлбил», «Қаратүптиң қырманында», «Мүйтен», «Алты қыз», «Излер едим», «Теңиз балығын бермеди», «Айдос баба» ҳәм «Шежире» атлы шығармаларының дөретилиў тарийхын көркем сөз шебери өзгеше жаратады. К.Каримов өзи де шайыр болғанлықтан, тарийхый туўындыда көркем сөз зергери Бердақтың қосықларының ҳәм дәстанларының дөретилиў тарийхын шебер сәўлелендиргенлиги анық. Күнхожа ҳәм Әжинияз шайырлардың туўындыларының дөретилиў тарийхы бойынша да жаңаша пикирлер көркем түрде бериледи. Күнхожаның «Түйе екенсең», «Ел менен» дөретпелериниң тарийхы айтылады. Әжинияздың «Бозатаў» шығармасының тарийхы туўралы да сөз етиледи. Әжинияз бенен қыз Меңештиң айтысының да роман текстинде орын алғанлығын көремиз. Бердақ пенен Әжинияздың ушырасыўы ҳаққында жазылады. Бердақтың бақсылық искерлигине тийкарғы дыққат қаратылады. Қорқыт атаға, қобызға байланыслы сөзлер тарийхый романның текстине енгизиледи.

*«-Ҳақан улы өлгенди,*
*Лашы дүзде қалғанды,*
*Мен айтпайман жалғанды»* - бул қосық қатарлары Қорқыттың қобызы арқалы айтылады. К.Мәмбетовтың «Посқан ел» эпопеясында Орманбет бий өлгенде қыпшақ Қотан жыраў қобызын алып, Шыңғыс ханның баласы Жошының өлимине байланыслы кеўил айтқаны бериледи. Тарийхый ҳүжжетли дереклерде қаҳарманлар туўралы фактлар сақланады. Усы фактларды тарийхый романды дөретиўшилер сайлап, таңлап алады. Күнхожа Бердақты устазы сыпатында тарийхый шығарма бетлеринде ҳәрекет етеди. А.Садықовтың «Бостансыз

бүлбил» романында да усы факт алынады. К.Каримовтың ҳәм А.Садықовтың тарийхый темадағы дөретпелерин салыстырып қарағанда, бир фактқа еки көркем сөз шебериниң еки түрли қатнаста болғанлығы мәлим. Бундай мысаллар тарийхый прозада көплеп ушырасады. Өтеш пенен Бердақтың айтысына итибар қаратылады. Усы айтысқа байланыслы факт тарийхый туўындыда талас-тартыслы сюжетлерге айналдырылады. Мүйтен Бердақтың анасы Қарқараның урыўы саналады, яғный Бердақтың дайы журты есапланады, қарақалпақларда дайылы-жийенлиниң ҳәзил -дәлкеклери сүўретленген эпизодлар, буның кейнинде келип шыққан даў-жәнжеллер де исенимли бериледи. К.Каримовтың романында жаратылған Өтеш образын А.Садықов дөреткен образ бенен, прототип туўралы мағлыўматлар, әдебиятшы ҳәм тарийхшы илимпазлардың китапларындағы пикирлер менен салыстырып үйренемиз. Әжинияз шайыр образын К.Султановтың «Әжинияз» туўындысында, К.Мәмбетовтың «Бозатаў» дөретпесинде жасалған образлар, шайырдың дөретпелери менен салыстырамыз. Қутлыбектиң ядқа алыўлары арқалы жоқлаўдың роман көркем текстине киргизилгениниң гүўасы боламыз.

*«-Сары дәрьяның суўлары,*
*Тынып бир ақса болмай ма?*
*Үлкен ағам Кәт Елхан*
*Атының белин талдырып,*
*Табғашты шапса болмай ма?»*

Бул арқалы образларды ашып бериўге хызмет етеди, сюжетте ўақыялар тез бериледи. Будынлы бабаның ҳикаятлары да роман көркем текстинде бериледи. Бул

арқалы сюжет ықшамласады. Солай етип, К.Каримовтың «Бердақ» атлы романында образлар дөретиўдеги, сюжетти раўажландырыўдағы, композицияны қурыўдағы, конфликт дүзиўдеги өзгешеликлер белгили болады. Бердақ шайыр образы толық ашып берилмегенлиги, конфликт талап дәрежесинде раўажландырылмағаны, базы бир образлар жетерлише берилмегенлиги мәлим. Тарийхый шығарманың көркем текстинде қарақалпақ аңызлары, рәўиятлары, әпсаналары да келтириледи.Тасқырман ҳаққындағы әпсана дийханның тилинен айтылады, яғный гүррицши тәрепинен баян етиледи. Бердақ шайырға байланыслы халық аўзындағы сөзлер де роман сюжетине киргизиледи. К.Каримов та романларында портретлерди, пейзажларды көплеп пайдаланған. Гейде жазыўшының журналистлик искерлигиниң тәсирлерин көриў мүмкин. Бул жазыўшының «Ақ қапшық» романында қыз-жигитлер зыяпаты шебер сүўретленеди. Роман текстинде усы эпизод орын алған.

*«-Бәрекалла, Баршынжан,*
*Көтере назға уқсайсыз,*
*Торала ғазға уқсайсыз,*
*Ийилип кесе усынған,*
*Ийбели қызға уқсайсыз»*. - Сәлменниң тилинен айтылған бул сөзлер Нәзийпаның еске түсириўи арқалы бериледи. Ретроспекциялық усыл арқалы 9-19-бетлерде роман сюжети раўажланады. Дәўлетиярдың ядқа алыўлары, түси сүўретленеди. Фольклордағы пәтия жанры үлгиси де роман текстине киргизилген. К.Каримовтың «Ақ қапшық» атлы романында да қыз-жигитлер айтысы, зыяпатлар ҳәм миллий ойынлар сүўретленеди. Қ.Айымбетовтың «Өткен күнлерден

елеслер» атлы еске түсириўлеринен жазыўшы дөретиўшилик пенен пайдаланады. «Мәддешилер» атлы бапта буны көриў мүмкин. Кисапирлардың өмирин сүўретлеўде де Дәрьябай кисапирдың романда сюжетте ҳәрекет етиўи тастыйықлайды. Илимпаздың мийнетлери менен салыстырып изертлеймиз. Жазыўшы К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» романында да түс көриў ўақыясы сюжетте сүўретленеди[30]. «Мен жақында бир түс көриппен. Түсимде Тәңри таўға өрмелеп баратырған екенмен, әрманым шыңның қар жамылған бәлент төбесине жетсем …мисли қус киби ушып, әкемниң қушағына тасланаман [31]…». Көркем сөз устасы К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» тарийхый темадағы дөретпесинде тийкарғы қаҳарманлардың бири - Елтерис ҳақанның тилинен көрген түси баянланады. Елтерис ҳақан өзи көрген түси ҳаққында Будынлыға айтып бергенинде, ол өзинше түсинеди: «Ҳақанды руўхлар шақырыпты, ол көп узамай сояққа кетпекши, деген ой кеўлин аяздай қарып өтти[32]». Бирақ, Будынлы бул ойларын сездирмейди, оның түсти жорыўы басқаша болады. «Қыйыншылықлар бәлент шоққы болып түсиңизге кирген болса әжеп емес[33]». Аға-инилердиң талас-тартысы маори халық ертеклеринде де жийи ушырасады[34]. Хатупату менен ағаларының тартысы ертеклерде сүўретленген. К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» тарийхый романында да Оңал менен Муғылиян, Күлтегинлер арасындағы тахт, басшылық ушын таласыў мотиви де бериледи.[35] Бул мотив

[30] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.- Нөкис:Билим,2014.-83-84-бетлер

[31] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим,2014.-83-84-бетлер.

[32] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим,2014.-84-бет.

[33] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим,2014.-84-бет.

[34] Маорийские сказки и легенди.-Москва:Восточная литература,1986.-348 с.

[35] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим, 2014.-248 бет.

сюжетлерге киргизиледи, эпизодларға айналдырылады. Бул тарийхый шығармада қаҳарманлардың диалоглары көркем қолланылады.

«-Йадашымысаң?

-Йадашыман.

-Йаданы кимнен үйренгенсең?

-Бабамнан. Ол өзиниң бабасынан.

-Әкең йадашы ма еди?

-Жоқ. Бабам йадашы[36]».

Тоныкөк пенен Қабақлы ядашының өз-ара диалогында оның өмирбаянына тийисли дереклер ҳаққында пикир жүргизиледи. Қабақлы ядашының көрген түси де роман бетлеринде сүўретленеди. «Түсинде Қабақлының үстиндеги қалың ҳәм жыллы көрпени кимдур тартып алмақшы болып атырған, ал ядашы болса оңында ҳеш қашан жамылып көрмеген көрпени ең болмағанда түсинде ажыралып қалмаўды ойлап, оған тис-тырнағы менен жабысып атырған еди[37]». Бул түс мотиви де роман сюжетине киргизиледи. Қабақлының образында өзгешеликлерди ашып бериўге хызмет етеди. Тарийхый романның көркем текстинде 161-163-бетлерде көкпар ойыны да сюжетке киритиледи. Бул арқалы миллий өзгешелик белгиленеди. Қытай патшасының өмирине байланыслы эпизодларда зәҳәр пайдаланылыўы ҳаққында эпизодлар да берилген (220-бет). А.Әбдиев «Әййемги қарақалпақлар» атлы романында сак-массагет дәўирин сүўретлейди, Тумарис ҳәм Кир образларын жасайды. Прозаик К.Мәмбетов «Посқан ел» эпопеясында сол дәўир тарийхый шынлығы тийкарында сюжетти раўажландырады. Я.Ильясовтың «Согдиана» романында композициялық өзгешелик көринеди, сүўретленген тарийхый ўақыялар үш  китапқа бөлинеди, «Катанлық

[36] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим, 2014.-175- бет.

[37] **Каримов К.** Уллы дашт бөрилери.-Нөкис:Билим,2014.-182-бет.

кемпир» деп тема берилген прологта Заранның тилинен сюжет бериледи, екинши китап, биринши китап ҳәм үшинши китап «Қаплан аўда» деп аталады. «Қорқынышлы ойпатлық» деп аталған китапта Александр Македонскийге байланыслы сюжет раўажландырылады, тарийхшы Клитархтың сөзлери роман текстине енгизилип жибериледи. Я.Ильясовтың романының композициялық қурылысын изертлегенде, оның өзгеше дүзилгенлиги дыққат қаратады. Үш китаптан ибарат етип қурылғанлығы мәлим. Биринши китаптан алдын кирисиў түринде «Катанлық кемпир» деп тема қойылған ҳәм буған «Афиналық қызлар айтысынан» үзинди берилип, бул эпиграф ретинде таңланған. Спитаменнин екинши ҳаялы Заранның тәғдирине байланыслы ўақыялар бул прологта орын алғанлығы белгили. Я.Ильясовтың «Согдиана» романында Спитамен ҳәм Александр Македонский образлары көркем жаратылады. Әпиўайы әскер Феагенге байланыслы қосымша-параллель сюжет бериледи. К.Мәмбетовтың «Бозатаў» романында да жазыўшы фантазиясының жемиси болған Қудайберген устаға қатнаслы сюжет бериледи. К.Каримовтың «Аққапшық» романында да Беркинбайға байланыслы қосымша сюжет раўажландырылады. Бас қаҳарман Асқарға байланыслы тийкарғы сюжет пенен биргеликте Беркинбайға қатнаслы сюжет бериледи.

Солай етип, тарийхый романларда образ дөретилиўи ҳәм сюжет жасаў мәселелеринде усындай өзгешеликлер бар екенлиги белгили болады. К.Мәмбетов фольклор, қарақалпақ әдебияты бойынша да белгили қәнийге еди. «Қарақалпақ толғаўлары» бойынша илимий мийнет жазды. Толғаўлардан образ жасаўда пайдаланыў мәселеси бойынша жазыўшы әдеўир табысларға ерискенлиги мәлим. Орманбет

ҳәм Жийен образларында буны көриў мүмкин. Тарийхый эпопеяның атамасы да Жийен жыраўдың «Посқан ел» толғаўынан алынған. Демек, «Түркстан» романында қаҳарман етип таңланған Жийенбек образы менен Жийен жыраўдың өзиниң дөретпеси байланыслы екенлиги ҳаққында жуўмақлар шығарылады. Бул тарийхый роман-эссениң атамасы «Тоғыз ҳақан салтанаты» деп қойылады. Әпсанаўий Ерлик ҳақан, Ўғузҳақан ҳәм Тарғытай, Ишпагай, Алп Ер тонке, Аттила, Истеми ҳәм Әмир Темурлар ҳаққында сөз етилгенлиги мәлим. Олардың қайталанбас образлары жаратылады. Мухаммел Әлийдиң «Уллы салтанат» ҳәм «Сәрбәдарлар» атлы тарийхый дөретпелеринде де Әмир Темур образы жасалған еди. Шавкат Нызам жаратқан образды Мухаммед Әлий жасаған образлар менен салыстырып қарасақ, ҳәр бир көркем сөз шебериниң өзиншелиги мәлим болады. Шавкат Нызам мәмлекетшилик тарийхында Әмир Темурдың орны үлкен болғанлығын анық белгилейди. Ҳәр бир жазыўшының стильлик изленислери де белгили. Мухаммед Әлий Әмир Темурдың жанлы инсан сыпатындағы образын жаратады, ақлығы қайтыс болғанда қыйналғанларын сүўретлейди, шаңарағындағы келиспеўшиликлерди ашық жазады. Сюжет ҳәм композиция раўажланыўында олардың өзгешеликлери анық көзге тасланады. Мухаммед Әлий узақ жыллар шайыр сыпатында поэма, қосықлар жазды, публицист сыпатында мақалалар шығарды, илимпаз ҳәм аўдармашы ретинде белгили болды. Шавкат Нызам енди дөретиўшилигин баслап атырғанлығы мәлим. А.Әбдиев та илимпаз – алым ретинде илимий искерлик пенен де шуғылланды, гүрриңлер, повесть ҳәм романлар дөретти, аўдармалар менен де халыққа танылды.

Солай етип, көркем сөз шеберлериниң ҳәр бириниң өзинше, өзгелерге уқсамаған келбети, ҳәр қайсы қәлем

ийесиниң жеке услублық – стиллик өзгешеликлери мәлим болады. Тарийхый романлардың сюжетлеринде де буны байқаў мүмкин. Ҳәр бир тарийхый туўындының сюжети өз бағдарына ийе. Композиция қурыўда да ҳәр қайсы қәлемкеш өз жолынан барады.

Әййемги дәўирлер тарийхын қәлемкешлер өз дөретпелеринде сәўлелендиргенлиги мәлим. Жазыўшы ҳәм журналист Толқын Ҳайыттың «Баҳаўатдин Нақшбанд» романы жигирма алты жыл даўамында жазылады[38]. Қарақалпақ романларында, соның ишинде тарийхый романларда сюжет дүзиў мәселеси қызығыўшылық пайда етеди. Улыўма, қарақалпақ романларында сюжетте тойлар, палўанлар гүреси, ат шабыслар-жарыслар, ылақ-көкмар ойынлары, қыз-жигитлер отырыспақлары, жуўап айтыслар, аң аўлаўлар, балық аўлаўлар, миллий турмыс ритуаллары, үрп-әдет, дәстүрлер ҳ.т.б. сюжет дүзиўде кең пайдаланылады. Бул қайталанатуғын сюжетлер пайдаланылыўы өз алдына изертлеўди талап етеди. Сюжетлердиң дереклери мәселесин де арнаўлы үйрениў керек болады. Көркем сөз усталары К.Каримовтың «Аға бий» романында сюжетлик дүзилис мәселесин арнаўлы үйрениў керек болады. Бегис пенен Мыржықтың өлимлериниң сүўретлениўи Т.Қайыпбергеновтан басқаша бериледи. «Аға бий» романының сюжетинде халық аўзында тарқалған әңгимелер сәўлеленеди. Бул жазыўшының узақ ўақытлар даўамында халық аңызларын үйренгенлигинен дерек береди. Қарама-қарсылықлы мазмунға ийе, аўызеки дереклерден ең мақул көрген вариантын таңлайды. «Айдос инисин «аўырмаған адам бар ма, еле турып, диң-диң ойнақлап кетесең» деп жубатса да, отаўдан кеўли езилип шықты»,- деп

[38] **Ҳайит Т.** Баҳоуддин Нақшбанд.- Тошкент: Янги аср авлоди, 2018.- 448 бет.

Бегистиң өлимине байланыслы сюжетти раўажландырады[39]. «Ол Бегистиң ҳаялының аўзынан шыққан еди, өкшеси қанамаған, бирақ балларды жанындай жақсы көретуғын, Бегиске де сөзи өтимли болғанлықтан, перзентсиз болса да үстине тоқал алдырмай киятырған ҳаялы суўсын алып кирсе, батырдың жатысын қолайсызлаў көрип, «шабазым, суўсын әкелдим» десе сес бермепти, гүманланған ҳаял жүрек тусына қол салып көрсе, жүреги соқпай қалған екен[40]». Солайынша, Бегистиң өлимине байланыслы түрли сөзлер шығыўда ҳаялы себепши сыпатында көрсетиледи. Мыржықтың өлими де Т.Қайыпбергенов романынан өзгеше етип бериледи: «Жасаўыл нөкерлери менен ойласып, «бул издиң өзи мынаўсы, ийеси қандай екен, мәгар дәў шығар, ол бизге баш бермес, қайта өзимизди жазым қылар, оны излеп таппадық деп айтайық» деген шешимге келип, ғырра изине қайтып кеткен екен деп айтысып жүрер еди[41]». Тағы да мысал: «Мыржықтың неден ҳәлек болғаны анықланбай-ақ, денеси жер қойнына тапсырылды[42]».

Жуўмақлап айтқанда, сюжетте бул ўақыялардың усылайынша берилиўи бираз исенимлирек есапланады. Көркем сөз зергери К.Каримов сюжетке ҳәдийселерди, фактларды таңлап, сайлап киргизгени мәлим болып тур. Жазыўшы ҳүжжетли дереклерди дыққат пенен үйренген, фактларды сын көзқарас пенен қарастырған, нәтийжеде халық аўызеки дереклеринде айтылып жүрген көп санлы, қоспалы, қурамалы сөзлерге дөретиўшилик пенен қатнас жасап, өзинше мақул деген вариантын таңлаған. Сюжетти

[39] **Каримов К.** Аға бий.-Нөкис:Билим,2017.-242-бет.

[40] Сонда,242-243-бетлер.

[41] Сонда,244-бет.

[42] **Каримов К.** Аға бий.-Нөкис:Билим,2017.-244-бет.

былайынша раўажландырыў сөз устасының поэтикалық шеберлигинен дерек береди. Тарийхый романда сюжетлер исенимли раўажландырылады. Сюжет ҳәм оның шешимлерин жаңаша бериў арқалы тарийхый дөретпениң көркемлик қуны артады. А.Әбдиевтиң «Әййемги қарақалпақлар» атлы тарийхый темада дөретилген туўындысында сюжетти раўажландырыўда өзгешеликлер мәлим болады. «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында ертек» шығармасының сюжетинен де поэтикалық шеберлик пенен пайдаланғаны белгили. Ертектеги қаҳарман Данай деп бериледи. Тумарис ҳаққында роман дөретиўде «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында ертектиң» әҳмийети жоқары болған. Буны тарийхый романның көркем текстине персонажлардың бириниң аўызеки әңгимеси түринде киргизеди. Кир – Қайруш ҳаққындағы мағлыўматлардың да усылайынша пайдаланылыўына гүўа боламыз. Ертеклердеги кийик қуўыў сюжетлери де қолланылады. Роман сюжетинде жолбарыс аўлаў эпизоды бериледи. «Қоблан» дәстанындағы Қыдырбай ғаррының Бозкемпир жолбарыстың жүрегине жерик болғанда «Айға шап, шерим» деп марапат берип, жолбарыс пенен ушырасыўы эпизоды менен салыстырып қарағанымызда, жазыўшының өзгешелиги мәлим болады. Қаратас жолдаслары менен келиншегиниң жерик асына жолбарысты мүйтенлер елатынан аўлап қайтады. Оған Буўрахан жәрдем етеди. Сюжетте аңшылық эпизодлары көплеп бериледи. Бул жазыўшының көркем қыялынан жаратылған эпизодлар екенлиги мәлим. Дәстанларда қаҳарманлардың илаҳий туўылыўы мотиви сюжетке киргизиледи. Қобланның туўылыўы да усылайынша сүўретленеди. Тумардың туўылыўында оның қаҳарманлығын, батырлығын көрсетиўде бул мотив пайдаланылады. Дәстанлардағы образ дөретиўдеги

тәжирийбелерден көркем сөз шебери шебер пайдаланған. Бунда тарийхый искер Тумарис образы шебер жасалады. Илимпаз К.Г.Голигина қытай әдебияты мысалында тарийхый романлар сюжети мәселесин үйренеди[43]. Тарийхый ўақыялар негизинде сюжетлер бериледи. Қарақалпақ романы да бул дәўирлерде, яғный, 2013-2023-жыллары раўажланыўдың пүткиллей жаңа басқышына көтерилди деп айта аламыз. Аң аўлаў эпизодлары тарийхый темадағы шығармаларда қайталанатуғын сюжетлерге киреди. Француз жазыўшысы А.Дюма «Марго королева» тарийхый романының сюжетинде де бас қаҳарман король Карлдың аң аўлаўлары, қус салыўлары сюжетте сүўретленеди.[44] «Сокол, на мгновение ослеплённый светом, перевернулся в воздухе, описал небольшой круг на месте и вдруг заметив цаплю, быстрым взмахом крыльев понесся вслед за ней[45]». Өткир тумсық деп аталыўшы қустың аң аўлаў эпизоды тарийхый дөретпеде бериледи. Бул суңқар менен аң аўлаў тарийхый темадағы шығармада сюжеттиң шийеленисиўине алып келеди. Екатерина, ана королева, Генрихты уўлайман деп, өз перзенти Карлды уўлап қояды. Жазыўшы А.Дюма сюжетте усындай ўақыяларды кескинлестирип, шебер сүўретлейди. Тазы ийтлер менен доңыз аўлаў эпизодларында да Карл жекпе-жекте оның өз иниси Алансон атын атып, ал Генрих доңызды өлтиреди. Сюжеттиң усындай шийеленискен, қоспалы, қурамалы бағдарлы, кең жобалы ҳәм қарама-қарсылықлы түрлерин қурыўда еле қарақалпақ ҳәм өзбек жазыўшылары француз прозасы ўәкиллеринен үйрениўге туўра келеди. «И всё же

---

[43] **Голигина К.И.** Новелла средневекового Китая.-Москва:Наука,1980.-326 с.

[44] **Дюма А.** Марго королева.-Ташкент:Шарк,1993.-548 с.

[45] Сонда, 465-бет.

нам придется расстаться с этим великолепным зрелищем и войти в ту часть леса, куда и нас соберутся все актёры сейчас разыгранного действа[46]». Бундай байланыстырыўшы сөзлерди А.Дюма тез-тез қолланады. Қарақалпақ ҳәм өзбек жазыўшылары Шавкат Нызам, Т.Қайыпбергенов ҳәм К.Каримов романларында да бундай сөзлер берилгенин көремиз. Жуўмақлап айтқанда, 2013 – 2023-жыллары өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларының уйғынлықта раўажланыўға ийе болғанлығы мәлим болады.

## Ҳүжжетли тарийхый дереклердиң пайдаланылыўы

Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый прозасында романлардың авторларының поэзия, әдебият, этнография, тарийх, тил ҳәм журналистика илимлери менен бирге шуғылланыўы шығармалардың табыслы дөретилиўинде өз орнына ийе болғанлығы даўсыз. Дүнья жүзилик әдебияттан базыбир мысалларды келтирип өтсек. Тарийхый темаларды сәўлелендириўшилердиң изертлеўшилик - илимпазлық искерлик пенен де шуғылланыўы белгили болады. Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында жазыўшылардың изертлеўшилик хызмети ҳәм ҳүжжетли дереклердиң пайдаланылыўы туўралы кеңнен тоқтап өтиў зәрүр болады. Т.Қайыпбергеновтың өзи романларында жүргизилген изертлеўшилик жумыслары туўралы айтып өтеди[47]. К.Султанов, К.Мәмбетов, О.Бекбаўлов, А.Садықов, Қ.Мәтмуратов, К.Каримов, А.Султанов ҳәм А.Әбдиев сыяқлы

---

[46] Сонда, 469-бет.

[47] **Қайыпбергенов Т.** Көздиң қарашығы.- Нөкис: Қарақалпақстан,1986.- 336-бет.

жазыўшылар да тарийхый романларын жазыў барысында бул басқыштан өтеди.

Жазыўшылардан Айбек, Мухаммед Әлий, М.Әўезов, Ю.Н.Тынянов, А.Виноградов, К.Мәмбетов ҳәм Л.Гроссманлар илимпазлар жәнe жазыўшылар сыпатында белгили болды. Олар тарийхый романларын жазыўда илимпазлық пенен жазыўшылықты өзлеринде бирлестирди. Илимпазлар олардың усындай қәбилетлерин түрлише баҳалайды[48]. Яғный, бул көркем сөз шеберлери жазыўшылық талант пенен илимпазлық искерликти бирлестирип, еки тараўды теңдей алып барады. Айрықша, Ю.Н.Тынянов, А.К.Виноградов, Айбек, Мухаммед Әлий, М.Әўезов, В.Санги менен Л.Гроссманлар әдебият, фольклор мәселелери менен де шуғылланды. Ю.Н.Тынянов әдебият теоретиги ретинде искерлик көрсетти. Л.Гроссман XIX әсир әдебияты мәселелери менен шуғылланды. «Шайыр ҳәм ўақыт» атлы трилогиясын, «Д.Аршиактың жазбалары», «Рулетенберг» ҳәм «Мақпал диктатор» атлы тарийхый ўақыялар сәўлеленген романларын дағазалады. «Рулетенберг» атлы романында Ф.М.Достоевский бас қаҳарман етип алынады. Оның «Жынаят ҳәм жаза» романынан, анығырағы, сюжетинен де пайдаланады. «Д.Аршиактың жазбалары» романында болса бас қаҳарман сыпатында А.С.Пушкин ҳәрекет етеди. Солай етип, оның образлар дөретиў өзгешелиги мәселесине дыққат аўдарыў керек болады. Демек, илимпазлық – изертлеўшилик хызметлери тәсиринде бул романлары дөретилгенлиги мәлим.

Өзбек тарийхый прозасында Мухаммед Әлий де илимпаз ретинде белгили болды, шайыр ҳәм публицист сыпатында

---

[48] **Андреев.** Русский исторический роман.-Москва-Ленинград:Издательство Академии Наук СССР,1962.-166 с.

да искерлик пенен шуғылланған еди. Илимпазлар Бабаш Исмайлов ҳәм Артық Каримов қарақалпақ әдебиятының мәселелери менен, әсиресе классикалық поэзия менен шуғылланды. Олар Жийен Аманлық улының, Күнхожа Ибрайым улының ҳәм Өтеш Алшынбай улларының өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барды, олардың шығармаларының жыйналыўы, баспадан шығарылыўы ушын жанкүйерлик пенен жумыслар алып барды. Алым Б.Исмайловтың «Күнхожаның өмири ҳәм дөретиўшилиги» атлы монографиясы жәрияланды. Ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң раўажланыўы мәселелери бойынша да бир қатар мақалаларын жарыққа шығарды. «Қарақалпақ әдебиятының мәселелери» атлы «Қарақалпақстан» баспасынан 1975-жылы шыққан топламда оның әдебий сынның жағдайы бойынша илимий мийнети жәрияланды. Оның көркем шығармалары, аўдармалары, әсиресе тымсаллары халқымызға кеңнен мәлим.

Изертлеўши А.Каримовтың «Жийен Аманлық улының өмири ҳәм дөретиўшилиги» және «Өтеш Алшынбай улының өмири ҳәм дөретиўшилиги» бойынша монографиялары баспадан жарық көрди. «Қарақалпақ әдебиятының тарийхы» («История каракалпакской литературы») атлы мийнетте оның жазған илимий изертлеў жумыслары жәмленди. «Легендалар ҳәм рәуиятлар», «Жазба әдебий естеликлер», «Қорқыт ата китабы», «Махмуд Қашғарийдиң «Девону-луғатит турк» шығармасы ҳәм «Он сегизинши әсирдеги қарақалпақ әдебияты» атлы бөлимлерди алым А.Каримов жазғанлығы белгиленеди. Усы китаптың «Күнхожа Ибрайым улы» атлы бапты А.Каримовтың илимпаз Б.Исмайлов пенен бирге жазғанлығы көрсетилген. Илимпаз А.Каримов

Жийен жыраўдың ҳәм Өтеш шайырдың өмирине тийисли мағлыўматларды жыйнады, қосықларының, толғаўларының ҳәм поэмаларының дөретилиў тарийхына байланыслы дереклер берилди, көркем сөз шеберлериниң дөретпелери талланды. Б.Исмайлов Күнхожаның өмирине дерек мағлыўматларды жыйнады. Алымлардың илимий изертлеў жумыслары тарийхый романның дөретиўшилери тәрепинен ҳүжжетли дереклер сыпатында пайдаланылды. Тарийхый романларда прототиплер тийкарында образлар дөретиледи, қәлем ийелери өзи сүўретлемекши болған заманның тарийхый шынлығын ҳүжжетли дереклерден излейди. Бундай тарийхый ҳүжжетли дереклер сыпатында шайырлардың өзлериниң әдебий мийрасы, қосықлары, толғаўлары, поэмалары, олар ҳаққында әдебиятшы алымлардың илимий мийнетлери, мақалалары, китаплары, монографиялары, халық аңыз-әңгимелери, тарийхшы илимпазлардың изертлеў жумыслары, архивлик ҳүжжетлер ҳ.т.б. болыўы мүмкин. Ҳүжжетли дереклер ретинде тарийхый туўындыға қаҳарманлар ҳәм персонажлар етип таңланған адамлардың жазған хатлары, күнделиклери, олар ҳаққында заманласларының еске алыўлары да пайдаланылады. Буны жер жүзилик әдебиятта тарийхый шығармалар жазыў тәжирийбесинен көриў мүмкин.

Көркем сөз зергерлери Айбектиң «Наўайы», Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») тарийхый темада жазылған романларында уллы шайыр Әлийшер Наўайының образлары көркем жасалған еди. «Ҳамса» дәстанының дөретиўшисиниң өз шығармалары Музаффар Мырза тәрепинен пайдаланылды. Уллы көркем сөз зергериниң образын жасаў ушын оның өзинен мийрас болып қалған ҳәр бир сөзге, ғәззелге итибар қаратыў керек болады.

Әлийшер Наўайының ҳәм оның устазларының образларын жасаў оғада машақатлы жумыс саналады, Музаффар Мырза ғәззел мүлкиниң султаны Әлийшер Наўайының жаслық жылларын сөз етеди, оның Самарқандта жасаған дәўирин сүўретлейди, қыйыншылықларға сабыр-шыдам менен төтепки берген көркем сөз зергериниң келбетин жасайды.

Профессор К.Мәмбетов «Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебий байланыслары» атлы китабында (Нөкис, Қарақалпақстан, 1992, 186 бет) өзбек ҳәм қарақалпақ шайыр – драматург – жазыўшыларының өз-ара байланысы, дәстүр ҳәм жаңашылллық мәселелери бойынша баҳалы жуўмақларын береди. «Наўайы ҳәм қарақалпақ әдебияты» атлы изертлеў жумысы да белгили. К.Мәмбетовтың «Түркстан» романында, А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» ҳәм Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай» ҳәм К.Каримовтың «Бердақ» атлы тарийхый темада жазылған романларында Жийен жыраў ҳәм Өтеш шайырдың образлары жаралды. Өзбек тарийхый прозасында Айбектиң «Наўайы», П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» ҳәм Музаффар Мырзаның «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы романларында шайыр образын жасаў тәжирийбелеринен қарақалпақ жазыўшылары да дөретиўшилик пенен пайдаланды. Әлийшер Наўайының образын жазыўшылар Айбек ҳәм Музаффар Мырзалар шебер дөретти. Уллы көркем сөз зергери Наўайының мийраслары бүгинги күнде де тереӊ үйренилип атыр. Музаффар Мырза «Шам ҳәм шәмшир» («Наўайы ҳәм Байқара») атлы тарийхый темада жазылған романында Әлийшер Наўайының Самарқандта өткерген жыллары, жаслық дәўири сәўлеленеди, шайырдың жаслық жыллары келтириледи, қыйыншылықларға сабырлылық көрсетиўи, оның устазы Ҳасан Ардашердиң

образы көркем дөретилди. Музаффар Мырзаның шайыр өмирине тийисли мағлыўматларды, шайыр туўралы илимий мийнетлерди, оның поэзиялық мийрасларын қунт пенен үйренгенлиги мәлим болады.

Қарақалпақ тарийхый прозасында да қәлемкешлер дүнья жүзилик тарийхый прозада ҳәм өзбек жазыўшыларының изленислеринен, утысларынан ҳәм табысларынан пайдаланып, Жийен жыраў ҳәм Өтеш шайырлардың образларын жаратты. Көркем сөз шебери К.Мәмбетов «Посқан ел» эпопеясында Өтеш шайырдың қосығынан эпиграф таңлайды. «Түркстан» романында Жийенниң толғаўынан эпиграф бериледи, әкеси Аманлық улын бас қаҳарман етип таңлайды, оның ядқа алыўлары, еске түсириўлери ҳәм көз алдына келтириўлери арқалы романның сюжетин қурады. Жийен әкеси менен бирге кәрўанда жүриске қатнасады. Оның урысларды жек көриўи, саз әсбапларына ықласы, жыраўшылық өнерге қызығыўы көрсетиледи. Аманлық пенен өз-ара диалогларында Жийен образының өзгешеликлери бериледи. Ол басып алыўшылық урысларды қаралайды. А.Каримов та өз мийнетлеринде жыраў мийрасының усы тәрепине дыққат аўдарады. Урыс ҳәм парахатшылық темасы мудамы шығармаларда жаңғырып турады. Оқыўшылар да Жийен образында оның ел басқарыўшылар жөнинде айтқан гәплери, әкеси менен сырласыўына қызығады. Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай» романында Жийен жыраўдың толғаўынан эпиграф таңланады, прологта Қабақлы ата менен Жийен образлары жасалады. Ол Жийенниң илаҳий талантқа ийе екенлигин көрсетеди. Жазыўшы А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» тарийхый романында Бердақ бас қаҳарман етип алынады. Өтеш оның дайысы етип сүўретленеди. Оның Бердақ пенен

ҳәзиллесиўи, көркем қыялдан дөретилген персонаж Жарақпан менен дәлкеклесиўи сыяқлы эпизодлар жаратылады. Күнхожа шайырдың устазлық етиўи сәўлеленеди. Әжинияз шайыр да персонажлардың бири ретинде қатнасады. Бул көркем сөз шеберлеринин барлығы да прототиплер негизинде образларды жасағанда, илимпазлар Б.Исмайлов пенен А.Каримовтың илимий мийнетлерин, монографияларын пайдаланғаны сөзсиз.

Тарийхый романларда ҳүжжетлер болыўы, ҳақыйқый қаҳарманлар ҳәрекет етиўи, тарийхыйлық, сюжет тарийх шынлығы тийкарында қурылыўы тәризли өлшемлер негизги орында турады. Романлардың тарийхый тийкарларының ҳүжжетлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе саналады. Қарақалпақ тарийхый романының изертлениўи мәселелери әдеўир қурамалы есапланады. Себеби, тарийхый проза өз раўажланыў жолына, дәстүрине, нызамлылықларына ийе саналады, тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда, романлардың композициясын, сюжетлерин раўажландырыўда, образлар жасаўда ҳәр бир жазыўшы өзинше жол тутады. Жазыўшының фантазиясы тарийхый шығармада баслы орында турады. Солайынша, тарийхый прозада сюжет, образлар жаратылыўы мәселеси қурамалы есапланады. Қарақалпақ тарийхый романының изертлениўи мәселелери әдеўир қурамалы есапланады. Себеби,тарийхый проза өз раўажланыў жолына, дәстүрине, нызамлылықларына ийе саналады, тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда, романлар композициясын, сюжетлерин раўажландырыўда, образлар жасаўда ҳәр бир жазыўшы өзинше жол тутады. Жазыўшының фантазиясы, стили тарийхый шығармада баслы орында турады.

Тарийхый шынлық ҳәм жазыўшының шеберлиги, тарийхый прозада сюжет, композиция, прототип, фантазия, конфликт, образлар мәселелери изертлениўи керек болады.Тарийхый роман дөретиў жазыўшыдан үлкен таярлықты, жазылатуғын дәўир туўралы изертлеўшилик жумысты талап етеди. К.Каримовтың «Ақ қапшық», «Дәрўиш», «Зардушт», «Уллы дашт бөрилери», К.Султановтың «Әжинияз», К.Мәмбетовтың «Бозатаў», «Посқан ел» эпопеясы – «Зобалаң», «Топалаң» ҳәм «Түркстан»,Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы – «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар» ҳәм «Түсиниксизлер», О.Бекбаўловтың «Беруний», «Владимир Қарақалпақов», А.Султановтың «Дөҳмет» кинороманы менен «Елим деген ер еди» романлары белгили. Айбектиң «Наўайы» романында да шайыр образы жасалды. М.Аўезовтың «Абай жолы» эпопеясында Абай образы жаратылды. Булардың барлығы қарақалпақ жазыўшылары тәрепинен өзлестирилген тәжирийбе болғанлығына даў жоқ.

Қарақалпақ жазыўшылары дәслеп тарийхый темадағы повестьлерден баслады. К.Каримовтың тарийхый романлары баспаларда китап болып басылды. Көркем сөз зергери К.Каримов «Аға бий», «Уллы дашт бөрилери» ҳәм де «Ақ қапшық» тарийхый романлары менен қарақалпақ прозасында тарийхый роман жанрын жаңа бийиклерге көтерди. ХХ әсирде Т.Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар» ҳәм «Түсиниксизлер» романлары дөретилген еди. К.Мәмбетовтың «Зобалаң», «Топалаң» жәнe «Түркстан» романлары да тарийхый проза үлгилери еди. О.Бекбаўловтың «Беруний» романы тек қарақалпақ әдебиятында ғана емес, Орайлық Азия халықларына да таныс. К.Султановтың «Әжинияз» романы да көркем

дөретилген тарийхый шығармалардың бири. Бул тарийхый темадағы дөретпелердиң қатарына К.Каримовтың жаңа романлары қосылды. XXI әсирдеги дөретилген дәслепки романлар ретинде оқыўшылардың қызығыўшылығын пайда етери сөзсиз. Әсиресе, «Ақ қапшық» романы айрықша қызығыўшылық пенен оқылады. Асқарбай образы оқыўшылар дыққатын тартады. Тарийхый шынлықтан ҳәм ҳүжжетлердиң берген мағлыўматлары бойынша ақ қапшық деп аталған ашлық жыллары халкымыздың басына көп қыйыншылықлар туўған. Сыдық шайырдың «Аққапшық» қосығында да бул дәўир ўақыялары сүўретленеди.

*-Көпек қайың болды, қайыңлар тазы,*
*Мөмин бенде ҳақ исине ыразы,*
*Шаппаттай нан болды қызлардың назы,*-деп жазған еди Сыдық шайыр.

Усы ўакыялар романда сүўретленеди. Роман сюжетиндеги Асқардың бир гүзе алтын таўып алыўы ҳәдийсеси ертеклердеги сыяқлы қызықлы. Қарақалпақ халық ертеклеринде де қаҳарманның алтын таўып алыўы ўақыясы көп бериледи. Роман сюжетинде бул ўақыя әҳмийетли, себеби Асқар байлығын халық ушын сарплайды. Халмурат бай бул романда өз мәпин ойлайды. Асқардың дәслеп жоңышқа туқым сатып алыўы, Қулымбет болыстан пул қарыз алыўы, Қулымбет пенен Дәрьябайдың қыянеткерлиги, Еркинбай образлары оқыўшыларды жалықтырмайды. Биринен-бири қызық ўақыялар изли-изинен бериледи.Асқардың характериниң қәлиплесиўи көрсетиледи. Беркинбай образы да нағыз дийқан сыпатында берилген.Оның узақ ўақыт айдаўда болыўы оқыўшыларда аяныш сезимлерин пайда етеди. Дәўлетияр образы да өзгеше жасалған. Қарақалпақ

халқының турмысында арық ақсақаллардың орны әҳмийетли болған. Ҳәр бир қаҳарманның жеке өзгешелигин жазыўшы дурыс белгилейди. Қыз-жигитлер отырыспасы да қызықлы эпизодларға айналдырылған. Жазыўшы көркем қыялы көмегинде сол дәўир келбетин сызады. Қаҳарманлардың портретлери де көрсетилген. Бирақ, соны айтып өтиў керек, гейде қаҳарманлардың портретлери дым созылып кетеди, бул оқыўшыны жалықтырып жибереди. Ҳәр бир персонажға портрет берилиўи шәрт емес. «Уллы дашт бөрилери» атлы тарийхый роман бул «Аққапшық» романынан өзгеше жазылған. Бул роман майда темаларға бөлинген. Мысалы, «Зыярат ҳәм қурбанлық» К.Мәмбетовтың романлары сыяқлы темаларға бөлингени унамлы қубылыс. Күлтегин, Тоныкөк образлары оқыўшылардың есинде қалады. Ески түркий жазыўлар, Орхон-Енисей жазыўлары, жазба естеликлери туўралы илимпазлар көптен берли илимий мийнетлер дөретип келмекте. К.Мәмбетовтың китапларында да бул естеликлер ҳаққында көп айтылады. Қазақ илимпазларының мийнетлери де белгили. Романда Қытай халқы менен қарым-қатнасықлар тарийхына да тоқталады. Билгеқаған образы да даралаcтырылып берилген. Әсиресе, Тоныкөк образы айрықша дыққатқа ылайық. Күлтегин образы да жанлы инсан сыпатында жасалған. Мэй ханым образы да қызығыўшылық пайда етеди. Образлардың ҳәр бириниң жеке белгилерин көрсетиўге жазыўшы күш салады. Бул жазыўшының шеберлигинен дерек береди. Тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда жазыўшының көркем қыялы белсенди ислетилген.

Әййемги бабаларымыз – Күлтегин, Тоныкөк образлары қайталдан оқыўшыларға қайтты, XXI әсирдеги әўлады менен

китап бетлеринен сырласпақта. Уллы түрк қағанатлығы деген түсиник бар еди, тарийхшы илимпазлардың мийнетлеринен ғана мағлыўматлар алар едик, енди көркем шығармаларда олардың образлары дөретилди. Уллы бабаларымыз өзлериниң мәртлик ислери менен бүгинги әўладларын руўхландырады. Бунда әдебияттың тәрбиялық хызмети үлкен. Тарийх ҳәм әдебият өз-ара тығыз байланыслы. Тарийхый прозадағы көркем шынлық, сюжет жазыўшының көркем қыялы менен тарийхый шынлықтың бирикпесинен ибарат екенлигин тарийхый романды изертлеўшилер көп қайталаған.

## Көркем детальлардың тарийхый романларда қолланылыў өзгешелиги ҳаққында

Көркем детальлардың тарийхый романларда қолланылыўы бойынша пикирлер билдиремиз. К.Каримовтың «Аға бий» романында Қулшы бийдиң образын жаратыўда «тырналар» деталы шебер қолланылады. Өзбек жазыўшысы П.Қәдировтың «Жулдызлы түнлер» романында да Бабурдың тырналардың қыйқыўласқанын еситип, ел-журтқа сағыныш сезимлерин сүўретлеген еди[49]. Қулшы бий образын дөретиў де қәлем ийеси «тырналар» деталынан орынлы пайдаланады, образды ашып бериў мақсетинде қолланылған деталь көркемлик-эстетикалық хызметлерге ийе болып келеди. Бул романда «булақ» ҳәм «тырналар» детальларының көркемлик хызметлери тәмийинленеди. Бабурдың шайыр сыпатындағы изленислери булақ деталы арқалы поэтикалық шеберлик пенен ашып бериледи. Детальлар хызмети изертленеди.

[49] **Қодиров П.** Юлдузли тунлар.-Тошкент:Ўзбекистон, Ғафур Ғулом номидагы Адабиёт ва санъат нашриёти,1988.- 336-337-бет..

Байыўлы деталь сыпатында тарийхый темадағы дөретпениң бетлеринде ушырасады. «Бирақ жағымсыз сес шығарған байыўлы оның қыялын бөлип жибергендей болды да, арт жағынан қарабахана болған аўылға көзи түсти де, бир түрли болып кетти[50]». Жазыўшының көркем детальдан орынлы пайдаланыў шеберлигин көремиз, бурын парахатшылық пайытында гүллеп-жаснаған аўылдың келбети еди. Байыўлы образы қарақалпақ фольклорында кеңнен қолланылады. Аңызларда да бул қустың гәплери сақланған.

*«-Байыўлы, байыўлы,*
*Дәстүрханың жайыўлы,*
*Қойларың сойыўлы,*
*Баўырсақлар қойыўлы,*
*Төсеклериң салыўлы,*
Үйиңе қонақ келгенде,
Қабақ үйме, байыўлы,
Қонақларды жақтырмай,
Қашып кетпе, байыўлы».

Қарақалпақ фольклорында байыўлы бир шоласқан байдың улы екен, мийман жақтырмай, байыўлыға айналыпты деген сөзлер жүреди. Сулайман патша ҳаялының гәп-сөзине ерип, қуслардың пәрин жулдырмақшы болғанда, байыўлы сөз бенен ханды жеңеди. «Шуқыр көп пе, төбе көп пе? Ҳаял көп пе, еркек көп пе? Өли көп пе, тири көп пе? Ойланып отыр едим» дейди. «Қайсысы көп екен?» деген патшаға, «Басына адам шықпаған төбени пәске санадым, ҳаялдың гәпине ерген еркекти ҳаялға есапладым, күн шыққан соң уйықлап жатқан адамды өлиге мегзеттим» деп жуўап берген екен. Фольклортаныўшы

---

[50] **Мәмбетов К**. Түркстан.- Нөкис:Билим,2014.-100-бет.

илимпаз А.Бекимбетов байыўлы образының түрли халықларда берилиўи ҳаққында ҳәр тәреплеме изертлегени белгили. Қарақалпақ жазыўшылары Ш.Сейтов пенен К.Мәмбетов өз романларында «шыра», «шырашылар» детальларынан да шебер пайдаланады. К.Каримовтың «Бердақ» тарийхый темада жазылған романында «қобыз» ҳәм «дуўтар» детальлар сыпатында шебер қолланылады. Жуўмақлап айтқанда, тарийхый романларда детальлардың көркемлик хызметлери үлкен саналады.

## Тарийхый романларда көркем ўақыт ҳаққында

Орыс илимпазы Л.Долгопопов өз изертлеў жумысында А.Белыйдың «Петербург» романында сүўретленген көркем ўақыт ҳаққында пикирин айтады: «Всего десять дней охватывает действия романа…[51]». Аман Мухтар, К.Каримов романларында көркем ўақыт ҳаққында изертлеўшилердиң пикирлери келтириледи. Көркем сөз устасы К.Мәмбетов «Посқан ел» трилогиясында «Аласапыран заман» деп аталған жигирма тоғызыншы бапта көркем ўақытты сүўретлеў менен сюжет басланады. «Бир мың бес жүз елиў алтыншы балық жылының сүмбиле айында Сарайшықтың аға султаны болған Ысмайыл өз салтанатларын дүзеп, елдеги урыс-қағыс сийрексип, дийхан арпа-жазлықларын орып, шарўалар өрис жерлерин шарлап, мал семиртип, қырманлар сүттей тасып, адамлар өзлеринше әбден шүкиршилик қыла баслаған заманлар басланды[52]».Анық белгиленген ўақыттың қолланылыўы тарийхый шығарманың

[51] **Долгопопов Л.** Андрей Белый и его роман «Петербург».-Ленинград: Советский писатель,1988.-233-с.

[52] Сонда, 253-бет.

ҳүжжетлик тийкарларының исенимлилигин көрсетиў менен бирге оқыўшылардың дыққатын да жәмлеўге, күшейтиўге хызмет етеди. К.Мәмбетов Андрей Белыйдың «Петербург» романындағы сыяқлы ўақыяларды санаўлы күнлерге сыйыстырады. Андрей Белый ҳәдийселерди он күнге жайғастырады –1905-жылдың 31-сентябрь-9-октябрь күнлери романда сүўретленеди.[53]

## Тарийхый романларда эпиграфлар

Тарийхый романларда эпиграфлар көркемлик пенен пайдалан-ғанлығы мәлим болады. Жазыўшы Музаффар Мырза өзиниң тарийхый романына Әлийшер Наўайының «Ҳазоний-ул-маоний» атлы мәснаўийинен, Саид Ҳасан Ардашер атына жазылған хаттан үзиндилер келтиреди[54]. Эпиграф сыпатында таңланған қатарлардың мазмуны терең.

*«Сано ҳаққаким, кошифи ҳол эрур,*
*Ҳирад мушкулотиға ҳалол эрур...*
*Ҳазар ичра бечоралар ёвари,*
*Сафар ичра оворалар раҳбари…»*[55].

Қураннан, Ясын сүресинен 1 – 4- аятлардан, шайх Әбдулазиз Мансур аўдармасында екинши эпиграф та тарийхый романда келтириледи. «Меҳрийбан ҳәм мәрҳаматы кең Алла аты менен (баслайман). Эй, Инсан! Қуран ҳаққы, әлбетте, сиз елшисиз ҳәм ҳақ жолындасыз». Бул көркем сөз устасының тарийхый романы ушын таңланған эпиграфлардың ҳәр бириниң мәниси

[53] **Долгопопов Л.** Андрей Белый и его роман «Петербург».- Ленинград:Советский писатель,1988.-316 бет.

[54] **Мырза Музаффар.** Шам ва шамшир (Навоий ва Бойқаро).- Шарқ юлдузи, 1- сан, 2020, 19 – 68-бетлер.

[55] Сонда, 19-бет.

тереӊ. Пүткил романныӊ мазмунын өзинде жәмлегенлиги мәлим болады. Ҳақыйқатында да, шайырдыӊ өзин түсиндириў ушын оныӊ мәӊгилик мийрасларына, қосық қатарларына мүрәжат етемиз. Әлийшер Наўайы образы жасалған тарийхый темада дөретилген романда оныӊ қосықларынан пайдаланады. «Ҳамса» дөреткен шайыр мийрасын ҳәр тәреплеме үйрениў талап етиледи. Улуғбек Ҳамдамныӊ «Исён ва итоат» («Қозғалаӊ ҳәм бағыныў») деп аталған романында эпиграфлар көркем пайдаланылады.[56] «Худо бўлмаганингдан кейин кўрган кунинг нима бўларди?!». Бул халық сөзи эпиграф ретинде келтириледи. «Ўзиги тақдир этилган қисматдан воз кечишга тайёр бирдан-бир мавжудот бу инсондир». Бул сөзлер А.Камюдан келтириледи. «Ичингдаги исёндан қутулиб, итоатга келмагунгча ҳаловат топалмайсан». Бул гәплер муқаддес үгитлерден бериледи.

Демек, жазыўшы үш түрли мазмунға ийе эпиграф қолланады. Бул эпиграфлар арқалы романныӊ мазмуны ҳаққында түсиниклер бериледи, жазыўшыныӊ оқыўшыға айтажақ ой-пикирлери туўралы айтылады, көркем шығарманыӊ эстетикалық-эмоционаллық тәсири артады. Роман «Олам узра зулмат ҳукмдор эди у пайтлар. На қиттай ёруғлик бор эди ва на жиндай ҳаракат. Эҳтимол мавжуд эди улар. Бироқ зулматнинг қаърида чўкиб ётарди...Фақат Тангри таоло бор эди…Шунда зулматнинг бағра чок-чок сўкилиб ичидан нур оқиб чиқди…», деп әпсаналық сүўретлеўлер менен басланады. Бул көркем сөз зергери қолланған усыл қарақалпақ жазыўшысы А.Әбдиевтиӊ «Әййемги қарақалпақлар» атлы роман – дилогиясында қайталанады. Тарийхый прозадағы эпиграфлар хызмети мазмунлы. «Өмир, өлим ҳәм өмир» атлы тарийхый роман – дилогиясында көркем сөз шебери «Қарақалпақлар өзлериниӊ шығысын Адам Атадан баслайды» деген биринши эпиграф таӊланады, халық аўзынан бул

[56]**Ҳамдам У.** Исён ва итоат.- Тошкент: Янги аср авлоди.- 2003.- 138 бет.

сөзлер келтириледи.[57] Екинши ҳәм үшинши эпиграфлар сыпатында тарийхшы илимпазлардың илимий мийнетлеринен үзиндилер келтириледи. С.П.Толстов пенен Т.А.Жданконың китапларынан пикирлер алынады. «Қарақалпақлар дәслеп бир неше қәўимлердиң қурамынан ибарат болып, әййемги заманлардан баслап-ақ қәлиплесе баслаған». Бул пикирлер С.П.Толстовтың илимий мийнетлеринен алынған. Т.А.Жданконың китабынан да үзинди бериледи: «Мениң таңланған жерим сол, Қарақалпақлар – кишкене (аз санлы демекши - А.Ә.) халық, бирақ тоқсан алты руў-аймаққа бөлинген». Бул келтирилген эпиграфлар улыўма көркем шығарманың мазмунын түсиндиреди. Прозаик А. Әбдиев «Өмир, өлим ҳәм өмир» атлы дилогиясының биринши китабын «Әййемги қарақалпақлар» деп атайды ҳәм прологта өзбек жазыўшысының романындағы сыяқлы қараңғылық ҳәм нур туўралы пикирлер көркем сәўлеленеди.

## Тарийхый романда көркем қыялдың хызмети

Илимпаз Л.П.Александрова көркем қыял түсинигине кең дыққат қаратады. «Көркем қыял – бул шығармаға тарийхта болма-ған гейпара эпизодларды ҳәм персонажларды киргизиў жәнe романның барлық дүзилиси, оның образлар системасы...» (303-бет). Тарийхый романда көркем қыялдың қолланылыўы ҳаққында айта келип, илимпаз мыналарды белгилейди: «...биринshiден, ядтан қосылған қаҳарманлардың жеке тәғдийрлери....Екиншиден, автор ҳәммеге жақсы мәлим ҳәдийселерди сүўретлей отырып, тарийхый тулғаны ҳүжжетлеспеген жағдайларға түсиретуғын

[57] **Әбдиев А.** Әййемги қарақалпақлар.- Ташкент: Елнур – принт, 2025.- 3- бет.

эпизодлар». (41-бет). Түркмен илимпазы М.Гурбансәхедовтың «Түркмен романының пайда болыўы» атлы монографиялық изертлеўинде көркем қыял менен факт ҳаққында пикирлер билдириледи (120-бет). К.Салых «Түркмен романында шеберлик мәселеси» атлы мийнетинде көркем қыялдың шығарма жазылыўында орнын белгилейди, жазыўшының шеберлиги көркем қыялды пайдаланыўда көринетуғынлығын айрықша белгилейди (10-бет).Француз жазыўшысы Ш.Лоран өз романларында Наполеон образын жасаўда басқаларды қайталамайды (178-182-бетлер).

Илимпаз З.Бекбергенова «Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы» (1980-2010-жыллар) атлы монографиясында К.Мәмбетовтың «Түркстан» романында сюжетлик композицияда ишки монологлардың орны ҳаққында айтады, 33 күнге ўақыялардың жайластырылғанын белгилеп өтеди (73-бет). Аманлықтың образындағы гейпара кемшиликлерин, сиясатшы, тарийхшы сыяқлы пикир жүргизиўлерин нуқсанлар ретинде белгилейди (75-бет). Аллитерация ҳәм ассонанс сөзлердиң қоллыныл ыўы бойынша да айырым сын пикирлерин билдиреди (75-бет). Ысмайыл,Тынахмет образларында монологлар қолланы-лыўы ҳаққында айтылған пикирлер орынлы (90-бет).

Жазыўшы фантазиясынан дөреген ҳәм көркем қыялдан жасалған образлар да романларда айрықша хызметке ийе болып келеди. Образлардың жаратылыўында жазыўшылардың көркем қыялы табыслы ислетилгенлиги белгили болады. Тарийхый романда жазыўшының көркем қыялы өз орнына ийе саналады. Тарийхый фактларды романларда сюжетке сайлап киргизиўде, толықтырыўда, кемис-кутықларын толтырыўда, екинши дәре-жели деп есапланған фактларды қалдырып, таслап

кетиўде, шығарманың композициялық қурылысын, конфликт, сюжетлерди дүзиўде, образларда көркем қыял әҳмийетли есапланады. Демек, жазыўшы фантазиясынан дөреген ҳәм көркем қыялдан жасалған образлар да романларда айрықша хызметке ийе болып келеди. Образлардың жаратылыўында жазыўшының көркем қыялы табыслы ислетилгенлиги белгили болады. Тарийхый романда көркем қыял мәселеси қолланылыўы айрықша қызығыўшылық пайда етеди.

## ҚАРАҚАЛПАҚ РОМАНЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАҒДАРЛАРЫ

Қарақалпақ романларының жанрлық-стильлик, көркемлик раўажланыўы тенденциялары, сюжетлик-композициялық ҳәм образлық өзгешелиги (2002 - 2025-жыллар мысалында) ҳәм раўажланыў тенденциясы, нызамлары жәнe бағдарлары туўралы пикирлер жүргиземиз. Өзбек әдебиятында бул дәўирде романлар тез пәт пенен раўажланғанлығы белгили. Илимпазлар изертлеў жумысларында усыны анық белгилейди[58]. Т.Мураттың «Атамнан қалған атызлар» атлы романы, ондағы Дийханқул образы өзгеше жасалды. Улуғбек Ҳамдам, Аман Мухтар, Ш.Ботаев, Ш.Халмурзаев, Л.Бөрихан ҳ.т.б. романлары ғәрезсизлик дәўириниң нәпесинде дөреди. Улуғбек Ҳамдамның «Сабо ҳәм Сәмендер» атлы романы, Аман Мухтардың «Төрт тәреп қубла» деп улыўма атамаға бирлестирилген тетралогиясы «Мың бир келбет» («Минг бир қиёфа»), «Ышқыпазлар» («Ишқ аҳли»), «Уллы қараўыл» («Буюк фаррош»), «Ффу»,

[58] Ўзбек адабиётидан махсус курслар маърузa матнлари. – Тошкент, 1999.- 46 – 47- бетлер.

«Майдан», «Афлотун» ҳәм «Айна алдындағы адам» («Кўзгу олдидаги одам»), «Ҳаяллар мәмлекети ҳәм салтанаты», «Төбеликтеги қарабахана» («Тепаликдагы хароба») атлы романлардан ибарат еди. Абулхайырдың образын жазыўшы көркем жаратады. Оның шаңарағы, äдослары менен қарым-қатнасығы мәселелери сөз етиледи. Сүўретши Абулхайыр уллы шайыр Әлийшер Наўайы портретин жаратпақшы болып изленислерге түседи. Хронотоп өзгеше бериледи. Ш.Ботаевтың «Шақ» атлы романында Қулмухаммед, Ҳатам ҳәм Химер образлары жасалды[59]. Қулмухаммед пенен Ҳатам образларында бийпәрўалық, жуўапкер-сизлик көрсетиледи. «Алтын шақ» деп аталыўшы шоу арқалы адамлардың әдеп-икрамлылық келбети туўралы сөз болады. Қоршаған дөгеректи сақлаў, ана-тәбият байлықларын көз қарашығымыздай сақлаў ең баслы мәселелер етип белгиленди. Химер образы мифологиялық дәрежеде сүўретленеди. Л.Бөриханның «Жәзийрамадағы адамлар» атлы көлемли шығармасында бүгинги аўыл адамларының қурамалы өмири сәўлеленди[60]. Ашур, Әлий муғаллим ҳәм Самат образлары жанлы тил өзгешеликлери менен бериледи. Иронриялық, парадокслық, сатиралық бағдар басым қолланылады. Орақ ҳәм Лала образларында муҳаббат сезимлери көрсетиледи.

Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде илим-пән, билимлен-дириў, мәденият ҳәм басқа да тараўларды раўажландырыў бойынша енгизилип атырған реформалардың бағдарында қарақалпақ романлары, композициясы, сюжетлери, конфликти,

---

[59]**Бўтаев Ш.** Шох.- Тошкент: «Ўзбекистон Миллий энциклопедияси кутубхонаси» нашриёти , 2006.- б. 144.- 145.

[60]**Бўрихон Л.** Жазирамадаги одамлар. –Тошкент: Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нщриёти,2012. – б.181-182.

тарийхый искерлер образының жасалыўы жазыўшылардың стильлери, жәмийетте ҳәм сиясий турмысымызда тутқан орны ҳәм әҳмийетине үлкен итибар қаратылып, оларды үйрениў бизиң алдымызда турған ўазыйпа болып саналады. Ғәрезсизлик дәўири ҳаққында илимпазларымыз өз илимий-изертлеў мийнетлеринде ҳәр тәреплеме сөз етти.

Илимпаз әдебиятшы З.Бекбергенова «Ғәрезсизлик жыллары қарақалпақ романларының изертлениўи» атлы мақаласында бул жыллары жазылған романлар ҳаққында терең ҳәм баҳалы пикирлерин көрсетеди.[61] Ғәрезсизлик дәўири көркем әдебияттың раўажланыўына кең жол ашып берди. Әдебияттаныў илиминиң де ҳәр қыйлы бағдарда раўажланыўына мүмкиншилик жаратылды. Көркем әдебиятты көбирек көркемлиги, жанрлық-стильлик өзгешеликлери, жазыўшылардың көркем-эстети-калық көзқараслары тийкарында изертлеў жолға қойылды.

Қарақалпақ романы да бул дәўирлерде, яғный, 2002-2025-жыллары раўажланыўдың пүткиллей жаңа басқышына көтерилди деп айта аламыз. Жанрлық–стильлик жақтан раўажланыўлар роман жанрында айрықша көзге түсти. Тарийхый романлар, тарийхый-биографиялық, ҳүжжетли, психологиялық романлар, роман-эсселер, мистико-фантастикалық романлар, роман-мемуарлар ҳ.т.б.дөретилди. Қарақалпақ илимпазлары Қ.Оразымбетов, Ә.Пахратдинов, К.Алламбергенов, Қ.Юсупов, М.Бекбергенова, П.Нуржанов, А.Алламбергенов, Ж.Қаниязова, Қ.Юсупов ҳәм З.Бекбергеновалар бул дәўирде дөреген романларды әдеўир изертледи. Шынында да, әдебияттың барлық жанрлары, соның ишинде роман

[61]**Бекбергенова З.** Ғәрезсизлик жыллары романлардың изертлениўи мәселелери.Илимий семинар топламлары.-Нөкис:Илим,2021.-56-58-бет.

жанры жаңа мүмкиншиликлерди кеңнен пайдаланды. Бул жыллары Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, көркем сөз зергери Т.Қайыпбергеновтың еки романы жазылды. Шайыр, драматург ҳәм жазыўшы К.Рахмановтың да еки көлемли шығармасы журналда жарық көрди. Бул жыллар арасында романлар дөретиўде жазыўшы К.Рахмановтың белсендилиги мәлим болады. Ол «Туңғыш муҳаббат» ҳәм «Сақал» атлы романларын «Әмиўдәрья» журналында жарыққа шығарды. Бурынғы жазылған «Ақыбет» романынан бул романлар бир қанша парықланады. Жазыўшының көлемли прозалық дөретпелер жазыў тәжирийбеси артқанлығын көремиз. Драмалық дөретпелериндеги диалоглардан утымлы пайдаланады, композиция, конфликт ҳәм сюжет қурыўдағы изленислери де мәлим болады, юмор-сатиралық сыпаттың күшейгенлиги белгили.

Жазыўшылар Ә.Пахратдинов, Ҳ.Ҳәмидов, Г.Турсынова, Ә.Атажанов, Д.Шерниязова, Ҳ.Өтемуратовалар да «Әмиўдәрья» журналларында романлардан үзиндилер жәриялады. Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақпан.Тәўекелшимен», А.Әбдиев «Жин-жыпырлар уясы» ҳәм М.Нызанов «Душпан» атлы романларын баспадан шығарды. Бул романлардың идея-тематикалық бағдары, образлары, сюжет ҳәм композициялық, стильлик өзгешеликлер бойынша филология илимлериниң докторы, профессор З.Бекбергенованың «Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы» (1980-2010-жыллар) атлы монографиялық жумысында кең түрде пикир билдириледи[62]. Ҳаял-қызлардың көлемли дөретпелер, романлар жазыўға

[62]**Бекбергенова З.** Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар).-Нөкис:Илим,2016.-205 бет.

умтылыслары ҳәм проза тараўында жаңалықлар белгили болады. Г.Есемуратова ҳәм С.Баҳадыроналардың прозада роман дөретиў тәжирийбелеринен пайдаланып, кейинги әўлад ўәкиллери де романлар дөретиўге умтылды.Бул жыллары Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» ҳәм «Қәлбимниң қамусы» роман-эссеси «Әмиўдәрья» журналында жәрияланды. «Қарақал-пақ дәстаны» атлы тарийхый романлары менен қарақалпақ прозасында ғана емес, пүткил Орайлық Азия мәмлекетлеринде, дүньялық көлемде табысларға ерискен жазыўшының бул роман-эссесинде образларды романға киргизиўдеги изленислери, жанрлық-стильлик, сюжетлик, композициялық жақтан утыслары менен өзгешеленеди. Инсанийят өмири, тарийх ҳаққында философиялық ой жуўмақлары ҳәм тужырымлары бериледи. Әсиресе, Сулайман Бақырғаний ҳәм оның баласының фольклордағы образлары өзгеше жасалады. Көркем сөз зергери «Қарақалпақ дәстаны» эпопеясында – «Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар» ҳәм «Түсиниксизлер» атлы тарийхый романларында тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда, ҳүжжетли дереклерди көркем шығармада пайдаланыўда, тарийхта сақланып жеткен ўақыяларды сюжетте түрли бағдарларда дүзиўде, композиция қурыўдағы, образларды жаратыўдағы, халық аўызеки әңгимелерин утымлы қолланыўда жазыўшының көркем-эстетикалық ҳәм поэтикалық шеберлиги шет ел ҳәм қарақалпақ илимпазлары тәрепинен жоқары баҳаланды. Жол мотивин прозаиктиң шебер қолланыўы бойынша орыс илимпазы М.Пархоменконың пикирлери дыққатқа ылайық.[63]

[63]**Пархоменко М.** Роман семидесятых.-Москва:Художественная литература,1986.-332 с.

Жәҳән әдебиятында ирланд жазыўшысы Джеймс Джойс (1882-1941) модернизм әдебиятының ўәкиллеринен бири саналады, «сана ағымы» усылын өз шығармаларында көбирек пайдаланған. Оның «Финеганның жаназасы», «Улисс» романлары белгили. Француз прозасы ўәкили Пруст Марсель (1871-1922) де модернизм әдебиятының ўәкиллеринен есапланады. Оның «Жойтылған ўақытты излеп» атлы романы белгили болды.

Шығармаларда көркем ўақыт түсиниги әдебиятта, соның ишинде, тарийхый прозада кеңнен қолланылады. Бул тарийхый романның жанрлық өзгешеликлери менен де байланысып келеди. Тарийхый раўажланыўдың белгили бир бөлегин, ўақыттың бир үзиндисин жазыўшы көркем қыял жәрдеминде сәўлелендиреди. Көркем сөз устасы Т.Қайыпбергеновтың «Қәлбимниң қамусы» роман-эссесинде басланыўында бир әдебий қубылыс дыққат қаратады. Роман-эсседе «Үшинши дәптер», «Сегизинши дәптер» деп атамалары бериледи. «Дәптер» сөзиниң қолланылыўы өзгеше көркемлик хызмет атқарады. Бул романнан үзиндилер газеталарда да шықты, жазыўшы «роман-репортаж» атамасын да қолланды. Бул романын эссе деп атаў арқалы жазыўшы жанрлық өзгешеликти анық белгилеп береди. Эссе жанрында талант ийесиниң ойлары-пикирлери, сезим-туйғылары, толғаныслары, фольклордағы шығармалардың орны ҳаққында пикирлери бериледи. «Қарақалпақлар ҳәм Қарақалпақстан жөнинде» деп тема қойылады. Қарақалпақ миллети, оның тарийхый тәғдири, дәстүрлери ҳаққында жазыўшының ойлары бериледи. Бул көркем дөретпеде де «Қарақалпақнама» роман-эссесиндеги тәризли халық арасында кең тарқалған

рәўиятлар, аңызлар, әпсаналар ҳәм ҳикметлер келтириледи. Ислам growth динде Мухаммед пайғамбар ҳәм оның түйеси ҳаққында рәўият айрықша көркемлик-эстетикалық хызметлер атқарады. Аллатала ҳәм Мухаммед пайғамбар ҳаққында аңызлар-әпсаналар халқымызда көплеп жетип келген. «Қарақалпақнама» роман-эссесиндеги сыяқлы бул «Қәлбимниң қамусы» шығармасында да жазыўшының атасы ҳәм көше бийиниң атынан ҳикаятлар айтылады, автордың өзи қарақалпақ халқының тарийхынан тарийхый мағлыўматлар келтиреди.

Қайталаўлар белгили бир көркемлик функцияға ийе болып келеди. Әлбетте, гейпара орынларға сын пикирлер келтириў мүмкин. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновтың «Әмиўдәрья» журналының 2002-жылғы 5-санында «Жөнекей ушырасыў-лардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар» романы жәрияланды[64]. Соңынан «Қәлбимниң қамусы» ҳәм де «Қарақалпақпан. Тәўекелшимен» атамасы менен китап ҳалында баспадан шығарылды[65]. Бул шығарма бойынша академик Ж.Базарбаевтың «Миллий идея-жол көрсетиўши жулдыз» атлы китабында бир қатар сын пикирлер билдирилди[66]. Ең дәслеп, жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың китабында қолланылған Тәңри ҳәм Алла сөзлерине байланыслы сын пикирлер бериледи. Жазыўшының бул романы журналдың бир неше санларында даўамлы дағазаланған еди. Философиялық ойлар ҳәм пикирлер берилген романда жазыўшының

[7]Қайыпбергенов Т. Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар.-Әмиўдәрья, 2002,5-сан,8-23-бетлер.

[65]Қайыпбергенов Т. Қарақалпақпан. Тәўекелшимен. .-Нөкис:Билим,2003.

[66]Базарбаев Ж.Миллий идея-жол көрсетиўши жулдыз.-Нөкис:Билим,2011.-336 бет.

Адасының хатларына ҳәм Адасына мүрәжат етиўи арқалы пикирлер баянланады. Тарийхый мағлыўматлар берилген романда әдебияттағы уллы тулғалар Мухаммед пайғамбар, Сулайман Бақырғаний, оның улы молла Үбби ҳәм диний тулға Шыблый шыйықлар ҳаққында сөз етиледи. Тарийхта өз хызметлери менен белгили болған Әбиў Райхан Беруний, Маман, Мурат шайық, Айдос ҳәм Ерназарлар ҳаққында жазыўшы ойлары менен пикирлери оқыўшыны қызықтырады.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Т.Қайыпбергеновтың «Әмиўдәрья» журналының 2002-жылғы 5-санында «Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар» романы жәрияланды[67]. Жазыўшының бул романы журналдың бир неше санларында дағазаланған еди. Философиялық ойлар берилген көлемли романда жазыўшы Адасына мүрәжат етеди, сораўларға жуўаплар қайтарады. Тарийхый мағлыўматлар берилген романда уллы тулғалар Сулайман Бақырғаний, оның улы молла Үбби, Шыблый шыйықлар, Мурат шайықлар ҳаққында сөз етиледи. Тарийхта өз хызметлери менен белгили болған уллы илимпаз Әбиў Райхан Беруний, халық ушын пидайылық хызметлери менен белгили Маман, Мурат шайық, Айдос ҳәм Ерназарлар ҳаққында жазыўшының жеке ойлары менен пикирлери оқыўшыларды қызықты-рады.

2002-жылғы «Әмиўдәрья» журналында 3-4-санларында 21-33-бетлерде көркем сөз зергериниң 779-886-сораў-жуўаплары жәрияланды. Булардың көркемлик өзгеше-

[67]**Қайыпбергенов Т.** Жөнекей ушырасыўлардағы асығыс сораўларға асығыс жуўаплар.-Әмиўдәрья, 2002,3-4-санлар, 21-33-бетлер.5-сан,8-23-бетлер.

лиги, мазмуны, айтылған пикирлер туўралы әдебиятшы алымлар тереңирек изертлеўлер жүргизиўи талап етиледи. Автор образы мәселесине айрықша дыққат аўдарыў керек болады. Философиялық ойлар оқыўшыны қызықтырады.

2003-жылғы «Әмиўдәрья» журналының 5-6-санларында Г.Турсынованың «Муҳаббатым –мениң өмирим» атлы романнан үзинди жарық көрди[68]. Бас қаҳарман Кәраматтың тилинен ўақыялар баянланады, оның сүйген қызы Әнаргүл образы жасалады. Зәўре образы да өзгеше жаратылған. Кәрамат образы қарама-қарсылықлы сыпатқа ийе. Сюжет қызықлы қурылған.Турмыс ғалмағаллары менен муҳаббат сезим-туйғылары ҳаққында ойлар образларға сиңдириледи. Усы темада бул автордың драмалық шығармасы да белгили болған еди. Демек, проза ҳәм драматургия тараўларында жазыўшының көркемлик изленислери итибарға ылайық.

2004-жылы «Әмиўдәрья» журналының 2-4-5-6-санларында шайыр, драматург ҳәм жазыўшы К.Рахмановтың «Туңғыш муҳаббат» атлы романы жәрияланды.[69] Көркем сөз устасы К.Рахмановтың драмалық дөретпелери тамашагөйлер тәрепинен көркем баҳаланды. Оның «Келин», «Лаққылар емлеўханада» ҳәм «О дүньяға мирәт» трагико-комедиялары илимпазлардың жоқары баҳаларын алғанлығы мәлим. Шайыр муҳаббат-ышқы сезимлериниң илаҳий туйғы екенлигин бул романында белгилейди. Поэзияда қәлем тербеткен көркем сөз устасы өз романына теманы да өзгеше таңлайды. Ҳақыйқатында да, жаслық,

[68]Турсынова Г.Муҳаббатым-мениң өмирим.-Әмиўдәрья,2003,5-6-санлар,46-60-бетлер.

[69]Рахманов К. Туңғыш муҳаббат.-Әмиўдәрья,2004,2-сан,3-30-бетлер.5-6-сан,47-70-бетлер.

муҳаббат сезимлери ҳаққында романда көркем сөз етиледи. Аўыл жасларының бириниң басынан кеширгенлери, шаңарақтағы турмысы, әжағасы Айтмураттың да өмири сүўретленди. Шамураттың пүткил өмири романға алынады. Жаслардың образларын да сүўретлейди. Муҳаббат сезимлери шеберлик пенен сүўретленеди. Аўыл тәбиятын жазыўшы шебер сүўретлеген. Шамурат образының барлық қарама-қарсылықлары, қурамалығы сүўретленеди. Қарақалпақ романының жанрлық –стильлик өзгешеликлери анық белгили болады. Фольк-лордағы дәстан жанрындағы сыяқлы бир қаҳарманның пүткил, тутас өмири сәўлеленеди. Алмаш пенен Шамураттың өмири юмор-сатиралық сүўретлеўлер менен де бериледи. Шамураттың әжағасының – Айтмурат образын жаратыўға да дыққат аўдарылады. Зинаида Пахомова менен Айтмурат образы шебер жасалады. Ибрайым образы трагедиялық сыпатқа ийе. Валентина Пахомова ҳәм Зинаида Ибрагимовна Завялованың – орыс қызларының образлары да көркем жасалады. Алмаштың, Шамураттың өмирлик жолдасының образы да турмыстағыдай қызықлы етип жасалады. Олардың өмириндеги ҳәдийселер де сәўлеленеди. Романда адам өмиринде түрли жағдайлар болыўы ҳаққында пикирлер бериледи. К.Рахмановтың стилине тән юмор-сатиралық сүўретлеўлер романда қолланылады. Халқымыз турмысында таза жай салыў дәстүри ҳаққында этнографиялық мағлыўматлар да көркем түрде сөз етиледи. Назлыбийке образы өзгеше жасалады. Лекин, гейде романда ўақыяларды асығыслық пенен баянлап кетилген орынлар да ушырасады, екинши дәрежели ҳәдийселер де бериледи.

Жазыўшы Қыпшақбай Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай» романында да Жийен жыраў шығармаларынан қатарлар эпиграф сыпатында алынады. «Шырақларым сизлердиң бахтыңызға не болды?» атлы еки қатар толғаўдан үзинди бериледи. Пролог көркем түрде бериледи. Прологта «Ақшолпан» ҳәм «Арыўхан» уранлары ҳаққында айтылады[70]. Тарийхый дәўир қыянкески ўақыялары сөз етиледи. Посқан елдиң тәғдири сәўлеленеди. Қабақлы ата менен Жийен жыраўдың диалогы да көркем қолланылады. Лепес бай бас қаҳарман сыпатында таңланады. Оның өмири толық сүўретленбей, оның еске түсириўлери, ядқа алыўлары арқалы да жаслығы, қалайынша бай дәрежесине ерискенлиги, орыс байлары менен қарым-қатнасығы сәўлеленеди. Сюжетте Мырзабийке оның Сары шымшық лақаплы атына қараўы, аттың жүйриклиги сүўретленеди. Лепес пенен иниси Халмураттың диалоглары да романда көркемлик хызмет атқарады. Бул ҳаққында әдебиятшы З.Бекбергенова илимий-изертлеў жумысларында сөз етеди[71]. Әсиресе, тарийхый прозада мемуарларды прозаиклер, илимпазлар кең түрде изертлейди. Булардан да прозаиклер пайдаланады. Демек, композиция тарийхый романлардың негизги көркемлик дәрежесин тәмийинлеўге хызмет атқарады.

Жазыўшы А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» романының темасы деталь сыпатында оқыўшының дыққатын қаратады. Жазыўшы-илимпаз К.Алламбергеновтың

---

[70]**Мәтмуратов Қ.** Тербенбес. Лепес бай.-Нөкис:Билим,2004.-5-бет.

[71]**Бекбергенова З.**Қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы (1980-2010-жыллар).-Нөкис:Илим,2016.-205-бет.

«Дәрья тартылған жыллар» романында ҳәм Ш.Сейтовтың «Халқабад» атлы тетралогиясында бул атаманың қолланылыў өзгешелиги туўралы тоқтап өткен едик. Жазыўшы Ҳ.Өтемуратованың «Жинли қыз» атлы гүрриңи де «Әмиўдәрья» журналы бетлеринде жәрияланды. А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» романында да бул деталь пайдаланылады. Жас жазыўшылар жаңа детальларды прозада пайдаланады. Романда Сайымбет ҳәм оның оқыўшысы Қайып образлары раўажландырылады. Ақсүңгүл, Мырзамурат, Әлимбай, Қошмурат, Ерназар, Палсәнем, Айсәнем, Әлимбай ҳәм Қаншайым образларында жеке өзгешеликлер ашып бериледи. Параллель сюжетлерден көркем сөз устасы шебер пайдаланады. Ақсүңгүл образы әдеп-икрамлылық мәселелерин көтереди, шаңарағына садық болмаған патас ҳаялдың образы оқыўшыларды ойландырады. Ш.Сейтов романларында да Зубайда образында усындай ҳаял-қызлар көрсетиледи. Сайымбеттиң аўыллық мектепте устазлық етип атырған жыллары, оны мектеп директоры Мырзамурат Фазыловтың қуўдалаўы, ақыбетинде оны нерв кеселликлери емлеўханасына жатқарып, оған жаманлық, қыянет етиўи тәсирли сүўретленеди. Қайыптың қамақханадағы өмиринен сүўретленеди.

Кешеги өткен заманлардағы унамсыз ўақыялар сәўлеленген бул көркем роман оқыўшыларға эмоционаллық-экспрессивлик тәсир етиў хызмети, күши жоқары саналады. Қайыптың жазған гүррииңиниң тексттен орын алыўы, бунда Батыстағы өмир берилиўи, романда эпиграфлар ретинде Б.Генжемуратовтың поэзиялық шығармаларынан алыныўы көркемлик хызметлер атқарады.

Жазыўшы К.Рахмановтың «Сақал» романы «Әмиўдәрья» журналында 2007-жылы 1-санында жәрияланды[72]. «Аманат» атамасында шайыр Ә.Әжиниязовтың мийраслары баспадан шығарылды. Қарақалпақ поэзиясында ақсақал шайыр И.Юсупов «Әскербайға» атлы қосықлар дүркимин дөретти. Шынында да, Әскербай Әжиниязов туўралы халық арасында ҳәр түрли гәплер де сақланған. Саҳра бүлбили атанған шайыр қосықларында, поэмаларында ҳәм балладаларында инсанның уллылығын, әпиўайылығын, мийримлилигин ҳәм де ышқы-муҳаббат сезимлериниң қайталанбаслығын жырлап кетти.

«Сақал» атамасы оқыўшыларды әдеўир ойландырады. Романда Владимир атлы бас қаҳарман, оның марҳум кемпири Сағыйда Владимирдиң еслеўлери арқалы бериледи. Владимирдиң қараўыл болып бетон заводта жумыс ислеўи, бетон заводта жумыс ислейтуғын Рәметулла ҳәм Жапақ, оның әжапасы Айхан, ҳаялы Мырзагүлге байланыслы ўақыялар, Жапақтың Гүлайшаға ашық болыўы, жигитлердиң өмири, Изимбет қассаптың турмысына қатнаслы ҳәдийселер, Владимирдиң де Гүлайшаға ашықлығы сәўлеленеди. Қараўыл болып ислейтуғын кексениң ышқы-муҳаббат сезимлери бериледи. Балтеке баслықтың ҳәрекетлери де көрсетиледи. Гүлайша менен Балтеке баслық арасындағы сезим-туйғылар түслик пайытында ҳаяллардың әңгимеси арқалы аңлатылады. Өмир ҳәммени өз нызамларына бағындырады. Романның соңында бас қаҳарман тәғдири жуўмақланады. Владимир өз ой-қыяллары менен сүўретленеди. Юмор-сатиралық, гротесклик, иронbackиялық сүўретлеўлер шебер бериледи.

[72]**Рахманов К.**Сақал.-Әмиўдәрья,2007,1-сан,3-13-бетлер.

Диалогларда, авторлық сүўретлеўде булардың шебер қолланылыўының гүўасы боламыз. Драматургияда табыслы ислеген жазыўшы прозалық шығармаларында драманың өзгешеликлерин шебер енгизеди. Әсиресе, диалог ҳәм монологларда булар анық көринеди. Бул қарақалпақ әдебиятында жаңалықлардан саналады. Адам тәбияттың бир бөлеги сыпатында сәўлеленеди. Қосық текстлери де романда бериледи. Ә.Әжиниязовтың халық арасында тарқап кеткен қосықларының текстлеринен үлгилер де орын алған. Көркем сөз зергери Әскербай Әжиниязовтың қосықларынан роман текстине киргизиледи.2006 - 2007-жыллары журналда «Тумарис» тарийхый романынан үзинди жәрияланды[73]. Бул тарийхый дөретпе ҳаққында филология илимлериниң докторы, профессор П.Нуржановтың илимий пикирлери шықты.

Қарақалпақ романларында, соның ишинде тарийхый романларда сюжет дүзиў мәселеси қызығыўшылық пайда етеди. Улыўма қарақалпақ романларында сюжетте тойлар, палўанлар гүреси, ат шабыслар-жарыслар, ылақ-көкмар ойынлары, қыз-жигитлер отырыспақлары, жуўап айтыслар, аң аўлаўлар, балық аўлаўлар, миллий турмыс ритуаллары, үрп-әдетлер, дәстүрлер ҳ.т.б. сюжет дүзиўде кең пайдаланылады. Түс көриў мотиви де тарийхый романларда өз хызметине ийе болып келеди. Адамзат тарийхында түс мотиви инсан психологиялық өзгешеликлери менен байланыслы. Бул илимде еле толық изертленбеген мәселе болып есапланады. «Түркстан» романында да түс көриў мотиви

[73]**Өтемуратова Ҳ.** Тумарис.-Әмиўдәрья.№1-6-санлар,2006,1-сан,2007-жыл.23-56-бетлер.

менен сюжет басланады. Қарақалпақ ертеклеринде де түс көриў мотивлери қолланылғанын көремиз. С.Қаниязовтың «Алтын жағыс» мемуарлық шығармасы да 2007-жылы баспадан шығарылып, оқыўшылар дыққатына усынылды. Басқа тараў ўәкиллери де әдебий дөретпелер менен шуғылланды. Көркем сөз устасы А.Султановтың «Дөҳмет» кинороманы ҳәм «Елим деген ер еди» романлары баспадан шықты[74]. А.Султанов та илимпазлық жумыс пенен жазыўшылықты, драматург ҳәм шайыршылықты бирлестирди. Ол аўдармашы сыпатында да искерлик көрсетти. Қырғыз жазыўшысы Ш.Айтматовтың романларын қарақалпақшалады. Оның стилинде аўдармашылық, илимпазлық ҳәм шайыршылық тәсир еткенлигин көремиз. Журналист ретинде де айырым жыллары ислегенлиги, басшы жумысларда да ис алып барғанлығы оның стилинде өз изин қалдырады. «Дөҳмет» кинороманының атамасынан да тийкарғы дыққат адамлар арасындағы унамсыз иллетлерден бирине қаратылады. Репрессияға жазықсыз ушыраған А.Досназаровтың қайғыға толған тәғдири, заманы сүўретленеди. Прозаик гейде турмыстағы екинши дәрежели ўақыяларды да дизип сүўретлейди. Тийкарғы қаҳарман Аллаярдың өзгешелигин көрсететуғын ўақыяларды таңлап киргизиў мақул болады. Дурыс, жазыўшы қаҳарманының жеке өмириндеги ҳәдийселер де қайғылы болғанлығын белгилейди. «Елим деп еңиремесең» романында Аллаярдың пидайылығы сүўретленген. А.Султанов стилинде шайыршылық излерин бақлаў мүмкин. А.Султановтың авторлығында поэзиялық топламлары да дағазаланды. Ш. Айтматов ҳәм

[74]**Султанов А.** Дөҳмет.-Нөкис:Билим,2088.-160-бет.

қарақалпақ әдебияты бойынша монографиясы да жарық көрди[75]. Прозаик Г.Есемуратованың «Жийрен» повести менен көркем сөз устасы Ш.Айтматовтың «Ыразы бол, Гүлсары» шығармасын салыстырмалы бағдарда изертледи. Изертлеўшилик мийнетиниң нәтийжесинде оның илимпазлық искерлиги де стилинде билинеди. Мәмлекетлик ғайраткер А.Досназаровтың өмирине байланыслы тарийхта сақланған ҳүжжетли дереклерди жалықпай үйренгенлигин көремиз. Демек, романлар жазылып атыр.

## ТАРИЙХЫЙ РОМАНДА ОБРАЗ ДӨРЕТИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

Белгили көркем сөз шебери А.Әбдиевтиң «Өмир. Өлим ҳәм өмир» атлы дилогиясы «Әмиўдәрья» журналының 2023 - жылғы ҳәм 2024-жылғы санларында жәрияланды. Бул көлемли шығармасы 2025-жылы «Әййемги қарақалпақлар» атамасы менен жәрияланды[76]. Қәлем ийеси жасаған образлар арасында прототиплер тийкарында жаратылған Тумар ҳәм Қайруш – Кир образлары айрықша дыққат қаратады. Буларды профессор С.Баҳадырованың «Тумарис ҳәм Кир» атлы повести, Ҳ.Өтемуратованың «Тумарис» атлы тарийхый романларында дөретилген образлар, өзбек прозасында Миркарим Асим дөреткен Тумарис образлары менен салыстырып үйрениў талап қылынады. Миркарим Асим Тумаристиң мәртлигин шебер сәўлелендиреди. С.Баҳадырова

[75]**Султанов А.** Ш. Айтматов ҳәм қарақалпақ әдебияты.- Нөкис: Билим, 2010.- 67- бет.

[76] **Әбдиев А.** Әййемги қарақалпақлар. –Ташкент: Елнурпринт, 2025.-368 бет.

Тумаристиң әскерий сәркарда сыпатындағы жаўынгерлигин, ана ретиндеги ишки толғанысларын көркем сүўретлейди. Әсиресе, Тумаристиң баласы өлген пайытындағы қайғыларын шебер сәўлелендиреди. А.Әбдиев Пиржан менен Тумар арасындағы сезимлерин шебер береди. Ҳ.Өтемуратова Тумарис образында ишки кеширмелерин бериўге ҳәрекет етеди[77]. «Тумарис от отырымына ҳәзирлик көриўге буйрық бергели ҳәмме қулшынысып иске киристи. Қуяш қудайы Ҳәмраның әтөшкири аўырыў-сырқаў, қәстеликти, сатқынлықты, қыянеткерликти, өтирикшилик-ялған сөзлилик, қызғаншақлықты, ала аўызлылықты қып-қызыл шоққа айналдырып, яқыт ғозларды аўдарыстырады. От жайлысы оғада қәстерли! Қуяш тәңрим өзи жарылқағай, қоллап-қуўатлағай? Садақаға сойылатуғын ақ боз атларды, өгизлерди де, буғаларды да бөлек бағып атырғанлары қашшан. Кеўил мүлки деген кийели екен. Ол кеўил қалыспақлардан соң бираз тыртым қалды. Исенген адамларының көз алдында салмағын жойтқаны ойландырды. Майда-шүйде қара геллениң ғамы ушын киндик қаны тамған қәсийетли – кийели ата мәканды ултарақ қурақым көрмей алмастырар кимселер әжийнесин тырыстырды. Бир тарақ тислем нан ушын сатқынлыққа таяр гейбиреўлердиң тек тил ушында мәргиялы «туўған жер» деген сөзди айтарын сезгендей болды. Тумарис түсинде аспан көкке пәрўаз етип, қанат байлап ушып жүр екен. Өзинше алдағы урыс-жулысларда азғантай болсақ та, жеңиске жетисермиз деп сайбағыслады. Жеңис! Сен қара мийнет пенен келерсең. Саған ерисиў асан болмас. Сен бизлердики болыўың тийис. Ақыры бизлер киндик қан тамған ана жерди қорғаймыз,

[77] **Өтемуратова Ҳ.**Тумарис.- Нөкис:Авангард, 2025.-36 бет. Патша Тумарис. –Нөкис:Авангард, 2025.-56 бет.

нийетимиз изги. Сонда да, түс жорыўшы Ымсынайды алдырып еди, оның айтқанлары өз ойы менен сабақлас шықты. Шүкиршилик етип қойды. Ол азыкем әскери менен саўаш майданына шығажақ. Бул сондай бир алпаўыт алыс-жулыс-керис болажақ? Ол тағы да алдағы саўаш-қағыслар туўралы ойланды. Ол машқылар өткерилетуғын алаңлықта да ашыўлы жүрди. Шынығыўлардан, қылышпазлық ҳәм найзапазлықтан кейин ат үстинде сейил етип, бираз далалықларды гезди. Бир пада мал айдап баратырған еки мал шопанның ҳәрекетлери гүдикли көринди. Бул сақшылары менен оларға жақынлап барды. Басы таз, ҳәкери, ғарры падашы Манас алақуйын етип патырақлатып малларды айдады. Дәнияр, оның жәрдемшиси гүмансырап, көз астынан буларға телмирди. Қапталындағы қараўыл баслығы сорастырып, булардың жаў тәрепке бағдар алғанлығын сезди. Әскерлерге мал-ҳәлди айдаўды буйырып, еки падашыны да тутқынға алды. Билеклери шырмалған қос бенде ат алдына түсти. Патшайым бул малбаққышлардың озбырлығына, сатқынлығына аң-таң. Малбағарлар көл-көсир жылап-еңиреп, жалынып-жалбарынады. Урыс пайытында сатқынлық еткен бул жуп қыянеткерди ол жазалатпақты мақул көрди. Қыянеткерлердиң үлкени-кишиси болмайды. Сатқынлық деген ала кесел жуқпалы екен, ел-журт пайдасын аяқ асты еткенлердиң жазасы аўыр. Кир патша әдеўир ойланып қалды. Бул елат бираз қупыя, жумбақ екен. Анаў күнги боран-даўыл-жамғырдан кейин бул қорқып қалғандай болды. Ҳеш нәрсесиз қуры қол ғарры-ғуртаңның көрсеткен кәраматы жүрегин шайлықтырды. Булардың мәкан басқан сахра даласы да сыйқырлы ма? Тилсимли ме? Соншалық еллерди жаўлап алды, бундай бәле-метерлерди биринши рет ушыратыўы. Әстаўпуралла? Буларда адамлары да қартайған сайын күшейе

ме дедим? Мәпиликлер дегениң шыйрақ, жигирма бес жасар ғошшақлардай тайнапыр, дуғыжым бола ма? Оның басы зар қақсап аўырды. Дөгерек-дашына гүдиксиреп, гүманланып тигилди. Бул журтлар басқаша екен, түсиниксиз, адамлары да сыйқыршы ма? Ол изли-изинен қадақларды босатып, мәс болып баслады. Кеўлине уялаған қорқыныш-сескениў сезимлери алай-дүлей, уйқы-туйқы. Өмиринде биринши мәрте сасқалақлаўы, албырақлаўы шығар? Ол өзин әдеўир алдырып қойғанын сезинди. Қосымша және де әскерлерди нөпир етип алдырмаса болмас? Тумарис машқы майданында батырлар жекпе-жегин тамашаламақшы. Айбар батыр, ири денели, дуғыжым еркек қылышын қолға услап, ортада гезип жүрипти. Оған қарсы жаў-жарақлы Нурмамбет шықты. Екеўи алысып кетти. Биреў-биреўине баш бермей, қарыў-ғайраты тула-бойларын тырыстырған еки жаўынгер узақ шайқасты. Бақберген менен Сапарбайдың алыс-жулысы да ет қайнатым созылды. Булардың алысыў тәсиллерин барлаған ол бир талай ойларға берилди».

Ҳ.Өтемуратованың «Тумарис» ҳәм «Патша Тумарис» романларында оның ел бийлеў, патшалық етиўи, әскерий жүрислердеги ерлик-қаҳарманлығы, жаўынгерлиги, ел-пуқаралар-улыс тынышлығы ушын пидәкерлиги, мийирманлығы, баласына баўырманлығы, ақлығына жан ашырлығы, қонақшыллығы, дилўарлығы, әпиўайы турмыстың қәдирин билиў, пуқараларға ғамхорлық, жан күйерлик сыяқлы пазыйлетлери кең ашылады. Адамлар арасындағы қызғаншақлық, өсекшиллик, ала аўызлық, қыянет-сатқынлық, биреў-биреўди көре алмаўшылық, урлық, алдаўшылық ҳ.т.б. инсанға жат қәсийетлер туўралы жазыўшының ойлары бериледи. Романды оқыған адам усындай жуўмақларға келери сөзсиз. Фольклорлық мийрасларымыздан, терме-толғаў, ертек,

қосық, халық прозасы үлгилеринен қәлем ийеси көркем пайдаланады. А.Әбдиев бул тарийхый темадағы дөретпесин төмендеги ҳүжжетли дереклер тийкарында жазғанлығы мәлим болады: -Грек илимпазларының мийнетлери, аўызша аңыз – әңгимелер, ҳәр қыйлы жазба дереклер ҳ.т.б. Романның көркем текстинде «Ҳаяллар патшалығы ҳаққында ертек» киргизиледи, Данай хан, Искендер образлары дөретиледи. Қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелериниң үлгиси саналған бул ертек романның көркем текстинде көп түрли хызмет атқарады. Тумар заманасын бериўде ертектиң әҳмийети үлкен. Әсиресе, романда әййемги дәўирлердеги қарақалпақлардың тарийхын көркем сүўретлеген. Тумар, Пиржан образлары қоспалы етип жасалады. Сапарқаған, Айшолпан образлары да өзгеше жасалады. Қаракөз айым, Қаратас сыяқлы қаҳарманлар да қатнасады. Қуяшай ана, Урқан баба, Қара Алп Сак пенен Ақ Ала Сак, Ай Алпын бас сәркарда, Аймурат аңшы образлары да қызықлы жаратылады. Тумардың Шамшырақ аты да образ дәрежесине көтериледи. Дәстанлардағы Кербийе, Торыша атлар сыяқлы көрсетиледи. Илимпаз К.Палымбетовтың «Қоблан» дәстаны ҳаққында изертлеўлеринде де ат образы туўралы сөз жүргизиледи. К.Каримовтың «Уллы дашт бөрилери» атлы тарийхый романында Алпамыс батырға байланыслы ертекте де илаҳийда ат образы – Ақбоз ат дөретиледи. Көркем сөз устасы ҳәр бир образды өзгеше,тәкирарланбас қәсийетлерин көрсетиўге умтылады. Адамның, оның әўладларының тәғдири алдын-ала белгиленип қойылады, сыяқлы жуўмақлар пайда болады. А.Әбдиев диний мазмундағы әдебиятларды да терең үйренгенлиги мәлим. Роман пролог пенен басланады. Диний аңыз-әпсаналар, дүньяның жаратылыўы ҳаққында көркем пикирлер баянланады. А.Әбдиев көркем қыялын шарықлатып,

образлардың психологиялық кеширмелерин, сезимлерин береди. Романның атамасы оқыўшыны әдеўир ойландырады. Философиялық мәни аңлатыўшы атамада өмир ҳәм өмир ҳаққында пикирлер бериледи. Ҳәр бир дөретпеде белгили мәни аңлатылады.

Қарақалпақ прозасының раўажланыўында белгили жазыўшы, Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты А.Садықов дөретиўшилиги айрықша орын ийелейди. Ол 1946-жылы Қоңыратта туўылды. А.Садықов тарийхый темада жазыўшы сыпатында халқымызға белгили болды. Ол гүрриң ҳәм повестьлери менен де көпшиликке танылды. Ол 1971-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын питкергеннен кейин Қоңырат районында муғаллим, республикалық «Жеткиншек» газетасында әдебий хызметкер, Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши, «Қарақалпақстан» баспасында редактор лаўазымларында узақ жыллар даўамында жумыс ислейди. Оның «Хош дилбарым, хош қылықлы қыз единң» повести 1982-жылы баспадан шығарылды. «Бостансыз бүлбил» романы 1988-жылы, «Таста да гүллейди» романы 1991-жылы жарыққа шықты. А.Садықов прозасын профессорлар Қ.Жәримбетов, С.Баҳадырова менен П.Нуржановлар кеңирек изертледи[78].

Алым П.Нуржанов «Романшылығымыздың белгили ўәкили», «А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романында Бердақ образы: дәреклери ҳәм раўажланыў эволюциясы» атлы илимий мақалаларында оның романлары туўралы сөз етти. Оның романлары туўралы «Әдебият ҳаққында ойлар» атлы

---

[78] **Баҳадырова С.** «Китабы дедем Қорқыт», «Қоблан». «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар.-Нөкис:Қарақалпақстан,1982.-143-145-бетлер. Нуржанов П.Әдебият ҳаққында ойлар.- Нөкис:Билим, 2023.-336 бет.

илимий изертлеў жумысында кең түрде пикир көрсетиледи. А.Садықов Бердақ образын көркем жасаған жазыўшы сыпатында кеңнен белгили болды. Оның ең тийкарғы көлемли прозалық шығармасы – «Таста да гүллейди» романы менен тарийхый темада жазылған «Бостансыз бүлбил» романы есапланады. «Бостансыз бүлбил» романы «Қыз бақсы» ҳәм «Бердақ» атамалары менен «Әмиўдәрья» журналының бетлеринде жәрияланды. Кейин прозаик дөретиўшилик қатнас жасап, Бердақ шайырдың «Бостансыз бүлбил» қосығының тиккелей тәсиринде романға жаңадан ат таңлайды.

*Шеңгелге қонған бүлбилдиң,*
*Шымшық қурлым сәни болмас,*
*Ышқысында қызыл гүлдиң,*
*Сайраса дәрманы болмас,-*

деп Бердақ шайыр жазған еди.

Соны да айтып кетиўимиз керек, бул еки китаптан ибарат тарийхый дөретпе жазыўшының өлимине байланыслы питпей қалған. Айрықша, романның прологы көркем дөреген. Тарийхый темада дөретилген көркем дөретпе ушын ҳүжжетлик дереклер сыпатында илимпазлардың изертлеўлери, әсиресе академик С.Камаловтың илимий мийнетлери, Хийўа хроникалары, орыс саяхатшыларының мийнетлери, қарақалпақ халқының аңызлары, шайырлардың дөретпелери – мийраслары пайдаланылған.

Көркем сөз зергерлери Т.Қайыпбергенов, К.Султанов, О.Бекбаўлов, К.Каримов ҳәм К.Мәмбетов тарийхый шығармалары менен салыстырыў арқалы А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романында образ жасаў өзгешеликлери, сюжет, композиция қурыў мәселелери ҳаққында жуўмақлар

жүзеге шығады.[79] Роман сюжетинде буны көриўимиз итимал. Роман пролог пенен басланады. Бул шығармада Бердақ, Ҳүрлиман, Қабыл, Әжинияз, Ерназар алакөз, Өтеш, Арзы аталық, Ерназар кенегес, Қумар ана, Бәйитхан, Жәмет, Еденбай бақсы, Баҳаўатдин ахун образлары жасалады. Бердақ романда бас қаҳарман етип таңланады. Өзбек әдебиятында көркем сөз устасы Айбек «Наўайы» романын жазды. Қазақ жазыўшысы М.Әўезов «Абай жолы» романында Абай Қунанбай улының образын көркем дөреткен еди.[80] «Айдос баба», «Ерназар бий», «Хорезм», «Шежире», «Амангелди», «Еркебай» сыяқлы дәстанлар дөреткен шайыр образын жасаў прозаикке аңсат болмағанлығы сөзсиз. Бердақ шайыр образы ҳаққында аңыз-әпсаналарда да сөз етиледи. Бердақ шайырдың образын дөретиўши инсан ретинде көркем сөз устасы раўажландырғанлығы белгили болады. Бердақ, Әжинияз ҳәм Өтеш шайырлар қатнасқан көркем туўындыда прозаиктиң изленислери айқын көзге түседи. Бердақ шайырдың «Айдос баба» дәстанының дөретилиў тарийхы туўралы жазылады. Бердақ бул дәстанында Айдос ҳаққындағы аңызларды, аўызша әңгимелерди пайдаланады. Узақ ўақытлар даўамында Айдос образын қалай етип дөретиў туўралы толғаныслары роман бетлеринде сүўретленген. Бул дәстанды Бердақтың тойға жыйналған халық алдында атқарыўы эпизоды да орын алған. Бердақ пенен Әжинияздың ушырасыўы да баянланады. Көркем сөз зергери Әжинияздың эпизодлық образы ҳаққында сөз етиў талапқа ылайық. Өтеш шайыр образында оның сатиралық шығармалар дөреткен шайыр

[79] **Садықов А.** Бостансыз бүлбил.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.- 320 бет. К.Каримов К.Уллы дашт бөрилери.- Нөкис:Билим, 2014. -280 бет. Аққапшық. –Үргениш:Хорезм, 2016.-168 бет.Аға бий.- Нөкис:Билим, 2017.- 356 бет. Мәмбетов К. Посқан ел.- Нөкис:Қарақалпақстан, 1988.- 564 бет.

[80] **Әўезов А.** Абай жолы.- Алматы:Жазушы, 1989.-606 бет.

ретиндеги келбети ашылады. Жийен жыраўдың әўлады Өтеш образы ҳәзил-дәлкек устасы сыпатында сәўлеленген. Жәмет образы сатиралық жобада сүўретленеди. Арзы аталық образы ҳаққында халық арасында оғада көп санлы әңгимелер сақланған. «Арзы қосқа адам қосты» деген гәплер бар. Арзы образы көркем сөз зергери К.Мәмбетовтың «Бозатаў» тарийхый шығармасында да жасалған еди. Еки прозаик дөреткен образды салыстырып қарағанда, ҳәр бир қәлем ийеси прототиптиң ең тийкарғы белгилерин алғаны мәлим болады. Оның жүйрик атларға ышқыпазлығы да сүўретленеди. Ақша аттың сейиси Сейилхан образы да халық арасында сақланған сөзлерге таянады. Ақша аттың шабысы романда көркем сүўретленген. Жазыўшының қыялынан жасалған Кәрим образы да усы атқа қараўшы жигит сыпатында бериледи. Фантазиядан жаратылған Зулейха образының жуўабыйлығы да белгили. Қарақалпақ айтыслары үлгилерин роман көркем текстинде ушыратамыз. Ҳүрлиман уллы шайырдың перзенти сыпатында сүўретленеди, оның Қабыл менен қыз-жигитлер зыяпатында - отырыспақта отырыўы, жумбақлардың шешимин табыўы сүўретленеди. Қарақалпақ аўызеки әдебиятының үлгиси саналған жумбақлардың роман текстине киргизилиўи көркемлик талапларына хызмет етеди. Ҳүрлиманның хош ҳаўаз бақсы сыпатында қәлиплесиўи көрсетиледи. Бирақ, «Бостансыз бүлбил» романында оның образы толық ашылмай қалған. Қабыл образы да сондай. Ерназардың анасы Қумар аналық образы өзгеше жасалды. А.Садықов дөреткен Ерназар алакөз образын Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» эпопеясында ҳәм К.Султановтың «Әжинияз» романында жасалған образларға салыстырып қарағанда бир қанша өзгешеликке ийе. Оның Бердақ пенен сәўбети романда

сәўлеленген. Лекин, оның пикирлеринде қайшылықлар сезиледи. Ерназар кенегес негизги қаҳарманлардың бири сыпатында көркем шығармада ҳәрекет етеди. Ол Ерназар алакөз басқарған көтерилистиң жеңилиўинде тиккелей айыплы етип көрсетиледи. Негизинде, оның образы бир қанша қоспалы сыпатқа ийе. Тарийхый темада дөретилген туўындыда жазыўшының көркем қыялынан жасалған Кәрим, Мәлийка, Жарақпан, Зулайха, Әнийпа, Дәўлет, Айымбет, аш Ерназар, Сереке, Амандурды ҳ.т.б. образлары белгили болды. Сейислер ҳаққында халық аңызлары романда көркем бериледи. Сюжет аңызлар негизинде раўажландырылады. Көркем сөз зергери К.Каримовтың «Аққапшық» романында да образ жасаўда өзгешеликлери мәлим[81]. Көркем сөз шебери Еркинбай, Дәрьябай, Айшолпан, Беркинбай образларын фантазиядан жаратады. Әсиресе, уры Дәрьябайдың образын жаратыўда алым Қ.Айымбетовтың «Өткен күнлерден елеслер» ҳәм «Халық даналығы» китапларының орны гиреўли болған. Көркем сөз шебери А.Садықов көркем қыялдан қаҳарманлар жаратыўда Бердақтың өз қосықларынан шебер пайдаланады. Диалогларды көркем қолланғанлығы жазыўшының ең тийкарғы табысларының бири сыпатында дыққат аўдарады. Юморлық, сатиралық, гротесклик сүўретлеўлерден де утымлы пайдаланады.

Француз жазыўшысы Альфред де Виньи романында пейзажлар, диалоглар, монологлар, түс көриў эпизодлары, эпиграфлардың шебер қолланылыўы дыққат аўдарады. «Шығарып салыў» атлы бапта инглис шайыры Байронның

---

[81] **Каримов К.** Аққапшық.- Үргениш: Хорезм, 2016.-268 бет. Каримов Б.Н. XX аср ўзбек адабиётшунослигида талқин муаммоси ( қодирийшунослик мисолида).- Филол.фанл.док.дисс.автореф. –Тошкент: 2002, 46 бет.

еки қатар қосығы келтириледи: «-Прощай, и если навсегда, То навсегда прощай[82]». Төртинши бап «Суд» деп аталған ҳәм бул бапқа эпиграф сыпатында Дантениң «Илаҳий комедия» шығармасынан үзиндилер таңланған.

*« -О божья месть, как тяжко устрашен,*

*Быть должен тот, кто прочитает ныне.*
*На что мой взгляд был въяве устремлен.»[83]*

Бул қатарлардың мазмунында қудай жазалаўы, оның қорқынышлы екенлиги, автордың көзқараслары ҳаққында пикирлер келтириледи. Жигирма үшинши бап «Айралық» деп аталған ҳәм Лафонтенниң «Айралық зулымлыққа эпиграф сыпатында пикирин келтиреди[84]. Францияның сол замандағы тәбияты көркем етип бериледи.

Француз әдебиятының ўәкиллери А.Дюма, Ш.Лоранның тарийхый темада жазылған романларынан, жер жүзилик прозадағы тәжирийбелерден қарақалпақ жазыўшылары да дөретиўшилик пенен үйренди. Өзбек прозасындағы роман дөретиў тәжирийбелеринен де қарақалпақ прозаиклери кеңнен үйренгенлиги мәлим болады. Әлбетте, әдебиятта дәстүр ҳәм жаңашыллық мәселелери бойынша илимпазлар өз жумысларында сөз еткенлиги белгили болады. Ш.Уснатдиновтың «И.Юсупов. Шынтлап сүйген кеўил азаплары» атамасы менен романынан үзинди «Әмиўдәрья» журналының 2016-жылғы 2-санында жарық көрди.[85] Бул шығармада көркем сөз зергери И.Юсупов ҳәм оның өмирлик

---

[82] **Альфред де Виньи.** Сен Мар.-Ташкент:Шарк,1993.-5-бет.

[83] Сонда, 45-бет.

[84] Сонда, 278-бет.

[85] **Уснатдинов Ш.** И.Юсупов. Шынтлап сүйген кеўил берилмес.-Әмиўдәрья, 2-сан, 2016, 4-36-бетлер.

жолдасы Бийбизада, Ханбийби елти, Мәден, Палзада, Мәтеке ақсақал, Әмет, Айымхан сыяқлы қаҳарманлар қатнасады. Қәлем ийеси ҳәр бириниң өзгешелигин ашып бериўге ҳәрекет етеди. Әсиресе, шайыр И.Юсуповтың сезимлерин сүўретлеў көркем иске асырылады. Әлбетте, бул дөретпени тарийхый темада жазылған шығармалар қатарына қоса алмаймыз, себеби прототиплер тийкарында образлар жасалғанда, тарийхый шынлық негизинде сюжет раўажланғанда, автор менен қаҳарман арасында белгили бир ўақыт қашықлығы өтиўи, сақланыўы керек болады. Ш.Уснатдинов шайыр менен заманлас болған. Сонлықтан да, оның образы шебер жасалады. Демек, прозаиклердиң изленислери мәлим болады

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Өзбек ҳәм қарақалпақ жазыўшыларының бир-биринен тәжирийбе үйренгенлиги, А.Қәдирий сыяқлы көркем сөз зергериниң мийрасы прозаиклер, бәримиз ушын үлги сыпатында орны айрықша екенлиги, образлар жасалыўда, сюжет дүзиўде, композиция ҳәм конфликт мәселелеринде изленислер, аўдарма тараўындағы табыслар, утыслар мәлим болады.

Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романлары жанрлық-стильлик, дәстүрлер ҳәм жаңашыллық, образлар жасалыўы, сюжетлердиң раўажланыўы, композиция қурылыўы, символ, пейзажлар, портретлер, деталь-лардың жаңаша, өзгеше пайдаланылыўы,  сатира, ирония, гротеск, пародиялық ҳәм фантастикалық сүўретлеўлери менен дыққат қаратады, модернизм, постмодернизм ағымларының тәсири сезиледи.

## МАЗМУНЫ

КИРИСИЎ ........................................................................................3
Романларды классификациялаў ...............................................................9
Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларында
прототип ҳәм образ жасаў мәселелери.......................................10
Өзбек ҳәм қарақалпақ тарийхый романларының
сюжетлик дүзилиси ҳәм композициялық раўажланыўы..... ..53
Көркем детальлардың тарийхый романларда
қолланылыў өзгешелиги ҳаққында......................................... ...80
Тарийхый романларда көркем ўақыт ҳаққында.................. ...82
Тарийхый романларда эпиграфлар......................................... ...83
Тарийхый романда көркем қыялдың хызмети..................... ...85
Қарақалпақ романларының раўажланыў бағдарлары.......... ...87
Тарийхый романда көркем қыялдың хызмети..................... ...85
Тарийхый романда образ дөретиў мәселелери......................102
ЖУЎМАҚЛАЎ ........................................................................ 114

**Х.УТЕМУРАТОВА**

# ЖАЗЫЎШЫ ҲӘМ ТАРИЙХЫЙ РОМАН

*(МОНОГРАФИЯ)*

НӨКИС – «AVANGARD BASPA» – 2026

Редактор: *И.Сержанов*
Тех.редактор: *Н.Қайыпбергенова*
Оператор *Д.Сапаева*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты:24.07.2026. Қағаз форматы: $60x84^1/_{16}$. Кегль 13. Гарнитурасы: «Times New Roman». Офсетли басылым. Көлеми 7,25 б/т.; Жәми 100 нусқа. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №018

951432-санлы лицензия: 15.02.2021.

«AVANGARD BASPA» баспасы, 230100, Нөкис қаласы, Ислам Каримов көшеси, 111 жай.

«AVANGARD BASPA» ЖШЖ де басып шығарылды.